

**TEORI FUNGSI, LINGKUNGAN TINDAKAN, CARA
NEPANGAKEN PARAGA, SAHA SKEMA STRUKTUR DENING
VLADIMIR PROPP ING
DONGENG AJISAKA SAHA KI AGENG SELA
Anggitanipun: Ki Hadisukatno**

SKRIPSI

Dipunaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Salah Satunggaling
Sarat Pikantuk *Gelar*
Sarjana Pendidikan




dening
Gunadi Pratomo
NIM 10205244006

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2014**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan Teori *Fungsi, Lingkungan Tindakan*, Cara Nepangaken Paraga, Saha *Skema Struktur* Dening Vladimir Propp ing Dongeng Ajisaka saha Ki Ageng Sela anggitanipun Ki Hadisukatno menika sampun pikantuk palillah dening *pembimbing* sarta sampun samekta ing pandhadharan.



Yogyakarta, 2 Mei 2014

Pembimbing,





Drs. Afendy Widayat, M. Phil

NIP. 19620416 1999203 1 002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan Teori *Fungsi, Lingkungan Tindakan*, Cara Nepangaken Paraga, Saha *Skema Struktur* Dening Vladimir Propp ing Dongeng Ajisaka saha Ki Ageng Sela anggitanipun Ki Hadisukatno menika sampun dipunandharaken wonten ing *pendadaran* sangajenging *Dewan Penguji* wonten ing tanggal saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

| Asma | Jabatan | Tapak Asma | Tanggal |
|-----------------------------|--------------------|---|-------------|
| Drs. Hardiyanto, M.Hum | Ketua Penguji |  | 30 Mei 2014 |
| Dr. Purwadi, M.Hum | Sekretaris Penguji |  | 30 Mei 2014 |
| Dr. Suwardi, M.Hum | Penguji I |  | 30 Mei 2014 |
| Drs. Afendy Widayat, M.Phil | Penguji II |  | 30 Mei 2014 |

Yogyakarta, 30 Mei 2014

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,




Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.
NIP. 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tandha tangan ing ngandhap menika, kula :

Nama : **Gunadi Pratomo**

NIM : 10205244006

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa


Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika minangka asiling panaliten kula piyambak. Samangertos kula *karya ilmiah* menika boten ngewrat *materi* ingkang kaserat dening tiyang sanes, kejawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pethik sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kula serat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 2 Mei 2014

Panyerat



Gunadi Pratomo

SESANTI

Hanggayuh sarjana laku nastiti, nestapa, kulina, diwasa, santosa, engetan, dalah santika.

PISUNGSUNG

Karya ilmiah menika kula pisungsungaken dhumateng Rama lan Ibu minangka lumantaraning gesang kawula.

PRAWACANA

Tansah konjuk rasa syukur alhamdulillah ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Agung, ingkang sampun paring lumubering rahmatipun dhateng panyerat saengga skripsi kanthi irah-irahan “Teori *Fungsi, Lingkungan Tindakan*, Cara Nepangaken Paraga, Saha *Skema Struktur* Dening Vladimir Propp ing Dongeng Ajisaka saha Ki Ageng Sela anggitanipun Ki Hadisukatno” menika saged kaimpun kanthi nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar sarjana pendidikan*.

Panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng Bapak Drs. Afendy Widayat, M. Phil minangka Dosen Pembimbing skripsi ingkang sampun paring wewarah ing kula. Salajengipun dhateng pihak-pihak ingkang sampun paring bab-bab ingkang murakabi tumrap panyerat satemah mujudaken skripsi menika. awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng:


1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat skripsi.
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. Minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh saha pandom salebeting kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
3. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati minangka Penasehat Akademik ingkang sampun paring piwulang saha wejangan ing salaminipun sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
4. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi tumrap panyerat.
5. Para Kulawarga ingkang sampun paring panyengkuyung saha paring donga tumrap panyerat.
6. Para kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2010 mliginipun kanca-kanca kelas G minangka kanca nalika bingah saha susah.

7. Sadaya pihak ingkang sampun paring panyengkuyung.

Skripsi menika temtu kemawon tasih dereng saged kawastanan sae saha jangkep. Pramila saking menika sadaya pamanggih ingkang saged damel kasampunanipun skripsi menika tansah katampi kanthi rasa bingah saha kanthi aturing panuwun ingkang mapinten-pinten. Mugi-mugi skripsi menika tansah saged murakabi tumrap para pamaos. Wasana nyuwun agunging pangapunten saha maturnuwun.

Yogyakarta, 2 Mei 2014

Panyerat,



Gunadi Pratomo

WOSING ISI

| | Kaca |
|------------------------------|------|
| IRAH-IRAHAN | i |
| PASARUJUKAN | ii |
| PANGESAHAN..... | iii |
| WEDHARAN | iv |
| SESANTI | v |
| PISUNGSUNG | vi |
| PRAWACA..... | vii |
| WOSING ISI..... | ix |
| <i>DAFTAR CEKAKAN</i> | xiii |
| <i>DAFTAR TABEL</i> | xiv |
| <i>DAFTAR GAMBAR</i> | xv |
| SARINING PANALITEN | xvi |
| BAB I PURWAKA | 1 |
| A. Dhasaring Panaliten | 1 |
| B. Underaning Perkawis | 4 |
| C. Watesaning Perkawis | 5 |
| D. Wosing Perkawis | 6 |
| E. Ancasing Panaliten..... | 6 |
| F. Paedah Panaliten | 7 |
| G. Pangertosan | 7 |

| | |
|---|----|
| BAB II GEGARAN TEORI | 9 |
| A. Dongeng | 9 |
| B. Teori Vladimir Propp | 14 |
| 1. <i>Fungsi-fungsi Pelaku</i> | 20 |
| 2. <i>Lingkungan Tindakan</i> | 28 |
| 3. Cara Nepangaken Paraga ing Cariyos | 30 |
| 4. <i>Skema Struktur</i> | 31 |
| C. Panaliten ingkang Jumbuh | 32 |
| D. Nalaring Pikir | 33 |
| BAB III CARA PANALITEN | 35 |
| A. Jinising Panaliten | 35 |
| B. Pendekatan Panaliten | 35 |
| C. <i>Data saha Sumber Data</i> | 36 |
| D. Cara Ngempalaken <i>Data</i> | 37 |
| E. Pirantining Panaliten | 37 |
| F. Cara Nganalisis <i>Data</i> | 38 |
| G. Validitas lan Reliabilitas | 40 |
| BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN | 42 |
| A. Asiling Panaliten | 42 |
| 1. Dongeng Ajisaka | 42 |
| 2. Dongeng Ki Ageng Sela | 46 |
| B. Pirembagan | 50 |
| 1. Dongeng Ajisaka | 51 |

| | |
|---|-----|
| a. <i>Fungsi-fungsi Pelaku</i> | 51 |
| 1) <i>Paragraf 1</i> | 51 |
| 2) <i>Paragraf 2</i> | 55 |
| 3) <i>Paragraf 3</i> | 56 |
| 4) <i>Paragraf 4</i> | 60 |
| 5) <i>Paragraf 5</i> | 63 |
| 6) <i>Paragraf 6</i> | 65 |
| 7) <i>Paragraf 7</i> | 69 |
| 8) <i>Paragraf 8</i> | 71 |
| 9) <i>Paragraf 9</i> | 73 |
| b. <i>Lingkungan Tindakan</i> | 74 |
| c. <i>Cara Nepangaken Paraga</i> | 82 |
| d. <i>Skema Struktur</i> | 87 |
| 1) <i>Skema struktur</i> miturut <i>garis sintagnatis</i> | 87 |
| 2) <i>Skema struktur</i> miturut <i>paradigmatis jumbuhing</i> <i>kronologi kaliyan fungsi</i> | 89 |
| 2. <i>Dongeng Ki Ageng Sela</i> | 94 |
| a. <i>Fungsi-fungsi Pelaku</i> | 94 |
| 1) <i>Paragraf 1</i> | 94 |
| 2) <i>Paragraf 2</i> | 96 |
| 3) <i>Paragraf 3</i> | 100 |
| 4) <i>Paragraf 4</i> | 102 |
| 5) <i>Paragraf 5</i> | 107 |
| 6) <i>Paragraf 6</i> | 109 |
| 7) <i>Paragraf 7</i> | 114 |
| 8) <i>Paragraf 8</i> | 115 |

| | |
|---|-----|
| 9) <i>Paragraf 9</i> | 117 |
| b. <i>Lingkungan Tindakan</i> | 121 |
| c. Cara Nepangaken Paraga..... | 127 |
| d. <i>Skema Struktur</i> | 133 |
| 1) <i>Skema struktur</i> miturut garis <i>sintagnatis</i> | 133 |
| 2) <i>Skema struktur</i> miturut <i>paradigmatis jumbuhing kronologi kaliyan fungsi</i> | 135 |
| 3. Tetandhingan Dongeng Ajisaka kaliyan Dongeng Ki Ageng Sela..... | 140 |
| a. <i>Fungsi-fungsi Pelaku</i> | 140 |
| b. <i>Lingkungan Tindakan</i> | 144 |
| c. Cara Nepangaken Paraga..... | 144 |
| d. <i>Skema Struktur</i> | 146 |
| BAB V PANUTUP | 149 |
| A. Dudutan..... | 149 |
| B. Implikasi | 152 |
| C. Pamrayogi | 152 |
| KAPUSTAKAN | 153 |
| LAMPIRAN | 156 |

DAFTAR CEKAKAN

CNP : Cara Nepangaken Paraga

D : *Data*

F : *Fungsi*

I : *Indikator*

L : Lambang

LT : *Lingkungan Tindakan*

P : *Paragraf*

DAFTAR TABEL

| | Kaca |
|--|------|
| <i>Tabel 1 : Fungsi-fungsi Pelaku</i> | 21 |
| <i>Tabel 2 : Analisis fungsi, lingkungan tindakan saha cara nepangaken paraga.....</i> | 39 |
| <i>Tabel 3 : Fungsi-fungsi ing dongeng Ajisaka</i> | 43 |
| <i>Tabel 4 : Fungsi-fungsi ing dongeng Ki Ageng Sela.....</i> | 47 |

DAFTAR GAMBAR

| | Kaca |
|---|------|
| Gambar 1 : Tetandhingan Skema Struktur Umum kaliyan Skema Struktur Ajisaka..... | 92 |
| Gambar 2: Tetandhingan Skema Struktur Umum kaliyan Skema Struktur Ki Ageng Sela..... | 139 |
| Gambar 3: Tetandhingan Skema Struktur Ajisaka kaliyan Skema Struktur Ki Ageng Sela..... | 146 |

**TEORI FUNGSI, LINGKUNGAN TINDAKAN, CARA NEPANGAKEN
PARAGA, SAHA SKEMA STRUKTUR DENING VLADIMIR PROPP ING
DONGENG AJISAKA SAHA KI AGENG SELA
Anggitanipun: Ki Hadisukatno**

Dening : Gunadi Pratomo

NIM 10205244006

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken *fungsi, lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema struktur* ing dongeng Ajisaka saha Ki Ageng Sela anggitanipun Ki Hadisukatno. Panaliten menika kalebet jinis panaliten deskriptif.

Data ing panaliten menika awujud tembung, frasa, saha ukara. Sumbering data kapundhut saking cariyos Ajisaka saha Ki Ageng Sela salebeting buku Kumpulan Dongeng Ajisaka anggitanipun Ki Hadisukatno. Cara ngempalaken data kanthi teknik maos lan nyathet. Pirantining panaliten inggih menika panaliti. Caras bganalisis data migunakaken teknik analisis deskriptif kanti pendekatan objektif ingkang dipunbiyantu kaliyan tabel analisis. Wondene cara ngesahaken data menika migunakaken validitas semantik saha reliabilitas kanthi maos makaping-kaping.

Asiling panaliten kados mekaten. Dongeng Ajisaka ngewrat 18 *fungsi* kanthi umum antawisipun 1) *kejahatan*, 2) *perintah/larangan*, 3) *perintah dipatuhi/ dilanggar*, 4) *peristiwa penghubung*, 5) *keberangkatan*, 6) *perpindahan tempat*, 7) *reaksi pahlawan*, 8) *informasi*, 9) *penetralan (tindakan) dimulai*, 10) *pengejaran*, 11) *tipu daya*, 12) *keterlibatan*, 13) *unsur magis*, 14) *kebutuhan terpenuhi*, 15) *kemenangan*, 16) *hukuman bagi penjahat*, 17) *penjelmaan*, 18) *naik tahta*. Dongeng Ki Ageng Sela ngewrat 16 *fungsi* kanthi umum antawisipun 1) *datang tak terkenal*, 2) *reaksi pahlawan*, 3) *penjelmaan*, 4) *penyingkapan tabir*, 5) *kejahatan*, 6) *pengejaran*, 7) *informasi*, 8) *kemenangan*, 9) *perpindahan tempat*, 10) *perintah/larangan*, 11) *perintah dipatuhi/pelanggaran*, 12) *hukuman bagi penjahat*, 13) *peristiwa penghubung*, 14) *penyelamatan*, 15) *kebutuhan terpenuhi*, 16) *kepulangan*. Sedaya fungsi ing kekalih cariyos kalebet ing sekawan *lingkungan tindakan* ingkang sami. Antawisipun *lingkungan aksi penjahat, aksi pembantu, aksi perantara, saha aksi pahlawan*. Sedaya paraga ing kekalih cariyos dipuntepangaken kanthi cara ingkang beda-beda. Skema struktur ing kekalih cariyos dipunwastani *songsang*.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Sastra menika salah satunggaling asil reriptaning manungsa. Reriptaning sastra menika kaperang dados tiga, inggih menika: *prosa*, *lirik*, lan *drama*. Reriptaning sastra ingkang kalebet *prosa* inggih menika menika: *novel*, *cerkak*, *cerbung*, *dongeng*, *fabel*, *legenda*, lan *mitos*. Tiyang jawi mangertos dongeng menika sampun kawit jaman rumiyin. Limrahipun dipuncariyosaken saking tiyang sepuh dhateng lare-lare kanthi lesan. Pitadosipun lare dhateng dongeng menika gumantung kaliyan caranipun tiyang sepuh nyariyosaken.

Dongeng dados salah satunggaling kabudayan menika kirang langkung amargi tiyang sepuh remen nyariyosaken kanthi makaping-kaping babdongeng-dongeng ingkang limrahipun ngewrat piwulang budi luhung ingkang trep lan sae dipunaturaken dhateng para lare. Pangajabipun tiyang sepuh menika supados ing manah putra wayahipun saged tuwuh budi ingkang luhur. Jaman samenika sampun kathah para pangripta sastra ingkang anggitanipun dipunserat lajeng dipuncithak. Dongeng-dongeng ingkang saderengipun awujud lesan, samenika sampun dipundamel waosan. Ewahing jaman dadosaken sastra lesan langkung dangu langkung kirang tinimbang sastra waosan.

Dongeng menika limrahipunnyariyosaken ampuhing paraga ingkang boten nalar. Tuladhanipun Ajisaka kagungan iket mustaka ingkang dawanipun saged ngubengi wiyaring kedhaton Medhangkamulan. Miturut panaliti, dongeng tiyang jawi menika dereng kathah ingkang ngrembag kanthi gamblang. Kamangka dongeng menika pantes sanget menawi dipunrembag, amargi dongeng menika sanesipun ngwrat piwulang, ugi ngewrat rerigen-rerigen utawi prastawa ingkang dipunwastani *unik*. Tegesipun rerigen ing dongeng menika kadhang kala kirang nalar menawi dipugayutaken kaliyan kahanan ing ndonya kasunyatan. Rerigen-rerigen ingkang dipuntindakaken paraga ing cariyos menika kathah sanget saha karantam miturut kersanipun panganggit. Rantaman rerigen menika saged dipuntliti kanthi pendekatan struktural. Salah setunggalipun pendekatan struktural ingkang dipundamel dening Vladimir Propp.

Sajatosipun sampun wonten ingkang ngrembag dongeng ing Indonesia mawi pendekatan struktural ingkang dipundamel dening Vladimir Propp. Ananging dereng wonten panaliti sanesipun ingkang ngrembag dongeng abasaJawi. Vladimir Propp menika tiyang Rusia ingkang ugi nliti babagan cariyos rakyat ingkang kirang langkung dumugi satus cariyos. Vladimir Propp menika ngrembag babagan struktur narativing cariyos ingkang kalebet tipe *sintagmatik*, ananging langkung nggatosaken rerigen utawi prastawa ing cariyos, salajengipun nembe nggatosaken paraganipun. Pirembagan menika dening Propp dipunsebat fungsistruktural. Saking satus cariyos ingkang

dipuntliti dening Propp menika wonten dudutan ingkang ing jaman samenika dados wewaton para panaliti. Dudutanipun menika lajeng dipundamel buku ingkang irah-irahanipun Morfologija Skazki.

Panaliti migunakaken pendekatan saking Propp menika amargi badhe pados menapa kemawon*fungsi*, *lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema struktur* ingkang trep kaliyan cariyos dongeng abasa Jawi. Kanthi cara boten langsung ugi supados mangertos saged botenipun teori Propp ingkang minangka asil saking panaliten ing Rusia, dipuntrepaken ing dongeng abasa Jawi.

Dongeng ingkang badhe dipunrembag inggih menika dongeng anggitanipun Ki Hadisukatno ingkang irah-irahaning buku inggih menika *Kumpulan Dongeng Ajisaka* wonten ing buku menika boten namung setunggal dongeng, ananging wonten wolung cariyos ingkang awujud cariyos cekak. Dongeng-dongeng ing salebetipun inggih menika Ajisaka, Bima Bungkus, Lebaran, Ki Ageng Sela, Ki Ageng Pandhanarang, Sunan Kalijaga, Abunawas I, lan Abunawas II. Ananging dening panaliti namung kalih cariyos ingkang badhe dipun rembag ing panaliten menika. Inggih menika dongeng Ajisaka saha Ki Ageng Sela.

Dongeng *Ajisaka* saha *Ki Ageng Sela* dados pirembagan panaliti amargi kekalih dongeng menika ngewrat rerigen ingkang saged dipunsebat *unik*. Tuladhanipun paraga durjana ing kekalih dongeng nindakaken rerigen ewah raga dados kewan. Prabu Dewatacengkar ing cariyos Ajisaka gantos

raga dados *baya putih*, kaki-kaki ing cariyos Ki Ageng Sela gantos raga dados *ula* kados naga. Semanten wonten rerigen ingkang boten dipunsamektakaken ing teorinipun Propp. Tuladhanipun Ajisaka menang saking janji ingkang dipundamel kaliyan Prabu Dewatacengkar, ananging Propp boten nyamektakaken ing *teori fungsi* mliginipun minangka *variasi* saking fungsi *kemenangan*. Mbok bilih samangke wonten rerigen-rerigen sanes ingkang boten dipunsamektakaken ing teori, mila badhe dipunrembag ing panaliten menika. Menawi saking pirembaran menika wonten dhasar ingkang kiat, pramila dipunginakaken kangge *pengembangan* teorinipun Propp. Pramila kekalih dongeng menika pantes dipunrembag mawi pendekatan ingkang dipundamel dening Propp.

Saking andharan ing inggil menika, panaliti damel irah-irahan *Teori Fungsi, Lingkungan Tindakan, Cara Nepangaken Paraga, Saha Skema Struktur* Dening Vladimir Propp ing *Dongeng Ajisaka saha Ki Ageng Sela* angitanipun Ki Hadisukatno kangge ngandharaken struktur naratif dhasar rerigen ingkang wonten ing salebetipun dongeng menika.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten menika, pinanggih perkawis-perkawis ingkang prelu dipunrembag kangge madosi wangsulan ingkang genah lan nyata. Perkawisipun inggih menika:

1. dongeng abasa Jawi dereng nate dipunrembag mawi *pendekatan struktural* Vladimir Propp.
2. *teori struktural* Vladimir Propp dereng nate ngrembag buku *Kumpulan Dongeng Ajisaka*.
3. *teori fungsi* Vladimir Propp dereng nate ngrembag dongeng *Ajisaka saha Ki Ageng Sela*.
4. dereng wonten ingkang mangertos *skema struktur* ingkang wonten ing dongeng *Ajisaka saha Ki Ageng Sela*.
5. cacahing *lingkungan tindakan* ingkang wonten ing dongeng *Ajisaka saha Ki Ageng Sela*.
6. caranipun nepangaken paraga ing cariyos.
7. *fungsi* ingkang saged dados tetenger ing dongeng abasa Jawi.

C. Watesaning Perkawis

Watesaning perkawis antawisipun:

1. *teori fungsi* Vladimir Propp ingkang wonten ing dongeng *Ajisaka saha Ki Ageng Sela*.
2. *teori lingkungan tindakan* ingkang wonten ing dongeng *Ajisaka saha Ki Ageng Sela*.
3. caranipun nepangaken paraga ing cariyos.
4. *skema struktur* cariyos ing dongeng *Ajisaka saha Ki Ageng Sela*.

D. Wosing Perkawis

Adhedhasar watesaning perkawis ing nginggil menika, dipuntemtokaken wosing perkawis. Wosing perkawisipun inggih menika:

1. menapa kemawon *fungsi-fungsi* ingkang wonten ing dongeng *Ajisaka saha Ki Ageng Sela*?
2. wonten pinten *lingkungan tindakan* ingkang wonten ing dongeng *Ajisaka saha Ki Ageng Sela*?
3. kadospundi cara nepangaken paraga ing cariyos?
4. kadospundi *skema struktur* cariyos ingkang wonten ing dongeng *Ajisaka saha Ki Ageng Sela*?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing perkawis menika, ancasing panaliten inggih menika:

1. supados mangertos *fungsi-fungsi* ingkang wonten ing dongeng *Ajisaka saha Ki Ageng Sela*.
2. kangge mangertos panyebaring *fungsi ing lingkungan tindakan* ingkang wonten ing dongeng *Ajisaka saha Ki Ageng Sela*.
3. supados mangertos caranipun nepangaken paraga ing cariyos.
4. ngandharaken bab *skema struktur* cariyos ingkang wonten ing dongeng *Ajisaka saha Ki Ageng Sela*.

F. Paedah Panaliten

1) Kanthi Cara Teoritis

Kangge nambah pangertosan pamaos babagan analisis *fungsi, lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema struktur* ing dongeng dening Vladimir Propp.

2) Kanthi Cara Praktis

- a. Damel gampil para pamaos anggenipun mangertos wosing dongeng abasa Jawi.
- b. Dados referensi kangge para calon panaliti sastra.

G. Pangertosan

1. Analisis *fungsi, lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema struktur* dening Vladimir Propp

Inggih menika teori kangge nganalisis struktur naratif cariyos rakyat kanthi tipe *sintagmatik* ingkang langkung nggatosaken rerigen utaw prastawa ingkang dipuntindakaken paraga ing cariyos.

2. Dongeng

Dongeng menika cariyos ingkang dipuncariyosaken kanthi turunturun, lan boten genah wekdal kadadosaning cariyos. Cariyos ingkang limrahipun nyariyosaken ampuhing paraga saha ngewrat piwulang ingkang saged dipunpundhut lan dipuntrepaken ing pagesangan.

3. Dongeng *Ajisaka* saha *Ki Ageng Sela*

Dongeng *Ajisaka* saha *Ki Ageng Sela* inggih menika cariyos ing salebeting *Kumpulan Dongeng Ajisakaminangka* salah satunggaling buku ingkang isinipun dongeng-cerkak seratanipun Ki Hadisukatno ingkang dados waosan kangge lare-lare. *Kumpulan Dongeng Ajisaka* menika sampun dipunsunting dening E. Suharjendra lajeng dipunterbitaken ing Ngayogyakarta taun 1994.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Dongeng

Dongeng menika kalebet cariyos rakyat lesan. Danandjaja (1994: 83), dongeng inggih menika cerkak kolektif kasusastran lesan. Salajengipun kalebet cariyos kangge panglipur, kathah cariyos ingkang ngewrat kadadosan ingkang nyata, ngewrat piwulang, malah wonten ingkang ngewrat pasemon. Cerkak menika nedahaken *kualitas* ingkang asipat padhet lan gegayutan kaliyan dawaning cariyos saha *kualitas struktural*ipun (Sayuti, 2000: 10).

Miturut Hartoko kaliyan Rahmanto (1986: 34), pangertosan dongeng menika kaperang dados kalih. Inggih menika dongeng rakyat kaliyan dongeng kabudayan. Dongeng rakyat menika dipuncariyosaken kanthi lesan lan turun-tumurun dhateng putra wayahipun. Boten saged dipun padosi sinten ingkang nganggit cariyos menika. Boten genah wekdal lan papan kadadosan. Dongeng kabudayan menika tegesipun dongeng ingkang dipunserat dening pangripta ingkang ambudaya kangge pamaos ingkang ambudaya ugi.

Dongeng limrahipun woten ukara pambuka lan panutup ingkang asipat klise (Danandjaja, 1994: 84). *Dhek jaman biyen* . . . ,lan pungkasanipun: *Ajisaka disubya-subya* Sedaya dongeng jawa menika limrahipun kapurwakan mawi ukara ingkang asipat eksposisi lan pungkasaning cariyos, paraga gesang ayem tentrem salami-laminipun. Boten

namung aluripun kados menika, dongeng ugi ngewrat piwulang budi luhur (Purwadi, 2012: 426), satemah dongeng menika dening tiyang sepuh asring dipuncariyosaken dhateng lare-lare.

Dudutanipun, dongeng inggih menika cariyos rakyat lesan ingkang turun-tumurun, limrahipun sampun nate kadadosan (nyata), ngemot piwulang, ringkes, wonten strukturipun.

Purwadi (2012: 426) ugi ngandharaken jinising dongeng menika kaperang dados tiga. Inggih menika *fabel*, *mite*, kaliyan *legenda*. *Fabel*, inggih menika dongeng bab kewan. *Mite*, miturut Bascom (Danandjaja, 1994: 50) inggih menika cariyos ingkang saestu sampun nate kadadosan lan cariyos menika asipat suci. KBBI (2002: 749) ngandharaken cariyos bab dewa lan bab dedhemit, jim, setan, lsp. *Legenda*, inggih menika cariyos ingkang paraganipun manungsa. Ananging kadhang kala wonten pambiyantu saking bab-bab ghaib. Sami kaliyan mite minangka cariyos ingkang saestu sampun nate kadadosan (Danandjaja, 1994: 50).

Ing bukunipun Danandjaja (1994: 67-83), Jan Harold Brunvand ngandharaken jinising legenda menika kaperang dados sekawan. Inggih menika: *Legenda keagamaan*, *legenda alam ghaib*, *legenda perseorangan*, saha *legenda setempat* ingkang limrahipun nyariyosaken dumadining papan.

Dongeng ingkang badhe dipunrembag inggih menika dongeng anggitanipun Ki Hadisukatno salebeting buku *Kumpulan Dongeng Ajisaka*. Wonten ing buku menika boten namung setunggal dongeng, ananging

wonten wolung cariyos ingkang awujud cariyos cekak. Dongeng-dongeng ing salebetipun inggih menika Ajisaka, Bima Bungkus, Lebaran, Ki Ageng Sela, Ki Ageng Pandhanarang, Sunan Kalijaga, Abunawas I, lan Abunawas II. Saking wolung cariyos menika, wonten kalih cariyos ingkang badhe dipuntliti. Inggih menika dongeng *Ajisaka saha Ki Ageng Sela*.

Miturut riwayatipun, Ki Hadisukatno menika boten namung angripta setunggal buku kemawon, ananging ugi ngripta lagu dolanan enggal mawi laras Jawi kadosta: Jaranan, Prau Layar, Sar-sur, Nora Gampang, Gajah-gajah, Kancil, Ibu Kartini, Anti, Entik, lan sanes-sanesipun. Lan babagan cariyos seratan antawisipun: Ajisaka, Arya Penangsang, Jaka Tingkir, Babad Alas, Bocah Lola, Kancil Nyolong Timun, Sang Garuda, Dhadhung Awuk, Jatiningsih, Raden Ajeng Kartini, Bango Thong-thong, Balada Taman Siswa, lan sanes-sanesipun. Ki Hadisukatno menika sampun kapundhut seda tanggal 12 Nopember 1983.

Dongeng *Ajisaka saha Ki Ageng Sela* samangke badhe dipunanalisisfungsi, lingkungan tindakan, cara nepangaken paraga, saha skema strukturipun. Dipunjumbuhaken kaliyan teorinipun Propp ing *Pengantar Edisi Kedua*, analisis menika kalebet tipe sintagmatik. Ing tipe menika, rantaman struktur dipunandharaken urut runtut miturut kronologi ingkang ngewrat unsur-unsur ing salebeting teks ingkang dipunaturaken informan. Ateges informan menika Ki Hadisukatno minangka panganggit *Kumpulan Dongeng Ajisaka*. Mbok bilih samangke betahaken unsur

*intrinsik*ipun, pramila panaliti badhe ngandharaken pangertosan sekedhik bab unsur intrinsik.

Unsur-unsur *intrinsik* inggih menika unsur ingkang mbangun karya sastra kasebat. Unsur menika ingkang damel dadosing karya sastra, unsur ingkang nyata bakal kapanggihaken menawi pamaos maos karya kasebat (Nurgiyantoro, 2000:23).Inkang kalebet ing unsur *intrinsik* menika antawisipun: *tema, alur, tokoh, watak utawi penokohan, latar, sudut pandang, amanat*, lan sanes-sanesipun. Unsur-unsur menika badhe dipunandharaken ing ngandhap.

*Tema*inggih menika wos saking dhasaring cariyos ingkang pinanggih nalikanipun nggayutaken teges lan ancasing panganggit cariyos. Miturut Scarbach (Aminuddin, 1995: 91) bilih tema *is not synonymous with moral or message. . . . theme does related to meaning and purpose, in the sense. Tema* menika boten sami kaliyan piwulang, ananging minangka panggayut antawisipun teges kaliyan ancasing panganggit.

Alur(Luxemburg, 1986: 149) inggih menika urutan kadadosan ingkang nalar lan *kronologik* ingkang ngengingi utawi dening paraga.Loban (Aminuddin, 1995: 84-85) urutaning alur menika dipundamel langkung jangkep kaperang dados 5. Kawiwitan saking *eksposisi, komplikasi, klimaks, revelasi, penyelesaian yang membahagiakan*. Ananging wonten ugi anggitan ingkang namung dumugi klimaks kemawon. Utawi saderengipun *eksposisi* wonten *tegangan* rumiyin. Menika gumantung panganggit cariyos.

Paraga ingkang ngemban prastawa ing cariyos *fiksi* dipunsebat *tokoh*. *Penokohan* inggih menika gambaran ingkang cetha dhateng paraga wonten ing cariyos (Aminuddin, 1995: 79).

Miturut Hartoko kaliyan Rahmanto (1986: 78), *latar* menika sami kaliyan *setting*. Inggih menika anggenipun mapanaken papan lan wekdal ing cariyos. Nurgiyantoro (2000:227-233), bedakaken unsur *latar* dados tiga: *latarpapan* *latarwekdal*, *sahalatar* sosial.

Keraf (2004: 96-98) ngandharaken bilih *sudut pandang* inggih menika saking pundi cara ningali *sesuatu* ing cariyos. Keraf ugi ngandharaken bilih *sudut pandang* menika saged dipuntingali saking sudut pandang *orang pertama* (aku, awak dhewe), sudut pandang *orang kedua* (kowe), lan *tak berorangan*. Menawi panganggit cariyos menika sampun migunakake sudut pandang orang pertama, pramila boten saged dipunewahi dados orang kedua utawi tak berorangan ing salebeting cariyos. Menika amargi sudut pandang menika minangka *konsistensi* manunggaling cariyos.

Amanat ugi dipunsebat *pesan*. *Pesan* ingkang badhe dipunaturaken dening panganggit dhateng pamaos utawi pamireng. Wonten ing sastra lama menika limrahipun dipunaturaken kanthi cara tersirat, ananging menawi wonten ing sastra modern menika kanthi cara tersurat (Hartoko & Rahmanto, 1986: 10). Menawi ing tiyang Jawi, amanat menika ugi dipunsebat piwulang. Dados ing karya sastra menika kedah dipunpadosi piyambak dening pamaos

utawi pamireng. Kedah milah-milah bab ingkang saged dipuntrepaken ing pagesangan.

Pangertosan-pangertosan ing inggil menika asipat *fleksibel* ing panaliten. Ateges pangertosan menika samangke dipunginakaken menawi anggenipun *nganalysis* dongeng menika betahaken pangertosan kasebat.

B. Teori Vladimir Propp

Bab *struktural* menika sampun kathah dipunandharaken dening para ahli. A. Teeuw (Padmopuspito, 1980: 10) methik pamanggihipun Culler, Eco Ekrmana saha Lane kados mekaten.

Miturut Culler, struktur inggih menika *sistem relasi* saha *oposisi* ingkang unsuripun dipuntemtokaken saking pola ingkang anggadhahi perbedaan formal. Salajengipun miturut Eco, struktur inggih menika modal minangka akibat saking mapinten-pinten cara, ateges bab ingkang damel tiyang menika betahaken manunggaling *pandangan gejala semesta*. Pamanggih sanes kados Ekrmana, struktur inggih menika *kombinasi* saha *relasi* saking unsur-unsur formal ingkang nedahaken koherensi logis ing salebeting *obyek analisis*. Wondene miturut Lane, struktur inggih menika *seperangkat* unsur-unsur utawi *subperangkat* ingkang samangke gegayutanipun menika dipuntemtokaken.

Saking pangertosan ing inggil menika panaliti migunakaken pangertosanipun Culler. Panaliti migunakaken pangertosanipun Culler amargi panaliten menika nggatosaken gegayutaning antawis unsur kanthi linear.

Strukturalisme inggih menika salah satunggaling pendekatan panaliten *struktur* ing karya sastra. Endraswara (2004: 49) ugi ngandharaken bilih *strukturalis* menika minangka nalaring pikir bab fenomena ingkang strukturipun sami gegayutan, struktur menika bakal pikantuk teges menawi dipungayutaken kaliyan struktur sanesipun. Saperangan *tokoh* ingkang dados panyengkuyung jumenenging *strukturalisme* inggih menika: Ferdinand de Saussure, Jean Piaget, Aristoteles, Claude Levi Strauss, Barthes kaliyan Kristeva, E. M. Forster, John Mareddit Fitzgerald, Christopher Russell Reaske, Lynn Alterbernd, saha William Kenney (Endraswara, 2004: 49-54).

Saking saperangantokoh ing inggil menika ingkang nлити cariyos rakyat wonten kalih, inggih menika Levi-Strauss kaliyan Vladimir Propp. Kekalih menika nлити bab struktur teks naratif. Panaliten kekalih tokoh menika wonten bedanipun. Levi Strauss menika nлити mitos kemawon kanthi tipe *paradigmatik* bidang antropologi lan Propp menika nлити dongeng kanthi tipe *sintagmatik* bidang naratologi. Bedaning kekalih tokoh menika kasengkuyung dening andharanipun Scholes (Ratna, 2009: 134). Ingkang sepisan, menawi Propp nggatosaken cariyos, Levi-Strauss nggatosaken mitos. Kaping kalih, menawi Propp nganggep cariyos minangka kualitas estetis, Levi-Strauss nganggep cariyos minangka kualitas logis. Kaping tiga, menawi Propp

migunakaken konsep fungsi minangka *kata kunci*, Levi-Strauss ngandharaken *myth* saha *mytheme*. Kaping sekawan, Propp nggatosaken naratif individual, kamangka Levi-Strauss nggatosaken mitos ingkang rumesep ing saben dongeng.

Ngendikanipun Fokkema & Kunne-Ibsch (Endraswara, 2004: 48), nalikanipun nлити teks naratif, kaum formalis nggatosaken unsur: cariyos (*fabula*), *alur (sjuzet)*, saha *motif*. Miturut Propp (Fokkema, ing Ratna, 2009: 132), *alur* menika beda kaliyan *sjuzet*. *Sjuzet* menika minangka *tema*. *Motif* minangka pambangun *tema*. Satemah *sjuzet* inggih menika asiling rantaman saking *motif-motif*. Andharan menika nedahaken pangertosan enggal bab *fabula* kaliyan *sjuzet* satemah dadosaken Propp menika minangka pelopor panaliten bab naratologi.

Miturut andharan ingkang wonten ing *Introduction to The Second Edition* buku *Morphology of the Folktale* terjemahan saking Laurence Scott, ide-ide saking Propp menika paring pencerahan dhateng para panaliti sanesipun kadosta (Levi- Strauss 1960, Dundes 1962a, 1964b, Bremond 1964, Greimas 1966b :172 - 221). Lajeng sajatosipun boten wonten ingkang nyebataken perkawis ing cariyos rakyat, Morfologi Propp tuwuh pangira-ira bakal dipungatosaken dening para generasi salajengipun lan salah satunggaling *terobosanteoritis utama* babagan cariyos rakyat ing abad kaping kalihdasa. Saking kaluwihan Propp menika, panaliti badhe nлити struktur dongeng mawi cara ingkang dipun damel dening Propp.

Vladimir Propp utawi jangkepipun Vladimir Jacovlevich Propp inggih menika salah setunggaling tokoh panaliti sastra saking Jerman. Vladimir Propp miyos 17 April 1895 wonten ing St Petersburg, Jermanlan kapundhut seda 22 Agustus 1970 ing Leningrad. Vladimir Propp kuliah wonten ing St Petersburg University (1913-1918), Jurusan Filologi Rusia lan Jerman. Sasampunipun mungkasaken kuliah, panjenenganipun menika ngasta mucal basa Rusia lan Jerman ing sekolah menengah lan saklajengipun ngasta dosen ing St Petersburg University (<http://www.unidue.de/literaturwissenschaftaktiv/Vorlesungen/epik/propp.htm>).

Propp menika strukturalis kapisan ingkang ngrembag struktur naratif saking cariyos rakyat. Propp sampun nganalisis satus cariyos rakyat ingkang wonten ing Rusia taun 1928 lan paring dudutan ingkang salajengipun dipundamel buku ingkang irah-irahanipun *Morfologija Skazki* taun 1928 abasa Rusia. Lajeng dipunterbitaken malih ing Torino mawi basa Italia ingkang irah-irahanipun *Morfologia Della Fiaba* taun 1966. Ing taun 1975, buku menika dipunterjemahaken ing basa Inggris dados *Morphology of the Folktale*. Buku ingkang dipunginakaken panaliti inggih menika buku ingkang sampun dipunterjemahaken dening Noriah Taslim abasa Melayu taun 1987 kanthi irah-irahan *Morfologi Cerita Rakyat*.

Saking buku menika, Propp damel dudutan bilih sedaya cariyos ingkang dipuntliti anggadhahi struktur ingkang sami. Ateges ing cariyos menika para paraga lan sipat-sipatipun saged owah, ananging menapa

ingkang dipuntindakaken dening paraga menika sami (Luxemburg, 1986: 40). Pramila panaliten dening Propp menika salah setunggaling usaha kangge manggihaken pola umum *plot* dongeng Rusia. Semanten ugi sampun paring teges enggal bab *fabula* lan *sjuzet* (Ratna, 2009: 132).

Ing gesangipun, Propp menika tepang tokoh-tokoh formalis Rusia. Tokoh formalis Rusia menika tiyang-tiyang ingkang nлити sastra ing Rusia. Para panaliti kasebat menika nлити karya sastra saking struktur naratifipun lajeng dipunpadosi *penyimpangan*ipun kangge mangertos *nilai* kasusastran (*literariness*) saking karya kasebat. Ananging para panaliti menika medharaken teori-teori ingkang tumpuk undhung. Tegesipun teori setunggal kaliyan teori sanesipun menika kirang cetha bedanipun. Kados *cadangan* pembagian kategori dongeng ingkang dipunandharaken Wundt menika dening Propp taksih boten cetha. Lajeng cara nemtokaken *tema* dening para tokoh sanes menika dipundhut saking tembung ingkang wonten ing cariyos lajeng piningan ukara *tentang* lajeng *tafsiran*ipun, menika dening Propp anggenipun milah tembung ing cariyos menika dianggep ngawur.

Perkawis kasebat dadosaken Propp nлити sastra mawi cara enggal. Pramila Vladimir Jacovlevich Propp menika damel rumusan bab struktur asas, penyebaran, lan asal-usul tema (Propp, 1987: 1-9). Propp nлити karya saking struktur naratif, ananging boten gatosaken *penyimpangan*. Propp langkung gatosaken motif naratifipun. Prastawa-prastawa lan tindakan

ingkang beda ananging sami tegesipun utawi minangka isyarat tindakan ingkang sami menika dipunsebat *fungsi* (Luxemburg, 1986:40).

Unsur naratif ingkang dados pambangun menika awujud *motif-motif* ingkang kaperang dados tigang unsur. Inggih menika, paraga, pakaryan, lan ingkang dipunkengingi pakaryan. Tigang unsur menika salajengipun kaperang dados kalih. Inggih menika *unsur tetap* lan *unsur berubah*. *Unsur tetap* menika arupi pakaryan, lan *unsur berubah* menika paraga kaliyan ingkang dipunkengingi pakaryan (Ratna, 2009: 132-133). Propp langkung nggatosaken unsur ingkang tetap. Tuladhanipun *Ki Ageng Sela ngrangkeng Kyai Bledheg*. Inkang dados pakaryan inggih menika *ngrangkeng* amargi pakaryan kasebat saged dados fungsi tartamtu ing salebeting cariyos. Upaminipun pakaryan menika dipungantos, pramila fungsipun ugi bakal ewah. Beda kaliyan unsur ewah, ingkang dipungantos inggih paraga utawi ingkang dipunkengingi pakaryan. Fungsipun ing cariyos boten bakal ewah. Pamanggihipun, bilih wonten ing struktur naratif menika ingkang wigati sanes para paraganipun, ananging pakaryan ingkang dipuntindakaken dening paraga. Unsur ingkang dipunanalisis inggih menika motif (elemen) paling alit minangka pambangun tema.

Buku *Morfologi Cerita Rakyat* dening Vladimir Propp menika ngandharaken *fungsi pelaku*, *asimilasi*, unsur sanes ing cariyos, panyebaring *fungsi (lingkungan tindakan)*, cara nepangaken paraga ing cariyos, sipating paraga saha *kepentingan*, cariyos kanthi *keseluruhan*, lan sanesipun.

Dipunjumbuhaken kaliyan ancasing panaliten, panaliti badhe ngandharaken pangertosan bab *fungsi, lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema strukturipun* kemawon.

1. Fungsi-fungsi Pelaku

Fungsi Vladimir Propp menika ngandharaken bilih dongeng menika anggadhahi 31 fungsi, ananging boten sedaya fungsi kapanggih ing setunggal dongeng. Tindakan menika tumut ing urutan ingkang nalar, lan sinaosa boten wonten dongeng ingkang ngewrat sedaya fungsi, ananging fungsi ingkang wonten ing dongeng kasebat mesthi wonten ing *perturutan* ingkang tetep (Pradopo, 1991: 59).

Cariyos dongeng menika limrahipun kapurwakan kanthi eksposisi ingkang dening Propp (1987: 29) dipunsebat situasi awal kanthi lambang α . Situasi menika boten kalebet fungsi ananging minangka unsur ingkang wigati.

Cacahing fungsi ingkang wonten cariyos menika minangka perangan ingkang dados cengkoronganing cariyos. Supados langkung gampil anggenipun damel skema strukturipun cariyos, Propp (1987: 28-76) sampun damel lambang kangge saben fungsi. Fungsi-fungsi sarta lambangipun inggih menika:

Tabel 1. Fungsi-fungsi Pelaku.

| No. | Istilah | Indonesia | Lambang |
|-----|----------------|---|-----------------|
| 1. | Absentation | Ketiadaan | β |
| | | Kepergian saudara yang lebih tua | β^1 |
| | | Kematian orangtua | β^2 |
| | | Kepergian saudara yang lebih muda | β^3 |
| 2. | Interdiction | Larangan | γ |
| | | Pesan | γ^1 |
| | | Perintah/titah | γ^2 |
| 3. | Violation | Pelanggaran | δ |
| | | Pesan diingkari | δ^1 |
| | | Perintah dipatuhi | δ^2 |
| 4. | Reconnaissance | Pengintaian | ϵ |
| | | Penjahat mengintai pahlawan | ϵ^1 |
| | | Pahlawan mengintai penjahat | ϵ^2 |
| | | Pengintaian oleh orang lain | ϵ^3 |
| 5. | Delivery | Penyampaian (informasi) | ζ |
| | | Penjahat mendapat keterangan tentang pahlawan | ζ^1 |
| | | Pahlawan mendapat keterangan tentang penjahat | ζ^2 |
| | | Paksaan penjahat | ζ^3 |
| 6. | Fraud | Penipuan (tipu daya) | η |
| | | Muslihat penjahat | η^1 |
| | | Penggunaan alat sakti oleh penjahat | η^2 |
| | | Bentuk penipuan yang lain | η^3 |
| 7. | Complicity | Keterlibatan | θ |
| | | Reaksi pahlawan terhadap muslihat penjahat | θ^1 |
| | | Pahlawan terkena sihir | θ^2 |
| | | Pahlawan terpengaruh tipu muslihat penjahat | θ^3 |
| 8. | Villainy | Kejahatan | A |
| | | Kejahatan diikuti perselisihan | A* |
| | | Menculik | A ¹ |
| | | Merampas alat sakti | A ² |
| | | Menangkap pembantu sihir secara paksa | A ⁱⁱ |
| | | Memusnahkan tanaman | A ³ |
| | | Mencuri cahaya siang | A ⁴ |
| | | Merompak dalam berbagai bentuk | A ⁵ |
| | | Mencatikan anggota | A ⁶ |

| | | | |
|-----|------------------------------------|--|-------------------|
| | | Menyebabkan pelenyapan | A ⁷ |
| | | Pengantin perempuan dilupakan | A ^{vii} |
| | | Menuntut supaya sesuatu diberi/curi/rampas/culik | A ⁸ |
| | | Membuang daerah | A ⁹ |
| | | Membuang pahlawan/orang lain ke laut | A ¹⁰ |
| | | Menyumpahi seseorang agar berubah sifat | A ¹¹ |
| | | Menukarkan suatu benda dengan yang palsu | A ¹² |
| | | Memerintahkan pembunuhan | A ¹³ |
| | | Membunuh | A ¹⁴ |
| | | Memenjarakan/menawan | A ¹⁵ |
| | | Menggugat kawin paksa | A ¹⁶ |
| | | Menggugat kawin paksa dengan saudara sendiri | A ^{xvi} |
| | | Menggugat untuk melakukan <i>cannibalism</i> | A ¹⁷ |
| | | Menggugat untuk melakukan <i>cannibalism</i> kepada saudara-tiri | A ^{xvii} |
| | | Menggangu diwaktu malam (<i>vampirism</i>) | A ¹⁸ |
| | | Memancing peperangan | A ¹⁹ |
| 8a. | Lack | Kekurangan (kebutuhan) | a |
| | | Ketiadaan istri/seorang individu | a ¹ |
| | | Ketiadaan pembantu/alat sakti | a ² |
| | | Ketiadaan objek-objek ajaib | a ³ |
| | | Ketiadaan cinta | a ⁴ |
| | | Ketiadaan uang/sumber kehidupan | a ⁵ |
| | | Kekurangan lainnya | a ⁶ |
| 9. | Mediation, the connective Incident | Perantaraan, peristiwa penghubung | B |
| | | Meminta tolong | B ¹ |
| | | Meminta pahlawan mencari/mengambil sesuatu | B ² |
| | | Melepaskan | B ³ |
| | | Menyatakan penderitaan | B ⁴ |
| | | Membawa pahlawan yang dibuang | B ⁵ |
| | | Menyelamatkan pahlawan yang dihukum | B ⁶ |
| | | Menyanyi/merayu | B ⁷ |

| | | | |
|--|---|--|-----------------|
| 10. | Begining counteraction | Penetralan (tindakan) dimulai | C |
| 11. | Departure | Keberangkatan (kepergian) | ↑ |
| 12. | The first function of the donor | Fungsi pertama donor (pemberi) | D |
| | | Ujian kepada pahlawan | D ¹ |
| | | Ucapan salam/pertanyaan/sapaan | D ² |
| | | Memohon mengerjakan sesuatu setelah pemohon meninggal | D* |
| | | Tawanan meminta dilepaskan | *D ⁴ |
| | | Memohon belas kasih | D ⁵ |
| | | Memohon pembagian | D ⁶ |
| | | Pertengkaran tanpa menyatakan permohonan pembagian | d ⁶ |
| | | Permintaan lain | D ⁷ |
| | | Permintaan lain, peminta dalam keadaan tak berdaya | *D ⁷ |
| | | Percobaan membunuh | D ⁸ |
| | | Pertarungan dengan donor | D ⁹ |
| | | Penawaran alat sakti sebagai ganti | D ¹⁰ |
| 13. | The hero's reaction | Reaksi pahlawan | E |
| | | Mengalami penderitaan | E ¹ |
| | | Tanggapan baik | E ² |
| | | Membuat jasa bagi orang yang telah mati | E ³ |
| | | Membebaskan tawanan | E ⁴ |
| | | Memberi belas kasih kepada pemohon | E ⁵ |
| | | Meleraikan orang-orang yang bertengkar | E ⁶ |
| | | Penipuan orang yang bertengkar | E ^{vi} |
| | | Melakukan suatu penghormatan, memenuhi permintaan, melakukan perbuatan murni | E ⁷ |
| | | Mengatasi percobaan pembunuhan | E ⁸ |
| | | Menang dalam pertarungan | E ⁹ |
| Menipu saat melakukan penukaran barang | E ¹⁰ | | |
| 14. | Provision or receipt of a magical agent | Penerimaan unsur magis (alat sakti) | F |
| | | Alat sakti bertukar pemilik | F ¹ |
| | | Pemberian dalam bentuk barang | f ¹ |
| | | Alat sakti tidak bertukar pemilik | F neg (F-) |
| | | Reaksi pahlawan negatif | F contr. |

| | | | |
|-----|-----------------------|---|-----------------------------|
| | | menimbulkan hukuman | (F=) |
| | | Letak alat sakti diberitahu | F ² |
| | | Alat sakti disediakan | F ³ |
| | | Alat sakti dijual/beli | F ⁴ |
| | | Alat sakti telah dipesan | F ₄ ³ |
| | | Alat sakti dijumpai | F ⁵ |
| | | Alat sakti muncul sendiri | F ⁶ |
| | | Alat sakti keluar dari bumi | F ^{vi} |
| | | Pertemuan dengan seseorang yang menawarkan kesaktiannya | F ⁶ |
| | | Alat sakti dimakan/diminum | F ⁷ |
| | | Alat sakti dirampas | F ⁸ |
| | | Alat sakti menawarkan kesaktiannya | F ⁹ |
| | | Alat sakti akan memberikan kesaktian bila diperlukan | f ⁹ |
| 15. | Spatial translocation | Perpindahan (tempat) | G |
| | | Pahlawan terbang diangkasa | G ¹ |
| | | Pahlawan menunggang, dibawa | G ² |
| | | Pahlawan dipandu | G ³ |
| | | Pahlawan ditunjukkan jalan | G ⁴ |
| | | Pahlawan menggunakan alat penghubung | G ⁵ |
| | | Pahlawan mengikuti jejak berdarah | G ⁶ |
| 16. | Struggle | Berjuang, bertarung | H |
| | | Pertarungan di padang | H ¹ |
| | | Sayembara | H ² |
| | | Permainan kartu | H ³ |
| | | Perbandingan (neraca timbang) | H ⁴ |
| 17. | Victory | Kemenangan | I |
| | | Kemenangan dalam pertarungan di medan perang | I ¹ |
| | | Pahlawan menang dan yang lain bersembunyi | *I ¹ |
| | | Kemenangan dalam peraduan | I ² |
| | | Kemenangan dalam perjudian | I ³ |
| | | Kemenangan dalam perbandingan | I ⁴ |
| | | Membunuh penjahat tanpa bertarung | I ⁵ |
| | | Penjahat dibuang | I ⁶ |

| | | | |
|-----|--|---|-----------------|
| 18. | Marking | Penandaan | J |
| | | Tanda diletakkan pada anggota | J ¹ |
| | | Pemberian cincin atau sapu tangan | J ² |
| 19. | The initial misfortune or lack is liquidated | Kekurangan (kebutuhan) terpenuhi | K |
| | | Pemilik alat sakti mengabaikan muslihat atau paksaan | K ¹ |
| | | Pemilik alat sakti berjaya dengan bantuan beberapa pembantu | K ² |
| | | Pemilik alat sakti berjaya menggunakan umpan | K ³ |
| | | Penghapusan penderitaan akibat tindakan masa lalu | K ⁴ |
| | | Penghapusan penderitaan merata dengan alat sakti | K ⁵ |
| | | Kemiskinan diatasi dengan alat sakti | K ⁶ |
| | | Objek yang dicari telah didapat | K ⁷ |
| | | Sumpah dihapuskan | K ⁸ |
| | | Yang pingsan/mati dipulihkan | K ⁹ |
| | | Menghidupkan kembali dengan air suci | K ^{ix} |
| | | Terlepas dari tawanan | K ¹⁰ |
| | | Penghapusan dalam bentuk F ¹ , F ² | KF |
| 20. | Return | Kepulangan (kembali) | ↓ |
| 21. | Pursuit, chase | Pengejaran, penyelidikan | Pr |
| | | Terbang di angkasa | Pr ¹ |
| | | Menuntut supaya yang bersalah diserahkan | Pr ² |
| | | Mengejar dengan menjelma menjadi binatang | Pr ³ |
| | | Mengejar dengan menjelma menjadi objek yang menggairahkan | Pr ⁴ |
| | | Percobaan memakan pahlawan | Pr ⁵ |
| | | Percobaan melenyapkan pahlawan | Pr ⁶ |
| | | Usaha mengukir pohon | Pr ⁷ |
| 22. | Rescue | Penyelamatan | Rs |
| | | Pahlawan dibawa terbang, dilarikan | Rs ¹ |
| | | Pahlawan membuang sikat, dll, di tengah jalan | Rs ² |
| | | Lari dengan menjelma menjadi bangunan | Rs ³ |
| | | Lari dengan menyembunyikan | Rs ⁴ |

| | | | |
|-----|----------------------|---|------------------|
| | | pahlawan | |
| | | Pahlawan disembunyikan tukang besi | Rs ⁵ |
| | | Pertahanan menjelma menjadi binatang, tumbuhan dan batu | Rs ⁶ |
| | | Mengatasi godaan objek yang menggairahkan | Rs ⁷ |
| | | Terlepas dari mangsa penjahat | Rs ⁸ |
| | | Terlepas dari upaya pelenyapan oleh penjahat | Rs ⁹ |
| | | Melompat ke pohon lain | Rs ¹⁰ |
| 23. | Unrecognised arrival | Datang tak terkenal | O |
| 24. | Unfounded claims | Tuntutan yang tak mendasar | L |
| 25. | The difficult task | Tugas sulit (berat) | M |
| 26. | Solution | Penyelesaian (tugas) | N |
| | | Penyelesaian tugas sebelum masa yang ditetapkan | *N |
| 27. | Recognition | Pahlawan dikenali | Q |
| 28. | Exposure | Penyingkapan (tabir) | Ex |
| 29. | Transfiguration | Penjelmaan | T |
| | | Sifat fisik yang baru | T ¹ |
| | | Pembinaan sebuah istana | T ² |
| | | Pakaian baru | T ³ |
| | | Menjelma menjadi bentuk yang menggelikan | T ⁴ |
| 30. | Punishment | Hukuman (bagi penjahat) | U |
| | | Penjahat atau pahlawan palsu diampuni | U- |
| 31. | Wedding | Perkawinan dan naik tahta | W _* |
| | | Perkawinan | W* |
| | | Naik tahta | W |
| | | Bentuk perkawinan yang awal | W ⁺ |
| | | Janji untuk kawin | w ¹ |
| | | Janji ditepati | w ² |
| | | Ganjaran uang atau lain-lain di akhir cerita | w ⁰ |

Pradopo (1991:59) paring andhahan bilih supados langkung gampang anggenipun nindakaken pendekatan fungsi Vladimir Propp, panaliti mbandhingaken *subjek* ing ukara kaliyan paraga ingkang tipikal (pahlawan, durjana, lan sapanunggalanipun) lan *predikat* kaliyan tindakan ingkang tipikal ing cariyos. Supados langkung gampang malih, panaliti ugi badhe nggatosaken *objek*ipun ingkang *tipikal* ugi.

Ajisaka disubya-subya rakyat Medhangkamulan, banjur dijumenengake dadi ratu. *Ajisaka* menika minangka *subjek* satriya ing cariyos. *Pramila disubya-subya dening rakyat Medhangkamulan* minangka *obyek*. *Disubya-subya* menika *predikat* ananging dereng nedahaken *fungsi* amargi ukaranipun dereng pungkas. *Banjur* menika nedahaken *Ajisaka*. Ing ukara sanes, *Ajisaka dijumenengake dadi ratu*. Tembung *dijumenengake* menika langkung nedahaken *fungsi* tinimbang *disubya-subya*. Fungsi ingkang jumbuh inggih menika *wedding* kanti variasi *naik tahta* mawi lambang W.

Ngengingi bab unsur *tetap* kaliyan unsur *berubah*, sinaosa samangke *subjek* kaliyan *objek* dipun gantos dados *Petruk dijumenengake dadi ketua DPR*, menika boten ngewahi teges *fungsi* W amargi taksih wonten tembung *dijumenengake* minangka unsur *tetap*. Tembung *dijumenengake* menika saged dipungantos tembung sanes ananging kanthi wewaton *tetap* nedahaken fungsi W utawi tembung

ingkang tipikal. *Petruk munggah pangkat dadi ketua DPR. Munggah pangkat menika taksih tetap nedahaken fungsi W minangka naik tahta.*

2. Lingkungan Tindakan

Lingkungan tindakan menika ngandharaken cara nyebar fungsi ing *kalangan* paraga. Miturut Propp (1987: 93-94), saperangan fungsi saged dipunlebetaken ing pitung lingkungan tindakan kanthi nalar. Pitung *lingkungan tindakan* dening Propp menika, antawisipun:

1. Villain'lingkungan aksi penjahat'. Perangan: Kejahatan (A), pertarungan dengan pahlawan (H), pahlawan dikejar (Pr).
2. Provider'lingkungan aksi donor, pembekal'. Perangan: Persediaan alat sakti (D), penerimaan unsur magis (F).
3. Helper'lingkungan aksi pembantu'. Perangan: Perpindahan (tempat) (G), kekurangan (kebutuhan) terpenuhi (K), penyelamatan (Rs), penyelesaian tugas (N), penjelmaan (T).
4. The princess and her father'lingkungan aksi seorang putri (orang yang dicari) dan ayahnya'. Perangan: Tugas sulit (M), pahlawan diberi tanda (J), penyingkap tabir (Ex), pahlawan dikenali (Q), hukuman penjahat (U), perkawinan (W).
5. Dispatcher'lingkungan aksi perantara (pemberangkat)'. Perangan: Peristiwa penghubung, utusan(B).

6. Hero'lingkungan aksi pahlawan'. Perangan: Pahlawan meninggalkan kampung halaman ($C\uparrow$), reaksi pahlawan (E), perkawinan dan naik tahta (W).
7. False hero'lingkungan aksi pahlawan palsu'. Melibatkan $C\uparrow$, lajeng E lan L, minangka fungsi khas.

Pitung *lingkungan tindakan* menika nggampilaken panaliti kangge madosi caran nepangaken paraga ing cariyos. Fungsi sanes kados β , γ , δ , ϵ , ζ , η , saha θ ugi sumebar ing paraga ananging boten saged dipunginakaken kangge nengeri paraga. Propp (1987: 94-96) ugi paring pangira-ira bilih wonten tigang cara lingkungan tindakan utawi fungsi ingkang sumebar ing para paraga. (1) Lingkungan fungsi ingkang langsung trep kaliyan paraga. (2) Setunggal paraga nindakaken saperangan lingkungan fungsi. (3) Setunggal lingkungan ngemot saperang paraga.

Tuladha *Ajisaka disubya-subya rakyat Medhangkamulan, banjur dijumenengake dadi ratumenika* pikantuk fungsi W, pramila dipun lebetaken ing lingkungan tindakan kaping enem inggih menika *lingkungan aksi pahlawan*.

3. Cara Nepangaken Paraga ing Cariyos

Saben paraga menika gadhah tetenger piyambak-piyambak nalikanipun njedhul ing lampahaning cariyos. Paraga menika dening Propp (1987: 99-100) dipunperang dados *penjahat, pembantu, pembantu sakti, perantara, pahlawan, pahlawan palsu, pencari, saha tuan putri*.

Penjahat menika dipuntepangaken mawi kalih cara. Ingang sepisan, kanthi cara ndadak saking njawi (mabur, mlebet ing latar, sluman-slumun, lan sanesipun lajeng ngilang). Kaping kalih, minangka tiyang ingkang dipunpadosi.

Pembantu kapanggih kanthi cara *kebetulankados* ing wana, sabin, gubug, latar, utawi ten margi. *Pembantu sakti* dipuntepangaken minangka *pemberian*. Sawetawis pikantuk tandha fungsi F saha variasi-variasinipun.

Perantara, pahlawan, pahlawan palsu, pencari, saha tuan putri menika limrahipun dipuntepangaken ing *situasi awal*. Pahlawan palsu kadhang kala boten gamblang dipunandharaken ing *situasi awal*, inggih namung nepangaken dalemipun ing keraton utawi ten griya.

Propp (1987: 100) ugi paring wewaton, menawi samangke pinanggih paraga ingkang kalebet ing *lingkungan tindakan* ingkang langkung saking setunggal, pramila dipunpundhut fungsi kapisan ingkang dipuntindakaken paraga. Saking andharan menika, saged dipunmangertos bilih *lingkungan tindakan* ngampilaken kangge

nemtokaken *tipikal* paraga lajeng dipungatosaken fungsi kapisan ingkang dipuntindakaken paraga kangge mangertos cara nepangkaken paraga kasebat.

4. Skema Struktur

Struktur cariyos kanthi umum dening Propp (1987: 124-126) kaperang dados sekawan. Sekawan *skema struktur* menika badhe dipunandharaken ing ngandhap.

- a. Cariyos ingkang ngewrat unsur *pertarungan*, *kemenangan*, *pembunuhan tanpa perlawanan* pramila skemanipun kados menika:

$$ABC\uparrow DEFGHIJK\downarrow Pr\ Rs\ Q\ Ex\ TUW^*$$

- b. Cariyos ingkang ngewrat *tugas berat* pramila skemanipun:

$$ABC\uparrow DEFGLMJNK\downarrow Pr\ Rs\ Q\ Ex\ TUW^*$$

- c. Cariyos ingkang ngewrat *kekalihipun*, pramila skemanipun kados menika:

$$ABC\uparrow FH-IK\downarrow LM-NQ\ Ex\ UW^*$$

- d. Menawi cariyosipun boten ngewrat unsur *pertarungan*, utawi ugi boten ngewrat unsur *tugas berat*, pramila skemanipun inggih menika:

$$ABC\uparrow DEFGK\downarrow Pr\ Rs\ Q\ Ex\ TUW^*$$

Skema menika pikantuk saking panaliten cariyos-cariyos dongeng Rusia dening Propp. Bilih samangke skema asiling panaliten dening panaliti menika boten sami, pramila boten dados punapa. Amargi Propp (1987: 129) ugi ngandharaken bilih ajeging skema ing cariyos boten saged gumathok amargi urutan fungsi boten mesthi sami kaliyan skema kados ing inggil menika. Urutan ingkang beda menika sajatosipun boten nyalahi wewaton. Amargi boten urutan enggal ananging dening Propp dipunwastani urutan ingkang *songsang*.

C. Panaliten Inggang Jumbuh

Panaliten menika jumbuh kaliyan panaliten ingkang dipuntindakaken dening Sri Juliyati. Sri Juliyati menika salah satunggaling mahasiswi S1 Pendidikan Bahasa Jerman, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. Skripsi ingkang dipuntindakaken dening Juliyati menika irah-irahanipun: *Analisis Fungsi Vladimir Propp Dalam Dongeng Der Singende Knochen dan Der Froschkönig Oder Der Eiserne Heinrich Oleh Brüder Grimm*.

Objek ingkang dipuntliti Juliyati inggih menika dongeng abasa Jerman ingkang dipunpundhut saking dongeng-dongeng kempalanipun Brüder Grimm. Panaliten menika anggadhahi ancas kangge madosi unsur fungsi ingkang wonten ing dongeng abasa Jerman. Panaliten menika migunakaken

teori struktur naratif Vladimir Propp kanthi metode struktural lan pendekatan obyektif.

Analisis struktural menika saged manggihaken: (1) cacahing fungsi ing salebeting cariyos, (2) urutan fungsi, (3) mapaning lingkungan tindakan, (4) skema lan cara nepangaken paraga.

Asiling panaliten ingkang dipuntindakaken dening Juliyati inggih menika: (1) cacahing fungsi saking kalih dongeng inggih menika wonten gangsalwelas fungsi lan boten manggihaken fungsi sanesipun, (2) fungsi botenurut miturut Vladimir Propp lan wonten fungsi ingkang dipunambali, (3) kapanggihaken sekawan *lingkungan tindakan* ingkang sami, (4) skema lan cara nepangaken paraga ing dongeng menika beda-beda.

D. Nalaring Pikir

Panaliten menika dipuntindakaken kangge madosi unsur karya sastra mliginipun karya sastra abasa Jawi saking unsur fungsipun. Minangka karya tulis ilmiah, pramila menika inggih proses analisis kreatif, ingkang tegesipun njumbuhaken teori kaliyan objek ingkang badhe dipuntliti. Sumber data utama ingkang dados objek analisis panaliten inggih menika teks saking karya sastra awujud dongeng-cerkak ingang samangke dipunanalisis migunakaken teori *fungsi*, *lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema struktur* dening Vladimir Propp.

Pendekatan ingkang badhe dipunginakaken inggih menika pendekatan objektif. Kajian struktur naratif Vladimir Propp kangge nganalisis cariyos rakyat abasa Jawi dipunginakaken amargi teori menika tuwuh saking asiling panaliten dening Vladimir Propp ingkang nлити cariyos rakyat ing Rusia. Ancasipun supados langkung gampil anggenipun mangertos struktur cariyos abasa Jawi.

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising panaliten

Jinising panaliten menika inggih *deskriptif analisis*. Kanthi cara etimologis, tembung deskriptif lan analisis menika ateges *menguraikan*. Boten namung ngandharaken kemawon ananging ugi paring pangertosan kanthi gamblang (Ratna, 2009: 53).

Miturut Pradopo (2001: 31-32) deskriptif inggih menika cara panaliten ingkang ancasiipun nggambaraken kanthi pener saking sipat-sipat dening individu, utawi tetenger saking kadadosan ingkang lumampah utawi ingkang nyata. Tegesipun dipuntindakaken kanthi cara ngandharaken kanthi wiyar nanging gamblang. Panaliten menika badhe ngrembag bab teori *fungsi, lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema struktur* dening Vladimir Propp. Dados panaliten menika ngandharaken *fungsi, lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema struktur* ingkang kapanggih ing dongeng *Ajisaka* saha *Ki Ageng Sela* kanthi gamblang.

B. Pendekatan Panaliten

Panaliten menika migunakaken pendekatan *objektif* ingkang tegesipun menika pendekatan sastra ingkang langkung nggatosaken sanget dhateng koherensi unsur intrinsikipun lan nggatosaken bilih karya sastra menika minangka struktur ingkang otonom (Pradopo. dkk, 2001: 53).

Tegesipun inggih menika pendekatan ingkang ngajengaken panaliten karya adhedhasar kasunyatan ing seratan kasebat. Bab-bab ing njawi seratan sinaosa wonten gayutanipun kaliyan sastra menika boten sah dipungatosaken menapa malih dipundadosaken perkawis nalikanipun nganalisis karya kasebat.

Jumbuh kaliyan andharanipun Nyoman Kutha Ratna (2009: 73) bilih pendekatan objektif menika minangka pendekatan ingkang paling wigati lan gegayutan kaliyan teori sastra modern, mliginipun teori-teori ingkang migunakaken konsep struktural. Pramila panaliten struktural ing dongeng *Ajisaka saha Ki Ageng Sela* menika migunakaken pendekatan objektif amargi panaliten menika namung gumantung saking sawontenipun karya kasebat lan boten nggayutaken kaliyan unsur sanesipun.

C. *Data saha Sumber Data*

Tembung *data* menika saking basa Latin. Tembung *data* menika saking tembung jamak *datum*, ‘ingkang dipunparingaken’, ing tembung Indonesia menika ‘*bahan keterangan*’ (Purbo-Hadiwidjoyo, 1993: 65). Ing kaca salajengipun, Purbo-Hadiwidjoyo ugi ngandharaken bilih panaliti kedah mangertos papan kangge manggihaken *data* (*sumber data*).

Data panaliten menika dipunpundhut saking dongeng *Ajisaka saha Ki Ageng Sela*. *Datanipun* samangke awujud tembung, *frasa*, utawi ukara ingkang wonten gayutanipun kaliyan fungsi ingkang samangke dipunrembag

mawi analisis *fungsi*, *lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema struktur* dening Vladimir Propp.

D. Cara Ngempalaken *Data*

Cara-cara ingkang kedah dipunlampahi kangge ngempalaken *data* inggih menika:

1. maos kanthi makaping-kaping supados langkung mangertos wosing cariyos ingkang wonten ing dongeng *Ajisaka* saha *Ki Ageng Sela* satemah saged manggihaken tembung, *frasa*, utawi ukara ingkang jumbuh kaliyan pirembagan, lajeng dipuncatet.
2. nyathet saben ukara ing dongeng *Ajisaka* saha *Ki Ageng Selalajeng* dipunlebetaken ing tabel analisis panaliten lajeng dipunanalisis satemah pikantuk asil ingkang jumbuh kaliyan wosing perkawis lan ancasing panaliten.

E. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten inggih menika panaliti, amargi miturut Nasution (Sugiyono, 2009: 224) panaliti menika minangka piranti ingkang saged empan papan dhateng sedaya kahanan lan saged ngempalaken maneka warna *data* ingkang dipunbetahaken ing panaliten. Panaliti menika minangka ingkang ngempalaken *data*, nemtokaken kualitasing *data*, ingkang nganalisis *data*, ingkang damel dudutan saking asiling panaliten.

Wonten ing bab panaliten sastra, minangka andhahan (Endraswara, 2004: 5) bilih panaliti menika minangka *instrumen kunci* ingkang maos kanthi setiti karya sastra. Menika nedahaken bilih panaliti kedah tliti saha setiti anggenipun nliti dongeng *Ajisaka* saha *Ki Ageng Sela*.

F. Cara Nganalisis Data

Anggenipun nganalisis data menika jumbuh kaliyan jinising panaliten lan pendekatan panaliten. Inggih menika analisis *deskriptif* ingkang migunakaken pendekatan *objektif*.

Sasampunipun data menika dipunkempalake, panaliti ngudhar teori *fungsi, lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema struktur* dening Vladimir Propp lan dipuntrepaken kaliyan tembung, *frasa*, utawi ukara ingkang wonten ing cariyos kanthi gamblang. Utawi sawalikipun, panaliti menika milah tembung, *frasa*, utawi ukara, lajeng dipuntrepaken kaliyan *fungsi, lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema struktur* dening Vladimir Propp lajeng dipunandharakenurut miturut cariyos kanthi gamblang.

Supados langkung gamblang, menika wonten urutan rantaman kangge nganalisis struktur naratif dening Ahimsa (2006: 204-208) ananging dening panaliti dipun ewahi sekedhik kangge jumbuhaken kaliyan teori *fungsi, lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema struktur* dening Vladimir Propp.

Rantamanipun inggih menika:

1. maos sedaya cariyos kangge mangertos wosing cariyos, paraga, tindak patraping paraga, lan maneka prastawa ingkang dipunalami dening paraga.
2. dening Ahimsa, cariyos dipunperang saben episode. Ananging dening panaliti badhe dipunperang saben paragraf.
3. nggatosaken ukara-ukara utawi rantaman ukara ingkang nedahaken rerigen utawi prastawa ingkang dipunalami dening paraga lajeng dipunjumbuhaken kaliyan teori *fungsi* lan dipunparingi lambang.
4. dipunpadosi fungsi-fungsi ingkang kalebet ing *lingkungan tindakan*.
5. dipupadosi fungsi kapisan ingkang dipuntindakaken paraga supados mangertos cara nepangaken paraga ing cariyos.
6. lambang-lambang menika dipunsusun malih miturut garis *sintagmatis* saha *paradigmatis*.

Lampahan angka kalih dumugi gangsal menika badhe migunakaken tabel analisis. Tabel analisisipun kados mekatan.

Tabel 2. Analisis *fungsi*, *lingkungan tindakan* saha cara nepangaken paraga.

| No | | Data | F | L | LT | CNP | Katragan |
|-----|-----|--|-----|----------|-----|----------------------|--------------|
| P | D | | | | | | |
| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) | (7) | (8) |
| 1 | 1 | Dhek jaman biyen ana ratu, jenenge Prabu Dewatacengkar | - | α | - | Prabu Dewata cengkar | Situasi awal |

| | | | | | | | |
|---|---|--|---------------------------------------|-----------------|---------------|---|---|
| 1 | 3 | Ratu mau duwe pekareman sing nganeh-anehi, yakuwi doyane iwak uwong. | Menggugat untuk melakukan cannibalism | A ¹⁷ | Aksi penjahat | - | - |
|---|---|--|---------------------------------------|-----------------|---------------|---|---|

Katrangan:

P : *Paragraf*

L : *Lambang*

D : *Data*

LT : *Lingkungan Tindakan*

F : *Fungsi*

CNP : *Cara Nepangaken Paraga*

Tabel analisis *data* menika samangke dipunginakaken kangge kekalih dongeng amargi cara ingkang dipuntindakaken kangge nganalisis saha jumbuhaken tembung, *frasa*, utawi ukara kaliyan teori menika sami.

G. Validitas lan Reliabilitas

Miturut Sugiyono (2009: 267) Uji validitas inggih menika jumbuhaken perkawis kaliyan piranti ingkang dipunginakaken kangge ngukur treping piranti ingkang dipunginakaken ing panaliten. Lan supados data ingkang kapanggih menika jumbuh kaliyan ancasing panaliten. Validitas data ing panaliten sastra limrahipun migunakaken validitas semantis (Endraswara, 2004: 164). Validitas semantis kapanggih saking teges-teges ingkang wonten ing konteks. Gegayutan kaliyan panalitenmenika, pramila panaliti nggatosaken data ingkang awujud ukara, tembung, dialog, utawi monolog ingkang jumbuh kaliyan fungsi ingkang diputindakaken utawi dipunalami dening paraga. Tuladhanipun badhe dipunandharaken wonten ngandhap punika.

Kapethik saking data no. 3 kanthi ukara “Ratu mau duwe pekareman sing nganeh-anehi, yakuwi doyane iwak uwong.” Rantaman tembung doyane iwak uwong nedahaken teges kersa dhahar dagingipun manungsa. Rerigen dhahar dagingipun manungsa menika nglanggar ukum alam ingkang dipunsebat kejahatan. Ratu minangka manungsa ananging kersa dhahar sasami manungsa nedahaken teges ingkang jumbuh kaliyan istilah ing teori inggih menika cannibalism. Tembung pekareman menika jumbuh kaliyan istilah gugatan amargi dipuntingali saking paraga ingkang nindakaken rerigen kasebat. Ratu menika nedahaken tiyang ingkang kuwaos. Pramila pikantuk teges bilih nalika kagungan kersa, kedah katurutan. Kersa ingkang kedah katurutan dipunwastani gugatan. Pramila data no. 3 jumbuh kaliyan fungsi gugatan untuk melakukan cannibalism. Makna ingkang dipuntegesi saking ukara nginggil mawi konteksipun punika tuladha saking cak-cakanipun validitas semantis.

Reliabilitas inggih menika piranti kangge ngukur konsistensi menawipiranti menika dipunginakaken kanthi makaping-kaping (Sugiono, 2009: 268). Dados reliabilitas ing panaliten menika saged dipuntemtokaken kanthi cara maos setiti lan makaping-kaping dhateng cariyos ingkang wonten ing dongeng Ajisaka saha Ki Ageng Sela. Kados ingkang dipunandharaken Endraswara (2004: 165) bilih maos kanthi setiti bakal ndayani ajeging teges.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Panaliti badhe ngandharaken asiling panaliten. Panaliten menika nliti babagan *fungsi, lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema strukturingkang* wonten ing cariyos *Ajisaka* saha *Ki Ageng Sela* salebeting *Kumpulan Dongeng Ajisaka* anggitanipun Ki Hadisukatno.

Asiling panaliten menika dipunandharaken urut miturut prastawa ing salebeting teks ingkang dipunserat dening Ki Hadisukatno. *Fungsi, lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema strukturingkang* kapanggih ing kekalih cariyos kados mekaten.

1. Dongeng Ajisaka

Inkang sepisan, panaliti badhe ngandharaken fungsi ingkang kapanggih ing dongeng *Ajisaka*. Panaliti manggihaken *situasi awal* dipunlajengaken fungsi-fungsi ingkang cacahipun 27 fungsi. Saking fungsi-fungsi menika wonten fungsi ingkang dipunambali ing salebeting cariyos. Panaliti ugi manggihaken *variasi* fungsi enggal ing cariyos menika. Inggih menika fungsi *kemenangan dalam perjanjian* minangka *variasi* saking fungsi *kemenangan*. Fungsi-fungsi menika dipunlebetaken ing tabel. Tabelipun kados mekaten.

Tabel 3. Fungsi-fungsi ing dongeng Ajisaka.

| No | | | Indikator | Fungsi | L |
|-----|-----|-----|--|---|------------|
| P | I | D | | | |
| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) |
| 1 | 1 | 1 | Dhek jaman biyen ana ratu, jenenge Prabu Dewata-cengkar. | - | α |
| | 2 | 3 | Ratu mau duwe pekareman sing nganeh-anehi, yakuwi doyane iwak uwong. | <i>Menggugat untuk melakukancen nibalism</i> | A^{17} |
| | 3 | 7 | Dadi sang prabu duwe bala, sing gawene mung dikon golek uwong, kanggo dhahare sang prabu mau. | <i>Perintah</i> | γ^2 |
| | 4 | 8 | Bala sing dipatah golek uwong kuwi saben-saben mblasak ing kampung-kampung. | <i>Perintah dipatuhi</i> | δ^2 |
| | 5 | 9 | Saben ana uwong lemu tur isih enom banjur dioyakoyak, dadi kaya ngala njiret asu bae. | <i>Pengejaran minangka peristiwa penghubung</i> | Pr = B |
| 2 | 6 | 10 | Mesthi wae wong-wong rakyate ing negara Medhang-kamulan kuwi njur kekes, wedi miris, wong-wonge saya suwe saya entek, lha wong pijer dicekeli diladekake sang prabu. | <i>Menyatakan penderitaan</i> | B^4 |
| 3 | 7 | 11 | Lha kocapa ana satriya saka sabrang jenenge Ajisaka. | <i>Keberangkatan</i> | \uparrow |
| | 8 | 12 | Satriya kuwi teka ing Medhang-kamulan, banjur mondhok nggone mbok Randha Dhadhapan. | <i>Perpindahan (tempat)</i> | G |
| | 9 | 16 | Dadi cekake Ajisaka kuwi ya dadi gurune wong Medhang-kamulan. | <i>Melakukan perbuatan murni</i> | E^7 |
| | 10 | 17 | Ajisaka kuwi ya ngerti yen sang prabu Dewata-cengkar gawene mangan iwak uwong. | <i>Pahlawan mendapat keterangan penjahat</i> | ζ^2 |

| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) |
|-----|-----|-----|--|---|----------------------|
| | 11 | 18 | Mesthi wae wong-wong ing Medhangkamulan kuwi ya ora seneng marang ratune, uwong kok mangan iwak uwong, suwe-suwe wonge rak entek. | <i>Menyatakan penderitaan</i> | B ⁴ |
| 4 | 12 | 20 | Ajisaka kuwi ngrasa mesakake banget karo wong-wong Medhangkamulan, mulane banjur niat arep njarag supaya diladekake nyang nggone sang prabu supaya didhahar. | <i>Penetralan (tindakan) dimulai</i> | C |
| | 13 | 21 | Karepe Ajisaka sing kaya mangkono mau digondheli dening wong-wong sing dadi muride, ning Ajisaka nekad wae, karepe wis kenceng tenan. | <i>Larangan dipundherekak en pelanggaran</i> | γ δ |
| | 14 | 22 | Kapinujon sacedhakeomahe mbok randha Dhadhapan kuwi ana rame-rame, ya kuwi solahé wong-wong sing dioyak-oyak dening balane sang prabu kang lagi golek uwong. | <i>Pengejaran minangka peristiwa penghubung</i> | Pr = B |
| | 15 | 23 | Ajisaka malah banjur methukake balane sang prabu mau, njur njaluk supaya diladekake. | <i>Keberangkatan</i> | ↑ |
| 5 | 16 | 24 | Wong-wong akeh sing padha nggondheli karo nangis. | <i>Larangan</i> | γ |
| | 17 | 25 | Mbok randha Dhadhapan banget keranta-ranta atine, sebab Ajisaka kuwi wis dianggep kaya anake. | <i>Menyatakan penderitaan</i> | B ⁴ |
| | 18 | 26 | Olehe nangis mbok randha mau ngeres-eresi banget mangkene tembungé: “Duh anakku Ajisaka, mbok aja kok bacutake karepmu, aku aja kok tinggal mati.” | <i>Larangan</i> | γ |

| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) |
|-----|-----|-----|--|---|------------------|
| | 19 | 27 | Ajisaka mangsuli: “Wis ta biyung, wis ta biyung, tegakna awakku, ora-orane aku mati.” | <i>Pelanggaran</i> | δ |
| 6 | 20 | 28 | Cekake carita, Ajisaka wis tekan ngarsane sang prabu Dewatacengkar. | <i>Pahlawan dibawa</i> | G^2 |
| | 21 | 29 | Ajisaka matur yen gelem dadi dhaharane, nanging duwe panyuwun, yakuwi mung nyuwun lemah kang ambane saiket, ya iket kang dianggo Ajisaka dhewe kuwi. | <i>Percobaan memakan pahlawan ananging wonten sarat minangka penipuan (tipu daya)</i> | Pr^5 η |
| | 22 | 30 | Sang prabu nuruti penjaluke. | <i>Keterlibatan</i> | θ |
| | 23 | 31 | Nanging kocapa, bareng iket dijereng, jebul dawa banget, dijereng digelar ora entek-entek. | <i>Alat sakti akan memberikan kesaktian bila diperlukan</i> | f^9 |
| 7 | 24 | 39 | Bareng iket wis pantog tekan segara kidul, Ajisaka banjur matur marang sang prabu, njaluk negara Medhangkamulan kabeh, jalaran Negarane wis dikebaki iket. | <i>Penghapusan penderitaan merata dengan alat sakti</i> | K^5 |
| | 25 | 40 | Sang prabu kaget, weruh-weruh jebul negarane wis dikebaki iket, dadi kalah janji. | <i>Kemenangan dalam perjanjian</i> | I^7 |
| 8 | 26 | 42 | Prabu Dewatacengkar disuraki, diolok-olok njur dijorog-jorogake. | <i>Hukuman (bagi penjahat)</i> | U |
| | 27 | 43 | Sang prabu wis ora bisa nanggulangi maneh, banjur mundur-mundur kecemplung segara, salah kedaden dadi baya putih. | <i>Sifat fisik yang baru</i> | T^1 |
| 9 | 28 | 45 | Ajisaka disubya-subya rakyat Medhangkamulan, banjur dijumenengake dadi ratu. | <i>Naik tahta</i> | W |

Katrangan:

P : *Paragraf*

I : *Indikator*

D : *Data*

L : *Lambang*

Saking fungsi-fungsi ingkang wonten ing dongeng Ajisaka menika pikantuk sekawan *lingkungan tindakan* antawisipun *lingkungan aksi penjahat, aksi pembantu, aksi perantara, saha aksi pahlawan*. Semanten ugi manggihaken sekawan cara nepangaken paraga ing cariyos kados Prabu Dewatacengkar dipuntepangaken ing *situasi awal*, balanipun Prabu Dewatacengkar kanthi nindakaken fungsi *perintah dipatuhi*, rakyat Medhangkamulan kanthi nindakaken fungsi *peristiwa penghubung*, mbok randha Dhadhapan minangka *objek* saking fungsi *perpindahan tempat*, sahanepangaken Ajisaka kanthi nindakaken fungsi *keberangkatan*. Lajeng skema strukturipun kados mekatan.

$$A^{17}\gamma^2\delta^2BB^4\uparrow GE^7\zeta^2B^4C\gamma\delta B \uparrow\gamma B^4\gamma\delta G^2Pr^5\eta\theta f^9K^5I^7 U T^1W$$

2. Dongeng Ki Ageng Sela

Asiling panaliten kaping kalih inggih menika *fungsi, lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema struktur* ingkang wonten ing dongeng Ki Ageng Sela. Panaliti manggihaken *situasi awal* dipunlajengaken fungsi-fungsi ingkang cacahipun 25 fungsi. Saking fungsi-fungsi menika wonten fungsi ingkang dipunambali saha wonten

saperangan *variasi* fungsi enggal ing salebeting cariyos. Fungsi-fungsi menika dipunlebetaken ing tabel kados mekaten.

Tabel 4. Fungsi-fungsi ing dongeng Ki Ageng Sela.

| No | | | Indikator | Fungsi | L |
|-----|-----|-----|--|--|---------------------------|
| P | I | D | | | |
| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) |
| 1 | 1 | 1 | Dhek jamane kraton Demak, ing bawah Grobogan ana wong kang jenenge Ki Ageng Sela. | - | α |
| | | 4 | Kocapa nuju sawijining dina, kaya adat sabene Ki Ageng Sela lagi macul ana sawah. | | |
| 2 | 2 | 7 | Ora antara suwe ing kono ana wong kaki-kaki teka, njur arep nyedhaki nggone Ki Ageng mau. | <i>Datang tak terkenal</i> | O |
| | | 3 | Ning Ki Ageng wis waspada, ngerti yen kuwi dudu sabaene uwong, basan wus cedhak, kaki-kaki mau durung nganti bisa apa-apa, weruh-weruh wis dicekel karo Ki Ageng. | <i>Menangkap penjahat</i> | E ¹¹ |
| | | 4 | Lha ngertia cah, bareng wong kaki-kaki mau dicekel, kuwi rak banjur kroncalan, malik rupane dadi nggegirisi. | <i>Sifat fisik yang baru</i> | T ¹ |
| 3 | 5 | 12 | Lha ngertia cah, sejatine sing dicekel Ki Ageng Sela kuwi bledheg. | <i>Penyingkapan (tabir)</i> | Ex |
| | | 6 | Sok nyamber uwong, nek kena ya bisa mati. | <i>Membunuh</i> | A ¹⁴ |
| 4 | 7 | 16 | Nutugake dongenge mau, sing tak kandhakake wong kaki-kaki mau, sing nyedhaki Ki Ageng Sela, kuwi mau sejatine Kyai Bledheg sing memba-memba dadi wong tuwa, karepe ben ora ketara, arep nyamber Ki Ageng Sela. | <i>Penyingkapan (tabir)</i> <i>Percobaan melenyapkan pahlawan</i> | Ex Pr ⁶ |
| | | 8 | Ning sarehning Ki Ageng mau wong sekti, mula malah wis weruh sadurunge, dadi bledheg | <i>Pahlawan menggunakan kesakti-</i> | ζ^{ii} |

| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) |
|-----|-----|-----|--|--|-----------------|
| | | | durung bisa apa-apa, malah wis dicekel kuwi mau. | <i>an untuk mendapat keterangan tentang penjahat</i> | |
| | 9 | 18 | Bledheg dicekel kuwi wis njur ora duwe daya, wose kalah prebawa karo Ki Ageng. | <i>Menang tanpa bertarung</i> | I ⁸ |
| | 10 | 19 | Saiki karepe Ki Ageng Sela bledheg kuwi arep diaturake menyang ratu Demak, iya Kanjeng Sultan Bintara. | <i>Penjahat dibawa</i> | G ⁱⁱ |
| | 11 | 20 | Tenan bledheg ditampa dening Kanjeng Sultan, lan didhawuhi ndokok ana krangkeng wesi, diseleh ana ngalun-alun. | <i>Perintah Hukuman bagi penjahat</i> | γ^2 U |
| 5 | 12 | 21 | Wah la kocapa, wong ndelok kuwi rak ora karuwan akehe, ndalidir saka ngendi-endi, saka ndesa-ndesa adoh ya padha teka, perlu ndelok bledheg kuwi mau. | <i>Peristiwa penghubung</i> | B |
| | 13 | 22 | Kanggo pangeling-eling Kanjeng Sultan iya dhawuh marang abdi juru sungging (tukang gambar), didhawuhi nggambar bledheg kuwi kanggo rerenggan mesjid Demak. | <i>Perintah</i> | γ^2 |
| 6 | 14 | 24 | Kocapa ing antarane wong-wong sing padha nonton kono ana siji, wujud wong nini-nini wis tuwa banget. | <i>Datang tak terkenal</i> | O |
| | | 26 | Tekane mrono karo nggawa bathok isi banyu. | | |
| | 15 | 27 | Sarehne sing ndeleng kuwi akeh banget, dadi nini-nini mau ya mesakake, ngesak-esuk pijer kontal, malah diusek uwong pirang-pirang, ora bisa nyedhak, lan ora bisa weruh, ning kok ya nekad wae, kadereng olehe arep weruh bledheg, diesuk wong akeh meksa ora gelem ngalah, pijer bali ndhesel ana ngarep. | <i>Menyatakan penderitaan</i> | B ⁴ |

| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) |
|-----|-----|-----|--|--|---------------------|
| | 16 | 30 | Basan wis cedhak, ora kanyana-nyana, jebul banyu sing ana bathok banjur disiratake neng krangkeng. Gleger, dheeeer, mengkono suwara sing keprungu seru banget. | <i>Menyelamatkan penjahat yang dihukum</i> | Rs ¹¹ |
| | 17 | 31 | Wong-wong pirang-pirang ora weruh nalare, weruh-weruh krangkeng wesi banjur mbledhos dadi sawalang-walang. | <i>Peristiwa penghubung</i> | B |
| | 18 | 32 | Bledheg sing dikunjara wis ilang bali menyang asale. | <i>Terlepas dari tawanan</i> | K ¹⁰ |
| | 19 | 33 | Sing ndelok kono pating jlerit bingung bilulungan. | <i>Kepulangan</i> <i>Menyatakan penderitaan</i> | ↓ B ⁴ |
| 7 | 20 | 35 | Lha ngertia cah, nini-nini sing tak kandhakake arep melu ndelok kuwi mau, sejatine Nyai Bledheg, bojone Kyai Bledheg sing dicekel Ki Ageng Sela. | <i>Penyingkapan (tabir)</i> | Ex |
| 8 | 21 | 42 | Aku mau kandha yen Kanjeng sultan dhawuh, supaya bledhege digambar. | <i>Perintah</i> | γ^2 |
| | 22 | 43 | Ya uga wis ditandangi, nanging durung rampung bledhege wis ucul, dadi gambare ya durung dadi. | <i>Perintah dipatuhi</i> | δ^2 |
| 9 | 23 | 49 | Mulane seprene, yen pinuju mendhung utawa grimis, banjur ana cleret mak byar, wong-wong banjur padha nyebut, ngucapake mangkene: “I Gandrik, putrane Ki Ageng Sela.” | <i>Mantra agar terlepas dari mangsa penjahat</i> | Rs ^{viii} |

Katrangan:

P : *Paragraf*

I : *Indikator*

D : *Data*

L : *Lambang*

Saking fungsi-fungsi ingkang wonten ing dongeng Ki Ageng Sela menika pikantuk sekawan *lingkungan tindakan* antawisipun *lingkungan aksi penjahat, aksi pembantu, aksi perantara, saha lingkungan aksi pahlawan*. Semanten ugi manggihaken gangsal cara nepangaken paraga ing cariyos kados Ki Ageng Sela dipuntepangaken ing *situasi awal*, kaki-kaki (Kyai Bledheg) saha nini-nini (Nyai Bledheg) dipuntepangaken kanthi cara nindakaken fungsi *datang tak terkenal*, Kanjeng Sultan Bintara nindakaken fungsi *perintah*, juru sungging nindakaken fungsi *perintah dipatuhi*, saha nepangaken wong-wong Demak kanthi cara nindakaken fungsi *peristiwa penghubung*. Salajengipun inggih *skema struktur* kanthi rantaman kados mekaten.

$O E^{11} T^1 Ex A^{14} Ex Pr^6 \zeta^{ii} I^8 G^{ii} \gamma^2 U B \gamma^2 O B^4 Rs^{11} BK^{10} \downarrow B^4 Ex \gamma^2 \delta^2 Rs^{viii}$

B. Pirembagan

Asiling panaliten menika pikantuk saking analisis ingkang urutan caranipun miturut rantaman ingkang sampun dipunandharaken ing bab tiga. Rantaman kasebat dipuntrepaken ing bab pirembagan menika. Pirembagan menika badhe dipunandharaken miturut urutaning cariyos ingkang wonten ing cariyos Ajisaka saha Ki Ageng Sela. Saben dongengipun badhe dipunperang saben *paragraf* sahaurut miturut *kronologi* ing teks.

1. Dongeng Ajisaka

a. Fungsi-fungsi Pelaku

Pirembagan ing cariyos menika badhe dipunperang saben *paragraf*ipun lajeng dipuntemtokaken ukara ingkang jumbuh kaliyan fungsipun.

1) Paragraf 1

(1) Dhek jaman biyen ana ratu, jenenge Prabu Dewatacengkar. Negarane jenenge Medhankamulan. (2) Ratu mau duwe pekareman sing nganeh-anehi, yakuwi doyane iwak uwong. Angger sedina ora mangan iwak uwong, njur ketagihan. Lha uwonge njupuk ngendi? Ora wurung ya njupuk saka kawulane, dipilih sing lemu-lemu tur isih enom, jarene iwake enak. (3) Dadi sang prabu duwe bala, sing gawene mung dikon golek uwong, kanggo dhahare sang prabu mau. (4) Bala sing dipatah golek uwong kuwi saben-saben mblasak ing kampung-kampung. (5) Saben ana uwong lemu tur isih enom banjur dioyak-oyak, dadi kaya ngala njiret asu bae.

Paragraf setunggal menika kaperang dados 8 ukara. Wonten 5 ukara kalebet ing *indikator*. Kados ingkang dipunandharaken Propp ing bab kalih, dongeng menika limrahipun kapurwakan kanthi cara nepangaken kulawarga utawi nyebataken nama, nedahaken kalenggahan, utawi ugi nedahaken status. Ing dongeng Ajisaka menika kapurwakan kanthi ukara ingkang nyebataken kalenggahan lajeng namanipun. Tembung *ratu* menika nedahaken kalenggahan. Salajengipun nyebataken *Prabu Dewatacengkar* minangka ingkang kagungan kalenggahan. Pramila ukara *sepisan* minangka *indikator* 1 menika minangka eksposisi

ingkang dipunsebat *situasi awal* kanthi lambang *a*. *Negarane jenenge Medhangkamulan* menika nedahaken papan kalenggahan Prabu Dewatacengkar. Ukara menika sajatosipun taksih asipat nepangaken. Ananging dening panaliti boten dipunlebetaken ing *indikator situasi awal* mliginipun amargi ukara sepisan kanthi cara semantis sampun cekap nedahaken *situasi awal*.

Ukara minangka *indikator* angka 2 dipungatosaken saking rantamaning tembung. *Ratu mau* inggih menika Prabu Dewatacengkar, *duwe pekareman* inggih menika kagungan kekajengan *sing nganeh-anehi*, ateges Prabu Dewatacengkar kagungan kekajengan ingkang boten limrah. *Yakuwi doyane iwak uwong*. Inggih menika kersa dhahar dagingipun manungsa. Kanthi semantis, rerigen dhahar dagingipun manungsa menika nglanggar ukum alam ingkang dipunsebat *kejahatan*. Fungsi *kejahatan* menika wonten *variasi-variasinipun*. Pramila ukara kasebat dipunwaos kanthi makaping-kaping kangge manggihaken fungsi ingkang genah. Kanthi cara kasebat panaliti manggihaken bilih ukara menika jumbuh kaliyan fungsi *kejahatan* kanthi *variasigunggung pitulas*. Tembung *pekareman* menika nedahaken *gugatan* saha tembung *doyane iwak uwong* menika ingkang nedahaken *cannibalism*. Saking analisis menika, Prabu Dewatacengkar minangka manungsa ananging kersa dhahar dagingipun manungsa dipunsebat *cannibalism*, pramila

pikantuk fungsi *kejahatan* ingkang *variasi* fungsipun *menggugat untuk melakukannibalisms* salajengipun dipunparingi lambang A^{17} .

Fungsi *kejahatan cannibalism* menika asipat *deduktif*. Tegesipun ukara angka kalih menika minangka wosing tetenger saking fungsi *menggugat untuk melakukannibalism*. Ukara kangge ngudhar fungsi kasebat inggih menika *angger sedina ora mangan iwak uwong, njur ketagihan*. Ukara menika nedahaken sipating pekareman Prabu Dewatacengkar ingkang tuman. Saben dinten Prabu Dewatacengkar kedah dhahar dagingipun manungsa. *Kejahatan cannibalism* ingkang teras dipuntindakaken saben dinten. Salajengipun dipunandharaken asal saha *fisikal korban* utawi kahananing badan manungsa ingkang badhe dipundhahar dening Prabu Dewatacengkar kanthi ukara *lha uwonge njupuk ngendi? Ora wurung ya njupuk saka kawulane, dipilih sing lemu-lemu tur isih enom, jarene iwake enak*. Manungsa ingkang dipundhahar dening Prabu Dewatacengkar menika kapundhut saking rakyatipun piyambak utawi kawulanipun. *Fisikal* manungsa ingkang badhe dipundhahar inggih menika tiyang-tiyang ingkang badanipun lema saha taksih timur.

Indikator angka 3 inggih menika kanthi ukaradadi sang prabu *duwe bala, sing gawene mung dikon golek uwong, kanggo dhahare sang prabu mau*. Saking ukara menika wonten tembung ingkang dipunginakaken kangge nemtokaken fungsi ingkang trep. Tembungipun

inggih menika *dikon*. Tembung *dikon* menika tetenger saking pakon utawi parentah. Inggang paring dhawuh inggih menika Prabu Dewatacengkar. Dhawuh menika dipunaturaken dhateng para balanipun kapurih pados tiyang kangge dhaharanipun Prabu Dewatacengkar. Saking tembung ing salebeting ukara menika, pramila ukara kasebat jumbuh kaliyan fungsi *perintah* kanthi lambang γ^2 .

Indikator angka 4 inggih ukara inggang nedahaken asil utawi tanggapan saking fungsi *perintah*. Ukara *bala sing dipatah golek uwong kuwi saben-saben mblasak ing kampung-kampung* menika nedahaken bilih bala inggang pikantuk dhawuh nindakaken utawi pados tiyang kangge dhaharanipun Prabu Dewatacengkar. Papan anggenipun pados tiyang minangka korban menika wonten ing *kampung-kampung*. Dhawuh inggang dipuntindakaken menika ateges sendika dhawuh saha jumbuh kaliyan fungsi *perintah dipatuhikan* kanthi lambang δ^2 .

Paragraf setunggal menika kapungkasan kanthi ukara minangka *indikator* angka 5 inggih menika *saben ana uwong lemu tur isih enom banjur dioyak-oyak, dadi kaya ngala njiret asu bae*. Prastawa kasebat nedahaken bilih bala Prabu Dewatacengkar manggihaken tiyang inggang sami kaliyan inggang dipunkersaaken Prabu Dewatacengkar, satemah kadadosan prastawa *pengejaran* kanthi lambang *Pr*. Inggang dipungatosaken ing prastawa menika inggih *subjek*ipun. Panaliti mbandhingaken *subjek* inggang *tipikal*. Saking menika, saderengipun

nemtokaken fungsi, panaliti maos sedaya cariyos ing *Ajisaka* saking purwa dumugi wasana. Kanthi cara menika panaliti manggihaken *subjek* ing prastawa *pengejaran* minangka *subjek* ingkang nggayutaken antawis prastawa saderengipun kaliyan prastawa salajengipun. *Subjek*ipun inggih menika balanipun Prabu Dewatacengkar ingkang *tipikal* kaliyan *utusan*. Pramila prastawa *pengejaran* menika minangka *perantara* kanthi lambang *B*. Saking analisis menika, ingkang badhe dipunlebetaken ing *skema struktur* inggih menika fungsi *peristiwa penghubung*ipun amargi prastawa menika langkung jumbuh kaliyan fungsi kasebat.

2) Paragraf 2

(6) Mesthi wae wong-wong rakyate ing negara Medhangkamulan kuwi njur kekes, wedi miris, wong-wonge saya suwe saya entek, lha wong pijer dicekeli diladekake sang prabu.

Paragraf kalih menika wonten setunggal ukara kemawon. Ananging saking ukara kasebat pikantuk teges bilih ukara menika nedahaken kahananing para rakyat Medhangkamulan ingkang sami sambat, ajrih dhateng ratunipun ingkang *cannibalism*. Rakyat Medhangkamulan menika minangka *subjek* utawi *objek* ingkang *tipikal* ing cariyos. Inggih menika ingkang nindakaken prastawa *perantara*. Salajengipun dipunwaos kanthi makaping-kaping kangge manggihaken *variasi* saking fungsi *peristiwa penghubung*. Saking ukara angka *enem* menika panaliti manggihaken tembung *kekes*, *wedi miris*.

Tembung menika nedahaken sambating para rakyat ing Medhangkamulan. Pramila kalebet *indikator* angka 6 ingkang jumbuh kaliyan *variasi* fungsi *peristiwa penghubung* inggih menika fungsi *menyatakan penderitaan* kanthi lambang B^4 .

3) Paragraf 3

(7) Lha kocapa ana satriya saka sabrang jenenge Ajisaka. (8) Satriya kuwi teka ing Medhangkamulan, banjur mondhok nggone mbok Randha Dhadhapan. Ajisaka kuwi wong pinter, bagus isih enom, tur sekti. Gawene sok mulang marang wong-wong ing Medhangkamulan. Ya maca, nulis, karo ngelmu-ngelmu liyane. (9) Dadi cekake Ajisaka kuwi ya dadi gurune wong Medhangkamulan. (10) Ajisaka kuwi ya ngerti yen sang prabu Dewatacengkar gawene mangan iwak uwong. (11) Mesthi wae wong-wong ing Medhangkamulan kuwi ya ora seneng marang ratune, uwong kok mangan iwak uwong, suwe-suwe wonge rak entek. Nanging arep brontak ora wani, lha wong arep mungsuh ratune.

Indikator angka 7 menika nedahaken fungsi *keberangkatan*. Sinaosa boten dipunsebataken rerigenipun, tembung *saka sabrang* menika nedahaken bilih ukara kasebat jumbuh kaliyan fungsi *keberangkatan*. Menawi dipunandhahi rerigenipun kados tembung *mangkat*, tuladhanipun *ana satriya mangkat saka sabrang jenenge Ajisaka*, pramila menika langkung nggambangaken jumbuhing ukara kaliyan fungsi *keberangkatan*. Tembung *mangkat* menika pikantuk saking unsur semantis ing ukara angka *pitu* kanthi cara maos makaping-kaping saha nggatosaken gegayutan antawis tembung utawi ukara.

Saking andharan menika, ukara *lha kocapa ana satriya saka sabrang jenenge Ajisakajumbuh* kaliyan fungsi *keberangkatan* kanthi lambang ↑.

Fungsi *keberangkatan* menika gegayutan kaliyan ukara salajengipun. Inggih menika ukara minangka *indikator*angka 8. *Satriya kuwi teka ing Medhankamulan, banjur mondhok nggone mbok Randha Dhadhapan*. Saking ukara menika, panaliti manggihaken kalih tembung ingkang nedahaken rerigen. Tembung *teka* saha tembung *mondhok*. Tembung *teka* menika nedahaken dumuginipun Ajisaka ing Medhankamulan, ananging dereng nedahaken fungsi ingkang jumbuh kaliyan rerigen menika. Pramila dipungatosaken reerigen ingkang kaping kalih inggih menika tembung *mondhok*kangge nggayutaken tembung *teka* kaliyan fungsi ingkang jumbuh. Ajisaka ingkang gesang ing sabrang, samenika sampun alihan ing Medhankamulan mliginipun *mondhoking* dalemipun mbok Randha Dhadhapan. Pramila pikantuk teges bilih tembung *teka* menika nedahaken alihan papan menawi dipungatosaken tembung *mondhok* minangka tetenger kangge nemtokaken fungsipun. Alihan papan ingkang dipuntindakaken Ajisaka menika jumbuh kaliyan fungsi *perpindahan tempat* kathi lambang G.

Ukara *Ajisaka kuwi wong pinter, bagus isih enom, tur sekti*,menika minangka ukara ingkang ngandharaken *fisikal* Ajisaka. Salajengipun ukara *gawene sok mulang marang wong-wong ing*

Medhankamulan menika ngandharaken sipating Ajisaka ingkang kersa mucal para kawula Medhankamulan amargi kagungan kapinteran saha kasekten. Kersanipun Ajisaka mucal menika minangka amal ingkang boten pamrih. Amal tulus menika pikantuk saking semantis ing gegayutan antawis kekalih ukara menika. Saking kekalih ukara menika, dipunringkes ing indikator angka 9 inggih menika *dadi cekake Ajisaka kuwi ya dadi gurune wong Medhankamulan*. Pinter saha kersa mucal, dipunringkes dados *dadi guru*. Dados guru menika nedahaken rerigen satriya. Kados ingkang dipunsebataken ing indikator angka 7, bilih Ajisaka menika minangka satriya. Pramila rerigen satriya menika jumbuh kaliyan *reaksi pahlawan*. Kangge nemtokaken *variasinipun*, pramila dipungatosaken sipating Ajisaka. Salah satunggaling sipat satriya inggih menika lembah manah utawi boten pamrih. Wosipun sipating Ajisaka menika sae. Ateges ingkang dipuntindakaken Ajisaka menika murni saking manahipun kersa mucal para kawula Medhankamulan. Pramila menika jumbuh kaliyan fungsi *melakukan perbuatan murni* kanthi lambang^{E7}.

Salajengipun inggih menika indikator angka 10, *Ajisaka kuwi ya ngerti yen sang prabu Dewata cengkar gawene mangan iwak uwong*. Ingkang dipungatosaken ing ukara menika inggih tembung *ngerti*. Kanthi cara semantis Ajisaka mangertos menawi dipunaturi. Ingkang matur inggih menika kawula Medhankamulan sinaosa boten dipunsebataken

ing teks. Pramila kawula Medhankamulan menika minangka *informan*. *Informan* ngaturaken piala ingkang dipuntindakaken ratunipun inggih menika Prabu Dewatacengkar. Prabu Dewatacengkar nindakaken piala arupi *cannibalism*. Saking andharan menika pikantuk teges bilih Ajisaka pikantuk warta bab piala ingkang dipuntindakaken Prabu Dewatacengkar satemah jumbuh kaliyan fungsi *pahlawan mendapat keterangan tentang penjahat* kanthi lambang ζ^2 .

Paragraf tiga menika kapungkasan kanthi kalih ukara ingkang nedahaken setunggal fungsi. Ukara minangka *indikator* angka 11 inggih menika *mesthi wae wong-wong ing Medhankamulan kuwi ya ora seneng marang ratune, uwong kok mangan iwak uwong, suwe-suwe wonge rak entek*. Panaliti nggatosaken *subjek, objek saha predikat* ingkang *tipikal*. Panaliti manggihaken *wong-wong Medhankamulan saha ora seneng tipikal kaliyan ukara angka enem* inggih menika *wong-wong rakyat Medhankamulan saha wedi miris*. Tegesipun rakyat Medhankamulan menika saweg sambat. Pramila pikantuk teges bilih ukara ingkang tegesipun sami, dipunambali kanthi rantaman tembung ingkang beda, satemah fungsi *menyatakan penderitaan* kanthi lambang B^4 dipunambali ing ukara angka *sewelas*. Ukara angka *sewelas* menika dipunkiataken semantisipun ing ukara pungkasan inggih menika *nanging arep brontak ora wani, lha wong arep mungsuh ratune*. Ananging dening

panaliti, ukara angka *sewelas* sampun cekap nedahaken jumbuhing ukara kaliyan fungsipun, pramila boten dipunlebetaken ing asiling panaliten.

4) Paragraf 4

(12) Ajisaka kuwi ngrasa mesakake banget karo wong-wong Medhangkamulan, mulane banjur niat arep njarag supaya diladekake nyang nggone sang prabu supaya didhahar.(13) Karepe Ajisaka sing kaya mangkono mau digondheli dening wong-wong sing dadi muride, ning Ajisaka nekad wae, karepe wis kenceng tenan.(14) Kapinujon sacedhakeomahe mbok randha Dhadhapan kuwi ana rame-rame, ya kuwi solahé wong-wong sing dioyak-oyak dening balane sang prabu kang lagi golek uwong.(15) Ajisaka malah banjur methukake balane sang prabu mau, njur njaluk supaya diladekake.

Wonten ing *paragraf* sekawan menika panaliti manggihaken sekawan ukara ingkang jumbuh kaliyan fungsi ingkang dipunsamektakaken Propp. Ukara minangka *indikator* angka 12 menika jumbuh kaliyan fungsi *penetralan (tindakan) dimulai*. Tegesipun Ajisaka kagungan akal kangge ngentas kasangsaranipun para rakyat Medhangkamulan ingkang dipundamel dening ratunipun piyambak inggih menika Prabu Dewatacengkar. Jumbuhing ukara kaliyan fungsi menika saking tetenger rantaman tembung *mulane banjur niat arep njarag*. Tembung *mulane* menika nedahaken akal ingkang tuwuh ing manahipun Ajisaka. Rerigen Ajisaka menika dipunsebat *luar biasa* amargi Ajisaka menika kersa masrahaken badanipun kangge dhaharan Prabu Dewatacengkar. Pramila rerigen kapisan ingkang dipuntindakaken

Ajisaka kangge ngatasi *cannibalism* Prabu Dewatacengkar menika jumbuh kaliyan fungsi *penetralan (tindakan) dimulakanti* lambang C.

Pirembagan salajengipun inggih menika *indikator* angka 13 inggih menika *karepe Ajisaka sing kaya mangkono mau digondheli dening wong-wong sing dadi muride, ning Ajisaka nekad wae, karepe wis kenceng tenan. Ide ingkang luar biasa* dening Ajisaka menika kirang nuju prana ing manahipun para murid. Dipungatosaken saking tembung *digondheli*. Tembung menika nedahaken kirang sarujukipun para murid Ajisaka. Sinaosa boten dipunsebataken ing teks, tembung menika sampun nedahaken fungsi *larangan* kanthi lambang γ . Ajisaka sampun pikantuk *larangan* saking muridipun, ananging Ajisaka tetep badhe nindakaken ide kangge masrahaken badanipun minangka dhaharanipun Prabu Dewatacengkar. Andharan menika pikantuk saking tetenger tembung *nekad wae*. Pramila *larangan* ingkang boten dipungatosaken dening Ajisaka menika jumbuh kaliyan fungsi *pelanggaran* kanthi lambang δ .

Sasampunipun ukara ingkang ngewrat fungsi *larangan* saha *pelanggaran*, wonten ukara ingkang prastawanipun sami kaliyan ukara minangka *indikator* angka 5 inggih menika *indikator* angka 14. *Kapinujon sacedhakeomahe mbok randha Dhadhapan kuwi ana rame-rame, ya kuwi solahe wong-wong sing dioyak-oyak dening balane sang prabu kang lagi golek uwong*. Prastawa menika nedahaken *subjek*,

*predikat saha objek ingkang sami kaliyan ukara minangka indikator angka 5. Wong-wong menika nedahaken rakyat Medhangkamulan, dioyak-oyak minangka rerigenipun, saha balanipun Prabu Dewatacengkar ingkang nindakaken rerigen kasebat. Bedanipun, ing ukara minangka indikator angka 5 boten nyebataken papan kadadosan, menawi ing ukara menika prastawa kadadosan ing *sacedhake omahe mbok randha Dhadhapan*. Wosipun ukara menika nedahaken prastawa *pengejaran* ingkang dipuntindakaken dening paraga ingkang *tipikal* kaliyan *perantara*. Pramila fungsi *pengejaran* minangka *peristiwa penghubung* kanthi lambang *B* dipunambali ing ukara menika.*

Pristiwa penghubung menika ngiataken tekadipun Ajisaka kangge nindakaken *pelanggaran* saking *larangan* ingkang dipunaturaken para murid. Tetengeripun saking tembung *malah* ing ukara angka *gangsawelas* inggih menika *Ajisaka malah banjur methukake balane sang prabu mau, njur njaluk supaya diladekake*. Analisis salajengipun inggih menika rantaman tembung *banjur methukake balane sang prabu*. Rantaman tembung kasebat dados tetenger bilih Ajisaka badhe tindak sowan dhateng Prabu Dewatacengkar. Ananging saderengipun wonten dialog ingkang boten dipunsebataken ananging kanthi sesulih rantaman tembung *njur njaluk supaya diladekake*. Dudutanipun, Ajisaka tindak dhateng ngarsanipun Prabu Dewatacengkar kangge masrahaken badanipun. Saking andharan menika, ukara kalebet ing indikator angka

15 ingkang jumbuh kaliyan fungsi *keberangkatan* kanthi lambang ↑. Fungsi menika minangka *keberangkatan* Ajisaka ingkang kaping kalih. Ingkang sepisan inggih menika ing indikator angka 7. Ajisaka tindak saking sabrang tumuju ing negara Mehangkamulan. Ingkang kaping kalih Ajisaka tindak saking dalemipun mbok randha Dhadhapan tumuju ing ngarsanipun Prabu Dewatacengkar. Tegesipun fungsi *keberangkatan* dipun ambali ing ukara menika.

5) Paragraf 5

(16) Wong-wong akeh sing padha nggondheli karo nangis. (17) Mbok randha Dhadhapan banget keranta-ranta atine, sebab Ajisaka kuwi wis dianggep kaya anake. (18) Olehe nangis mbok randha mau ngeres-eresi banget mangkene tembung: “Dhuh anakku Ajisaka, mbok aja kok bacutake karepmu, aku aja kok tonggal mati.” (19) Ajisaka mangsuli: “Wis ta biyung, wis ta biyung, tegakna awakku, ora-orane aku mati.”

Ukara minangka *indikator* angka 16 menika ngambali saking *indikator* angka 13. Wosipun saking kekalih ukara inggih menika prastawa *nggondheli*. Pramila pikantuk fungsi *larangan* kanthi lambang γ.

Ukara salajengipun inggih menika *indikator* angka 17. Ukara menika nedahaken dhuhkita manahipun mbok randha Dhadhapan menawi Ajisaka masrahaken badanipun kangge dhaharan Prabu Dewatacengkar. Saking tembung *keranta-ranta atine*, ukara kasebat

jumbuh kaliyan fungsi *menyatakan penderitaankanthi* lambang B⁴. Mbok randha Dhadhapan *menderita* menawi kelangan Ajisaka ingkang dipunwelrasah kados putranipun piyambak.

Mbok randha Dhadhapan *nangis ngeres-eresi* amargi saking ajrihipun menawi kelangan Ajisaka. Saking dhuhkitanipun mbok randha, medhar ukara ingkang nedahaken *larangan* dhateng Ajisaka. Inggih menika ukara minangkaindikator angka 18. *Olehe nangis mbok randha mau ngeres-eresi banget mangkene tembung: "Dhuh anakku Ajisaka, mbok aja kok bacutake karepmu, aku aja kok tinggal mati. Saking tembung aja menika sampun nedahaken larangan. Aja kok bacutake karepmu nedahaken larangan supados Ajisaka boten masrahaken badanipun dhateng Prabu Dewatacengkar. Aja kok tinggal mati menika nedahaken larangan amargi saking sayangipun mbok randha dhateng Ajisaka. Pramila ukara menika jumbuh kaliyan fungsi larangan kanthi lambang γ . Fungsi larangan menika inggih fungsilarangan ingkang kaping tiga. Larangan ingkang dipunaturaken para murid, wong-wong, saha mbok randha Dhadhapan. Wosipun rakyat Medhangkamulan boten sarujuk menawi Ajisaka masrahaken badanipun dhateng Prabu Dewatacengkar kangge dhaharan.*

Larangan ingkang dipunaturaken dhateng Ajisaka menika tetep boten ndayani kiatipun niat Ajisaka. Andharan menika adhedhasar saking indikator angka 19 minangka ukara pungkasan ing *paragraf*

gangsal. *Ajisaka mangsuli: “Wis ta biyung, wis ta biyung, tegakna awakku, ora-orane aku mati.* Ajisaka nyobi ngayem-ayemi mbok randha kanthi tembung *wis ta biyung* ingkang dipunambali. Ajisaka malah nyuwun panyengkuyung supados langkung sengkut saha wantun nalikanipun sowan Prabu Dewatacengkar kanthi tembung *tegakna awakku.* Ananging saking ukara menika pikantuk semantis bilih Ajisaka tetep nindakaken ide kasebat. Tegesipun, Ajisaka tetep badhe masrahaken badanipun kangge dhaharanipun Prabu Dewatacengkar ananging boten bakal *mati.* Teges sanesipun inggih menika *larangan* ingkang dipunaturaken mbok randha Dhadhapan dipun*langgar* dening Ajisaka. Pramila fungsi *pelanggaran* kanthi lambang δ saking *larangan* ingkang sami dipuntidakaken Ajisaka dumugi kaping kalih.

6) Paragraf 6

(20) Cekake carita, Ajisaka wis tekan ngarsane sang prabu Dewatacengkar.(21) Ajisaka matur yen gelem dadi dhaharane, nanging duwe panyuwun, yakuwi mung nyuwun lemah kang ambane saiket, ya iket kang dianggo Ajisaka dhewe kuwi.(22) Sang prabu nuruti penjaluke.(23) Nanging kocapa, bareng iket dijereng, jebul dawa banget, dijereng digelar ora entek-entek.Nganti ngebaki alun-alun isih durung entek.Nganti mlantrang tekan ngendi-endi.Suwe-suwe tekan njaba kutha, nganti adoh, tekan ndesa-ndesa barang.Terus pantog tekan segara kidul.Wong-wong Medhangkamulan padha pating grubyug ngetutake Ajisaka.

Sasampunipun Ajisaka kapanggih balanipun Prabu Dewatacengkar, saha pikantuk *larangan* dening mbok randha Dhadhapan ingkang dipundherekaken *pelanggaran*, Ajisaka dumugi ing ngarsanipun Prabu Dewatacengkar kanthi ukara minangkaindikator angka 20. Tembung *cekake carita* menika nedahaken ringkesan lampahan saking dalemipun mbok randha Dhadhapan dumugi ngarsanipun Prabu Dewatacengkar. *Ajisaka wis tekan* menika nedahaken Ajisaka sampun dumugi ing papan ingkang dipuntuju, inggih menika ing ngarsanipun Prabu Dewatacengkar. Ewahing papan saking dalemipun mbok randha dados ing ngarsanipun Prabu Dewatacengkar menika jumbuh kaliyan fungsi *perpindahan tempat*. Tembung *cekake carita* menika dipunginakaken kangge nemtokaken variasi fungsi kasebat. Saking dalemipun mbok randha, Ajisaka kepanggih kaliyan balanipun Prabu Dewatacengkar. Pramila nalikanipun lumampah saking dalemipun mbok randha dumugi ngarsanipun Prabu Dewatacengkar ingkang dipunringkes kanthi *cekake carita*, Ajisaka tindak dipundherekaken balanipun Prabu Dewatacengkar. Tegesipun Ajisaka tumuju ing ngarsanipun sang ratu dipunbekta dening balanipun Prabu Dewatacengkar. Saking gamblangipun tetenger, ukara menika kalebet ing indikator angka 20 ingkang jumbuh kaliyan fungsi *perpindahan tempat* kanthi variasi fungsi *pahlawan dibawa* saha kanthi lambang G^2 .

Ajisaka matur yen gelem dadi dhaharane, nanging duwe panyuwun, yakuwi mung nyuwun lemah kang ambane saiket, ya iket kang dianggo Ajisaka dhewe kuwi. Ukara menika inggih indikator angka 21 ingkang nedahaken fungsi. Saking rantaman tembung *Ajisaka matur yen gelem dadi dhaharanemenika* nedahaken bilih Ajisaka badhe dipundhahar dening Prabu Dewatacengkar satemah jumbuh kaliyan fungsi *percobaan memakan pahlawankanthi* lambang Pr⁵.

Saderengipun dipundhahar Prabu Dewatacengkar, Ajisaka ugi ngaturaken sarat kanthi rantaman tembung *nanging duwe panyuwun.* Panyuwun Ajisaka menika nedahaken *rangsangan* bilih Ajisaka kagungan akal kangge ngakali Prabu Dewatacengkar. Panyuwunipun inggih menika kanthi rantaman tembung *yakuwi mung nyuwun lemah kang ambane saiket.* Tembung *mungsaha saiketmenika* dipunaturaken supados saratipun katingal gampil, kamangka sajatosipun Ajisaka menika tiyang sekti. Akal Ajisaka kanthi migunakaken kekalih tembung kangge ngakali Prabu Dewatacengkar menika jumbuh kaliyan fungsi *tipu daya* kanthi lambang η . Pramila ukara minangka *indikator* angka 21 ngewrat kalih fungsi.

Prabu Dewatacengkar kenging daya pangaribawa saking tembung *mung saha saiket.* Samangertosipun *ambane mung saiket* menika boten wiyar. Prabu ugi boten mangertos bilih Ajisaka menika sekti. Ukara *sang prabu nuruti penjalukeutawi indikator* angka 22 menika nedahaken bilih

Prabu Dewatacengar kenging daya pangaribawanipun Ajisaka. Ukara menika jumbuh kaliyan fungsi *keterlibatankanthi* lambang 0.

Prabu Dewatacengkar boten mangertos bilih Ajisaka menika sekti katingal saking tembung *jebul* ing ukara ingkang kalebet ing *indikatorangka 23. Nanging kocapa, bareng iket dijereng, jebul dawa banget, dijereng digelar ora entek-entek.* Ajisaka migunakaken kasektenipun nalika *njereng* iket. Iket menika dipundamel panjang saha *ora entek-entek*. Menawi Ajisaka boten ngersakaken, iket menika boten bakal panjang saha *ora entek-entek*. Tegesipun, Ajisaka migunakaken kasektenipun nalika dipunbetahaken. Saking andharan menika, *indikator angka 23 jumbuh kaliyan fungsi alat sakti akan memberikan kesaktian bila diperlukankanthi* lambang f⁹.

Panjang iket ingkang boten wonten telasipun menika dipungamblangaken ing rantaman ukara *nganti ngebaki alun-alun isih durung entek. Nganti mlantrang tekan ngendi-endi. Suwe-suwe tekan njaba kutha, nganti adoh, tekan ndesa-ndesa barang. Terus pantog tekan segara kidul.* Rantaman ukara menika ngandharaken wiyaring papan ingkang dipunjamah dening iketipun Ajisaka. Kanthi pungkasan ukara *wong-wong Medhankamulan padha pating grubyug ngetutake Ajisaka.* Ukara menika nedahaken kahanan ingkang rame saha rakyat Medhankamulan pengin mirsani kasektenipun Ajisaka.

7) Paragraf 7

Sajrone Ajisaka njereng iket mau, sang prabu uga melu ngetutake karo nunggang gajah. Sang prabu Dewatacengkar nggumun dene ana iket dawane ora lamak.(24) Bareng iket wis pantog tekan segara kidul, Ajisaka banjur matur marang sang prabu, njaluk negara Medhangkamulan kabeh, jalaran negarane wis dikebaki iket.(25) Sang prabu kaget, weruh-weruh jebul negarane wis dikebaki iket, dadi kalah janji.

Saperangan ukara ing *paragraf* pitu menika taksih nedahaken kahanan nalika Ajisaka njereng iket. Sanesipun para rakyat ingkang tumut damel ramening kahanan, Prabu Dewatacengkar ugi pengin mirsani wiyar siti ingkang dipunkersakaken Ajisaka. Ukara kaping kalih ing *paragraf* pitu menika nggambangaken bilih Prabu Dewatacengkar boten mangertos menawi Ajisaka sekti. Saking tembung *nggumun* menika ugi ngiataken jumbuhing antawis *indikator* angka 22 kaliyan fungsi *keterlibatan*.

Wiyar iket ingkang dipunjereng dening Ajisaka inggih menika wiyaring nagari Medhangkamulan. Ajisaka ngakali Prabu Dewatacengkar lajeng migunakaken kasektenipun amargi Ajisaka boten tegel menawi mirsani rakyat Medhangkamulan dados korban *cannibalism* dening ratunipun. Andharan menika pikantuk saking *peristiwa penghubung* ingkang *menyatakan penderitaan* rakyat Medhangkamulan. Tegesipun Ajisaka nindakaken ide ingkang *luar biasasaha* migunakaken kasektenipun kangge ngentas kasangsaran

ingkang dipunalami rakyat Medhangkamulan. Saking gegayutan antawis fungsi menika pikantuk teges bilih *indikator* angka 24 jumbuh kaliyan fungsi *penghapusan penderitaan merata dengan alat saktikanthi* lambang K⁵.

Indikator angka 25 menika asil saking fungsi *tipu daya* ingkang ndadosaken Prabu Dewatacengkar *terlibat*. Saguhipun prabu maringi siti ingkang wiyaripun saiket kangge Ajisaka menika kalebet prajanji. Boten kaduga wiyar iketipun inggih wiyaring nagari Medhangkamulan. Pramila nagari Medhangkamulan kedah dipunparingaken dhateng Ajisaka. *Sang prabu kaget, weruh-weruh jebul negarane wis dikebaki iket, dadi kalah janji*. Saking ukara menika, tembung *kalah janji* dipungatosaken *subjekipun*. Prabu Dewatacengkar menika paraga *tipikal* kaliyan *penjahat*, pramila pikantuk teges bilih Ajisaka minangka pahlawan *menang janji*. Saking andharan menika, ukara minangka *indikator* angka 25 jumbuh kaliyan fungsi *kemenangankanthi* lambang I. Ananging kirang trep menawi dipunlebetaken ing fungsi *kemenangan* kanthi umumipun amargi wonten tembung *janji*. Tembung menika langkung trep menawi kalebet ing *variasi* fungsipun. Pramila dipunpadosi *variasi* fungsi ingkang jumbuh. Ananging ing salebeting *teori fungsi* ingkang dipunsamektakaken dening Propp menika boten wonten *variasi* fungsi *kemenangan* ingkang trep kaliyan prastawa ing salebeting teks inggih menika *janji*. Kamangka teks nedahaken fungsi *kemenangan*

ananging langkung trep dipunwastani *variasi* saking fungsi kasebat. Pramila panaliti damel *variasi* saking fungsi ingkang dipunsamektakaken Propp. Inggih menika fungsi *kemenangan dalam perjanjian* minangka *variasi* fungsi saking *fungsi kemenangan*. *Variasi* fungsi menika dipunlebetaken ing *variasi* fungsi *kemenangan* gunggung pitu kanthi lambang I⁷.

8) Paragraf 8

Cekake, wong-wong rakyat Medhangkamulan kabeh wis mbalik ngeloni Ajisaka, njur padha nglawan ratune. (26) Prabu Dewatacengkar disuraki, dielok-olok njur dijorog-jorogake.(27) Sang prabu wis ora bisa nanggulangi maneh, banjur mundur-mundur kecemplung segara, salah kedadèn dadi baya putih. Swarane broang-braung nganti kaya guntur, saking gedhene, nek ngambang nganti kaya pulo ing tengah segara.

Prabu maringi siti ingkang wiyaripun saiket kangge Ajisaka menika kalebet prajani. Kamangka prabu kalah janji. Pramila rakyat Medhangkamulan sami mbela Ajisaka supados Prabu Dewatacengkar nyaguhi janji kasebat. Menika dipunsebataken kanthi ukara *cekake, wong-wong rakyat Medhangkamulan kabeh wis mbalik ngeloni Ajisaka, njur padha nglawan ratune*.

Ukara salajengipun inggih menika *indikator* angka 26. *Prabu Dewatacengkar disuraki, dielok-olok njur dijorog-jorogake*. Amargi Ajisaka menang janji, nagari Medhangkamulan dados kagunganipun Ajisaka. Prabu Dewatacengkar sampun boten dados ratunipun

Medhangkamulan. Pramila para rakyat saged nglawan Prabu Dewatacengkar kanthi rantaman tembung *disuraki, diolok-olok njur dijorog-jorogake*. Prastawa menika nedahaken paukuman dening para rakyat dhateng Prabu Dewatacengkar awit piala ingkang dipuntindakaken utawi dipunsebat *cannibalism*. Andharan menika nedahaken bilih ukara minangka *indikatorangka 26* jumbuh kaliyan fungsi *hukuman (bagi penjahat)* kanthi lambang U.

Nalika Prabu Dewatacengkar pikantuk paukuman kados menika, boten sengaja prabu dhawah ing segara. Kados ingkang dipunsebataken ing ukara minangka *indikatorangka 27*. *Sangprabu wis ora bisa nanggulangi maneh, banjur mundur-mundur kecemplung segara, salah kedaden dadi baya putih*. Sanalika prabu dhawah ing segara, prabu ingkang saderengipun inggih manungsa, gantos raga dados *baya putih*. Ewahing raga menika nedahaken fungsi *sifat fisik yang baru* kanthi lambang T¹. *Sifat fisik yang baru* menika dipungamblangaken ing ukara salajengipun. Inggih menika *swarane broang-braung nganti kaya guntur, saking gedhene, nek ngambang nganti kaya pulo ing tengah segara*.

9) Paragraf 9

(28) Ajisaka disubya-subya rakyat Medhangkamu-lan, banjur dijumenengake dadi ratu.

Dongeng Ajisaka menika kapungkasan ing *paragraf* 9 ingkang ngewrat setunggal ukara kemawon ananging ugi jumbuh kaliyan fungsi ingkang dipunsamektakaken Propp. Inggih menika ukara ingkang kalebet ing *indikator*angka 28. Amargi Ajisaka saged ngentas kasangsaran ingkang dipunalami rakyat Medhangkamulan, Ajisaka dipunremeni dening sedaya rakyat kanthi tetenger *disubya-subya*. Prabu Dewatacengkar sampun boten dados ratu, pramila nagari Medhangkamulan boten kagungan ratu. Kasatriyan ingkang dipuntindakaken Ajisaka damel remenipun para rakyat satemah Ajisaka *dijumenengake dadi ratu*. Ajisaka ingkang saderengipun dados guru ing Medhangkamulan, samenika sampun dados ratu. Pramila prastawa menika jumbuh kaliyan fungsi *naik tahtakanthi* lambang W.

Saking pirembagan fungsi-fungsi pelaku, panaliti manggihaken *situasi awalsaha* 27 fungsi ing dongeng Ajisaka. Fungsi-fungsi menika karantam saking 18 fungsi. Panaliti manggihaken 27 fungsi amargi wonten saperangan fungsi utawi *variasi* fungsi ingkang dipunambali ing salebeting cariyos.

Saking 27 fungsi menika, panaliti manggihaken setunggal *variasi* fungsi ingkang boten dipunsamektakaken dening Propp. Asil menika paring teges bilih panaliten ingkang dipuntindakaken dening Propp ingkang kirang langkung dhateng satus cariyos dongeng Rusia, boten manggihaken *variasi* fungsi kados menika. Propp nyamektakaken fungsi

kemenangan, ananging boten nyamektakaken variasi ingkang trep kaliyan asiling panaliten. Kamangka *teks* nedahaken fungsi *kemenangan* ananging langkung trep dipunwastani *variasi* saking fungsi kasebat. Pramila panaliti damel *variasi* saking fungsi ingkang dipunsamektakaken Propp. Inggih menika fungsi *kemenangan* dalam *perjanjian* minangka *variasi* fungsi saking fungsi *kemenangan*. Pramila panaliten ing dongeng Ajisaka menika dipunwastani *pengembangan* saking teori fungsi ingkang dipundamel dening Propp.

b. Lingkungan Tindakan

Pirembagan menika badhe ngrembag fungsi-fungsi ingkang kalebet ing *lingkungan tindakan*. Kados ingkang dipunandharaken ing bab kalih bilih saben *lingkungan tindakan* menika ngewrat saperangan fungsi. Perangan fungsi menika dening panaliti dipunginakaken minangka tetenger kangge nemtokaken *lingkungan tindakan*. Lingkungan tindakan saha peranganipun sampun dipunandharaken ing bab kalih.

Supados langkung gampang anggenipun madosi fungsi ingkang kalebet ing *lingkungan tindakan*, panaliti badhe merang rantaman fungsi dados saben *paragraf*ipun.

Paragraf tunggal menika wonten fungsi *menggugat untuk melakukannibalism, perintah, Perintah dipatuhi, sahapéristiwa penghubung*. Kanthi rantaman lambang $A^{17}\gamma^2\delta^2$ B. Kados ingkang

dipunandharaken Propp bilih γ saha δ boten dipunlebetaken ing *lingkungan tindakan*. Pramila kanton fungsi *menggugat untuk melakukancannibalism*(A¹⁷) saha *peristiwa penghubung* (B). Fungsi *menggugat untuk melakukancannibalism* menika minangka variasi fungsi saking fungsi *kejahatan*. Pramila fungsi *menggugat untuk melakukancannibalism* (A¹⁷) kalebet ing *lingkungan tindakan villain* utawi *lingkungan aksi penjahat*. Salajengipun inggih menika fungsi *peristiwa penghubung*(B). Fungsi menika kalebet ing *lingkungan tindakan dispatcher* utawi *lingkungan aksi perantara*.

Paragraf kalih menika wonten fungsi *menyatakan penderitaan* kanthi lambang B⁴. Fungsi *menyatakan penderitaan* menika minangka variasi saking fungsi *peristiwa penghubung*. Pramila fungsi menika dipunlebetaken ing *lingkungan tindakan dispatcher* utawi *lingkungan aksi perantara*.

Paragraf tiga menika wonten fungsi *keberangkatan, perpindahan (tempat), melakukan perbuatan murni, pahlawan mendapat keterangan tentang penjahat*, saha fungsi *menyatakan penderitaan*. Kanthi rantaman lambang $\uparrow G E^7 \zeta^2 B^4$. Fungsi *keberangkatan* menika kalebet ing kalih *lingkungan tindakan*. Inggih menika *lingkungan aksi pahlawan saha lingkungan aksi pahlawan palsu*. Kangge nemtokaken salah setunggal saking kekalih *lingkungan tindakan* menika, panaliti nggatosaken *subjek ingkang tipikal*. *Subjek* ingkang nindakaken fungsi *keberangkatan* inggih

menika Ajisaka. Ing salebeting cariyos, Ajisaka menika *subjek* ingkang *tipikal* kaliyan *pahlawan*. Pramila fungsi *keberangkatan* menika kalebet ing *lingkungan tindakan hero* utawi *lingkungan aksi pahlawan*. Menawi ing fungsi *keberangkatandipungatosaken subjekipun*, panaliti badhe gatosaken *objek* saking fungsi *perpindahan (tempat)*. *Objek* ingkang ngenggingi fungsi kasebat inggih menika mbok randha Dhadhapan. Mbok randha Dhadhapan nyamektakaken papan singgahipun kangge Ajisaka. Tegesipun mbok randha Dhadhapan paring pambiyantu dhateng Ajisaka nalikanipun dugi ing nagari Medhangkamulan. Pramila fungsi *perpindahan (tempat)* menawi dipungatosaken saking mbok randha Dhadhapan, kalebet ing *lingkungan tindakan helper* utawi *lingkungan aksi pembantu*. Fungsi salajengipun inggih menika fungsi *melakukan perbuatan murni*. Fungsi menika minangka *variasi* fungsi saking fungsi *reaksi pahlawan*. Pramila fungsi menika kalebet ing *lingkungan tindakan hero* utawi *lingkungan aksi pahlawan*. Fungsi *pahlawan mendapat keterangan tentang penjahat* (ζ^2) boten saged dados wewaton kangge nemtokaken *lingkungan tindakan*. Salajengipun kados ing paragraf kalih bilih fungsi B^4 kalebet ing *lingkungan tindakan dispatcher* utawi *lingkungan aksi perantara*.

Paragraf sekawan menika wonten fungsi *penetralkan (tindakan)* dimulai, *larangan, pelanggaran, peristiwa penghubung, saha keberangkatan*. Kanthi rantaman lambang $C \gamma \delta B \uparrow$. Fungsi *penetralkan*

(tindakan) dimulai ketika dihadapkan dalam lingkungan tindakan. Inggih ketika lingkungan aksi pahlawan dan lingkungan aksi pahlawan palsu. Pramila cara untuk melakukan lingkungan tindakan yang tidak terpisahkan dari kados yang paragraf kalih. Subjek yang tidak melakukan fungsi penetralan (tindakan) dimulai (C) inggih ketika Ajisaka. Yang salebeting cariyos, Ajisaka ketika subjek yang tidak tipikal kaliyan pahlawan. Pramila fungsi penetralan (tindakan) dimulai ketika kalebet ing lingkungan tindakan hero atau lingkungan aksi pahlawan. Kados ing paragraf setunggal bilih γ saha δ boten dipun lebetaken ing lingkungan tindakan. Fungsi B ing paragraf ketika sami kaliyan fungsi B ing paragraf saderengipun, pramila dipunlebetaken ing lingkungan tindakan dispatcher atau lingkungan aksi perantara. Subjek ing fungsi keberangkatan ketika sami kaliyan subjek keberangkatan ing paragraf tiga. Inggih ketika Ajisaka minangka subjek yang tidak tipikal kaliyan pahlawan. Pramila fungsi keberangkatan ketika kalebet ing lingkungan tindakan hero atau lingkungan aksi pahlawan.

Paragraf gangsal ketika antawisipun fungsi larangan, menyatakan penderitaan, larangan, saha pelanggaran. Kanthi rantaman lambang $\gamma B^4 \gamma \delta$. Saking fungsi-fungsi ketika namung fungsi menyatakan penderitaan (B^4) yang tidak dipunginakaken kangge nemtokaken lingkungan tindakan. Fungsi menyatakan penderitaan ketika minangka variasi fungsi saking fungsi peristiwa

penghubung. Pramila fungsi menika dipunlebetaken ing *lingkungan tindakan dispatcher* utawi *lingkungan aksi perantara*.

Paragraf enem menika wonten fungsi *pahlawan dibawa*, *percobaan memakan pahlawan*, *tipu daya*, *keterlibatan*, saha fungsi *alat sakti akan memberikan kesaktian bila diperlukan*. Kathi rantaman lambang $G^2Pr^5\eta\theta f^9$. Fungsi *pahlawan dibawa* menika minangka variasi fungsi saking fungsi *perpindahan (tempat)*. Pramila cara nemtokaken *lingkungan tindakan*ipun kedah gatosaken *subjek* utawi *objek*ipun. *Subjek* ingkang nindakaken fungsi kasebat inggih menika Ajisaka. Ananging kanthi cara semantis wonten paraga sanes sinaosa boten dipunsebataken ing teks inggih menika balanipun Prabu Dewatacengkar. Tegesipun Ajisaka *dibawa* balanipun Prabu Dewatacengkar. Balanipun Prabu Dewatacengkar menika kanthi cara boten langsung mbiyantu Ajisaka supados saged kepanggih Prabu Dewatacengkar. Pramila ingkang dipungatosaken inggih menika balanipun Prabu Dewatacengkar. Saking andharan menika, fungsi *pahlawan dibawa* kalebet ing *lingkungan tindakan helper* utawi *lingkungan aksi pembantu*. Salajengipun inggih menika fungsi *percobaan memakan pahlawan*. Sinaosa ing cariyos boten dipunsebataken, ananging teks ingkang nedahaken fungsi menika utawi ukara ing *indikator* angka 21 nedahaken bilih ingkang nindakaken fungsi menika Prabu Dewatacengkar. Prabu Dewatacengkar menika *tipikal*

kaliyan *penjahat*. Fungsi *percobaan memakan pahlawan*(Pr⁵) menika minangka *variasi fungsi pengejaran*(Pr). Saking tetengeripun, fungsi *percobaan memakan pahlawan*(Pr⁵) kalebet ing *lingkungan tindakan villain* utawi *lingkungan aksi penjahat*. Fungsi η saha θ boten kalebet ing *lingkungan tindakan kados* ingkang dipunandharaken Propp saderengipun. Fungsi *alat sakti akan memberikan kesaktian bila diperlukan* minangka *variasi fungsi penerimaan alat sakti*. Ing salebeting cariyos, boten wonten ukara ingkang nyebataken bilih *alat sakti* menika minangka *pemberian*. *Alat sakti* menika panci kagunganipun Ajisaka. Ajisaka ingkang damel alat menika ketinggal sekti. Boten wonten tiyang ingkang maringi kasekten. Tegesipun boten wonten *donor* ing cariyos. Pramila boten wonten *lingkungan tindakan* ingkang jumbuh kaliyan fungsi menika.

Paragraf pitu menika wonten fungsi *penghapusan penderitaan merata dengan alat sakti* saha fungsi *kemenangan dalam perjanjian* kanthi lambang K⁵ saha I⁷. Fungsi *penghapusan penderitaan merata dengan alat sakti* menika minangka *variasi* saking fungsi *kebutuhan terpenuhi*. Limrahipun *subjek* ingkang nindakaken *tipikal* kaliyan *pembantu*. *Subjek* ingkang nindakaken fungsi *penghapusan penderitaan merata dengan alat sakti* inggih menika Ajisaka. Ajisaka paring iguh pratikel kangge ngentas kansangsarang rakyat Medhangkamulan. Pramila fungsi kasebat dipunlebetaken ing *lingkungan*

tindakan helper utawilingkungan aksi pembantu. Fungsi salajengipun ing *paragraf pitu* inggih menika fungsi kemenangan dalam perjanjian minangka variasi saking fungsi kemenangan. Propp boten damel fungsi menika dados tetenger ing *lingkungan tindakan*.

Paragraf wolumenika wonten fungsi hukuman (bagi penjahat)saha fungsi sifat fisik yang barukanthi lambang U saha T¹. Ingkang sepisan inggih menika fungsi hukuman (bagi penjahat). Ing pirembagan menika dipungatosaken paraga ingkang paring paukuman dhateng Prabu Dewatacengkar. Ingkang paring paukuman inggih rakyat Medhangkamulan. Pramila boten wonten paraga ingkang tipikalminangka tetenger kangge nemtokaken *lingkungan tindakan*. Fungsi sifat fisik yang barumenika minangka variasi saking fungsi penjelmaan. Ingkang nindakaken fungsi menika inggih Prabu Dewatacengkar. *Penjelmaan* menika minangka asil saking paukuman ingkang dipunalami dening penjahat mliginipun Prabu Dewatacengkar. Sinaosa fungsi penjelmaankanthi variasi fungsi sifat fisik yang barudados tetenger ing *lingkungan aksi pembantu*, fungsi kasebat boten dipunlebetaken ing *lingkungan* menika, amargi boten wonten paraga ingkang tipikal.Tegesipun,penjelmaan dening Prabu Dewatacengkar menika minangka asil saking paukuman saha boten nedahaken paraga ingkang tipikal kaliyan pembantu.

Paragraf sanga menika wonten setunggal fungsi kemawon. Inggih menika fungsi *naik tahtakanthi* lambang W. Fungsi menika minangka *variasi* saking fungsi *perkawinan* dan *naik tahta*. Subjekipun inggih menika Ajisaka minangka *pahlawan*. Pramila fungsi *naik tahta* dipunlebetaken ing *lingkungan tindakan hero* utawi *lingkungan aksi pahlawan*.

Ringkesanipun andharan ing inggil inggih menika wonten sekawan *lingkungan tindakan* ing cariyos dongeng Ajisaka. Peranganipun kados mekaten.

- 1) *Lingkungan aksi penjahat*. Rantaman perangan: *menggugat untuk melakukan cannibalism (A¹⁷), percobaan memakan pahlawan (Pr⁵)*.
- 2) *Lingkungan aksi pembantu*. Rantaman perangan: *perpindahan (tempat)(G), pahlawan dibawa(G²), penghapusan penderitaan merata dengan alat sakti(K⁵)*.
- 3) *Lingkungan aksi perantara*. Rantaman perangan: *peristiwa penghubung (B), menyatakan penderitaan(B⁴), menyatakan penderitaan (B⁴), peristiwa penghubung (B), menyatakan penderitaan (B⁴)*.
- 4) *Lingkungan aksi pahlawan*. Rantaman perangan: *keberangkatan (↑), melakukan perbuatan murni (E⁷), penetralan (tindakan) dimulai (C), keberangkatan (↑),naik tahta (W)*.

c. Cara Nepangaken Paraga ing Cariyos

Wonten ing pirembagan menika, panaliti nemtokaken paraga-paraga ingkang wonten ing cariyos Ajisaka. Panaliti manggihaken Prabu Dewatacengkar, balanipun Prabu Dewatacengkar, rakyat Medhangka-mulan, Ajisaka, saha mbok randha Dhadhapan. Paraga-paraga menika dipunpadosi fungsi ingkang dipuntindakaken. Lajeng fungsi-fungsi menika dipunjumbuhaken kaliyan *lingkungan tindakansaha* dipungatosaken fungsi sepisan ingkang dipuntindakaken supados saged mangertos caranipun nepangaken paraga ing cariyos.

Prabu Dewatacengkar menika dipunsebatake ing *situasi awal* ingkang salajengipun nindakaken fungsi-fungsi kados *menggugat untuk melakukancannibalism, perintah, percobaan memakan pahlawan, keterlibatan, objek saking fungsi kemenangan, objek saking fungsihukuman (bagi penjahat)*, saha nindakaken fungsi *sifat fisik yang baru*. Tegesipun, Prabu Dewatacengkar menika nindakake saha nedahaken kersanipun dhahar dagingipun manungsa, paring dhawuh kangge pados korban, badhe ndhahar Ajisaka, kening daya pangaribawa, kalah janji, pikantuk paukuman, saha malih dados baya putih. Saking fungsi-fungsi menika, Prabu Dewatacengkar kalebet ing *lingkungan aksi penjahat*. Semanten ugi fungsi sepisan ingkang dipuntindakaken menika *cannibalism* minangka nedahaken *kejahatan*. Pramila dipunmangertos bilih Prabu Dewatacengkar tipikal

kaliyan *penjahatsaha* dipuntepangaken ing *situasi awal* kanthi cara nyebataken nama saha kalenggahanipun.

Balanipun Prabu Dewatacengkar menika nindakaken saha nedahaken fungsi *perintah dipatuhi, peristiwa penghubung, peristiwa penghubung, saha perpindahan (tempat)*. Tegesipun, balanipun Prabu Dewatacengkar menika pados korban, ngoyak-oyak rakyat Medhangka-mulan, ngoyak-oyak rakyat Medhangkamulan malih, saha ndherekaken Ajisaka sowan Prabu Dewatacengkar. Saking analisis menika, pikantuk teges bilih balanipun Prabu Dewatacengkar menika kalebet ing kalih *lingkungan tindakan*. Inggih menika *lingkungan aksi perantara saha lingkungan aksi pembantu*. Propp ngandharaken bilih samangke pinanggih paraga ingkang kalebet ing *lingkungan tindakan* ingkang langkung saking setunggal, pramila dipunpundhut fungsi kapisan ingkang dipuntindakaken paraga. Kamangka ingkang sepisan dipuntindakaken inggih menika *peristiwa penghubung*, pramila dipunmangertos bilih cara nepangaken balanipun Prabu Dewatacengkar ingkang *tipikal* kaliyan *perantarakanthi* nindakaken fungsi *perintah dipatuhisaking dhawuh* ingkang dipunaturaken dening Prabu Dewatacengkar.

Rakyat Medhangkamulan menika kalebet ing fungsi *peristiwa penghubung, menyatakan penderitaan, menyatakan penderitaan* ingkang sami, *larangan, objek* saking *peristiwa*

penghubung, larangan, subjeksaking hukuman (bagi penjahat), subjek ingkang dadosaken *naik tahta*. Tegesipun, rakyat Medhangkamulan menika dioyak-oyak balanipun Prabu Dewatacengkar, sengsara, dioyak-oyak balanipun Prabu Dewatacengkar malih, nglarang Ajisaka, paring paukuman dhateng Prabu Dewatacengkar, saha jumenengaken Ajisaka dados ratu. Saking fungsi-fungsi menika, rakyat Medhangkamulan kalebet ing *lingkungan aksi perantara*. Semanten ugi fungsi sepisan ingkang dipuntindakaken menika *menyatakan penderitaan* minangka nedahaken *peristiwa penghubung*. Pramila dipunmangertos bilih cara nepangaken rakyat Medhangkamulan ingkang tipikal kaliyan *perantarakanthi* nindakaken fungsi *peristiwa penghubung* minangka korban kangge dhaharanipun Prabu Dewatacengkar.

Mbok randha Dhadhapan menika namung kalebet ing saperangan fungsi inggi menika *perpindahan (tempat), menyatakan penderitaan, sahafungsilarangan*. Tegesipun, mbok randha Dhadhapan menika nyamektakaken papan singgah kangge Ajisaka, keranta-ranta manahipun menawi ditinggal Ajisaka, nglarang Ajisaka. Kalebet ing kalih *lingkungan tindakan*, inggih menika *lingkungan aksi pembantu* saha *lingkungan aksi perantara*. Pramila dipunpundhut fungsi kapisan ingkang dipuntindakaken paraga. Kamangka ingkang sepisan dipuntindakaken inggih menika *perpindahan (tempat)*,

pramila dipunmangertos bilih cara nepangaken mbok randha Dhadhapan ingkang tipikal kaliyan *pembantu* minangka paraga ingkang nyamektakaken papan saking fungsi *perpindahan tempat* dening Ajisaka.

Ajisaka menika nindakaken saha kalebet ing fungsi *keberangkatan, perpindahan (tempat), melakukan perbuatan murni, pahlawan mendapat keterangan tentang penjahat, penetralan (tindakan) dimulai, pelanggaran, keberangkatan, pelanggaran, pahlawan dibawa, percobaan memakan pahlawan, tipu daya, penghapusan penderitaan merata dengan alat sakti, kemenangan, saha fungsi naik tahta*. Tegesipun Ajisaka tindak dhateng Medhangkamulan, singgah wonten dalemipun mbok randha Dhadhapan, ngasta mucal ing Medhangkamulan, mangertos pialanipun Prabu Dewatacengkar, kagungan akal kangge ngentas kasangsaran, nglanggar *larangan*, tindak dhateng ngarsanipun Prabu Dewatacengkar, nglanggar *larangan* ingkang dipun ambali, dibekta dening balanipun Prabu Dewatacengkar, badhe dipundhahar dening Prabu Dewatacengkar, Ajisaka ngakali Prabu Dewatacengkar, njereng iket, ngrebut nagari Medhangkamulan saking Prabu Dewatacengkar, menang janji, dipunjumenengaken dados ratu. Saking kathahipun fungsi ingkang nedahaken Ajisaka, pinanggih kalih *lingkungan tindakan* ingkang ngewrat fungsi-fungsi kasebat. Inggih menika

lingkungan aksi pahlawan saha *lingkungan aksi pembantu*. Pramila dipunpundhut fungsi kapisan ingkang dipuntindakaken paraga. Kamangka ingkang sepisan dipun tindakaken inggih menika *keberangkatan* ingkang kalebet ing *lingkungan aksi pahlawan*, pramila dipunmangertos bilih cara nepangaken Ajisaka ingkang tipikal kaliyan *pahlawan* nindakaken fungsi *keberangkatan* saking sabrang tumuju ing nagari Medhangkamulan.

Saking pirembaran ing inggil, dudutanipun inggih menika wonten sekawan cara nepangaken paraga ing dongeng Ajisaka. Menawi dipuntingali saking nama-nama paraga, antawisipun. Prabu Dewatacengkar dipuntepangaken ing *situasi awal*, balanipun Prabu Dewatacengkar kanthi nindakaken fungsi *perintah dipatuhi*, rakyat Medhangkamulan kanthi nindakaken fungsi *peristiwa penghubung*, mbok randha Dhadhapan minangka *objek* saking fungsi *perpindahan tempat*, sahanepangaken Ajisaka kanthi nindakaken fungsi *keberangkatan*. Menawi dipuntingali saking tipikal paraga, kados mekaten *penjahat* dipuntepangaken ing *situasi awal*, *perantara* kanthi nindakaken fungsi *perintah dipatuhi* saha *peristiwa penghubung*, pembantun yamektakaken fungsi *perpindahan tempat*, sahanepangaken *pahlawan* kanthi nindakaken fungsi *keberangkatan*.

d. Skema Struktur

Skema struktur menika minangka asiling rantaman saking fungsi-fungsi ingkang kapanggih ing dongeng Ajisaka. Fungsi-fungsi ingkang dipunparingi lambang menika dipunsusun miturut *garis sintagmatissaha* miturut *paradigmatis* jumbuhing *kronologi* kaliyan *fungsi*.

1) Skema strukturmiturut *garis sintagmatis*

Skema strukturmiturut *garis sintagmatis*menikategesipun miturut rantaman *kronologi* ingkang wonten ing teks. Rantaman *kronologi* ing teks Ajisaka adhedhasar cariyos kados mekatèn.

Dhek jaman biyen ana ratu, jenenge Prabu Dewatacengkar. Ratu mau duwe pekareman sing nganeh-anehi, yakuwi doyane iwak uwong. Dadi sang prabu duwe bala, sing gawene mung dikon golek uwong, kanggo dhahare sang prabu mau. Bala sing dipatah golek uwong kuwi saben-saben mblasak ing kampung-kampung. Saben ana uwong lemu tur isih enom banjur dioyak-oyak, dadi kaya ngala njiret asu bae.

Mesthi wae wong-wong rakyaté ing negara Medhankamulan kuwi njur kekes, wedi miris, wong-wongé saya suwe saya entek, lha wong pijer dicekeli diladekake sang prabu.

Lha kocapa ana satriya saka sabrang jenenge Ajisaka. Satriya kuwi teka ing Medhankamulan, banjur mondhok nggone mbok Randha Dhadhapan. Dadi cekake Ajisaka kuwi ya dadi gurune wong Medhankamulan. Ajisaka kuwi ya ngerti yen sang prabu Dewatacengkar gawene mangan iwak uwong. Mesthi wae wong-wong ing Medhankamulan kuwi ya ora seneng marang ratuné, uwong kok mangan iwak uwong, suwe-suwe wongé rak entek.

Ajisaka kuwi ngrasa mesakake banget karo wong-wong Medhangkamulan, mulane banjur niat arep njarag supaya diladekake nyang nggone sang prabu supaya didhahar. Karepe Ajisaka sing kaya mangkono mau digondheli dening wong-wong sing dadi muride, ning Ajisaka nekad wae, karepe wis kenceng tenan. Kapinujon sacedhakeomahe mbok randha Dhadhapan kuwi ana rame-rame, ya kuwi solahe wong-wong sing dioyak-oyak dening balane sang prabu kang lagi golek uwong. Ajisaka malah banjur methukake balane sang prabu mau, njur njaluk supaya diladekake.

Wong-wong akeh sing padha nggondheli karo nangis. Mbok randha Dhadhapan banget keranta-ranta atine, sebab Ajisaka kuwi wis dianggep kaya anake. Olehe nangis mbok randha mau ngeres-eresi banget mangkene tembung: “Dhuh anakku Ajisaka, mbok aja kok bacutake karepmu, aku aja kok tinggal mati.” Ajisaka mangsuli: “Wis ta biyung, wis ta biyung, tegakna awakku, ora-orane aku mati.”

Cekake carita, Ajisaka wis tekan ngarsane sang prabu Dewatacengkar. Ajisaka matur yen gelem dadi dhaharane, nanging duwe panyuwun, yakuwi mung nyuwun lemah kang ambane saiket, ya iket kang dianggo Ajisaka dhewe kuwi. Sang prabu nuruti penjaluke. Nanging kocapa, bareng iket dijereng, jebul dawa banget, dijereng digelar ora entek-entek.

Bareng iket wis pantog tekan segara kidul, Ajisaka banjur matur marang sang prabu, njaluk negara Medhangkamulan kabeh, jalaran Negarane wis dikebaki iket. Sang prabu kaget, weruh-weruh jebul negarane wis dikebaki iket, dadi kalah janji.

Prabu Dewatacengkar disuraki, diolok-olok njur dijorog-jorogake. Sang prabu wis ora bisa nanggulangi maneh, banjur mundur-mundur keceplung segara, salah kedaden dadi baya putih.

Ajisaka disubya-subya rakyat Medhangkamulan, banjur dijumenengake dadi ratu.

2) Skema strukturmiturut *paradigmatis* jumbuhing *kronologi* kaliyan fungsi.

Saking cariyos kanthi *sintagmatis* ing inggil, dipunpundhut wosing prastawa lajeng dipunjumbuhaken kaliyan *teori* fungsi satemah pikantuk *paradigmatis* kados mekatèn.

Kapurwakan kanthi *situasi awal* ingkang nyebataken Prabu Dewatacengkar minangka ratu ing Medhankamulan. Dipunlajengaken prastawa utawi rerigen ingkang nedahaken fungsi. Prabu Dewatacengkar kersa dhahar dagingipun manungsa (*menggugat untuk melakukancannibalism* (A¹⁷)), Prabu Dewatacengkar ngutus balanipun kangge pados korban (*perintah* (γ^2)), balanipun prabu pados korban (*perintah dipatuhi* (δ^2)), balanipun prabu ngoyak-oyak korban (*peristiwa penghubung* (B)), rakyat Medhankamulan dados ajrih saha sangsara (*menyatakan penderitaan* (B⁴)), Ajisaka tindak dhateng nagari Medhankamulan (*keberangkatan* (\uparrow)), Ajisaka mondhok ing dalemipun mbok randha Dhadhapan (*perpindahan tempat* (G)), Ajisaka mucal ing Medhankamulan (*melakukan perbuatan murni* (E⁷)), Ajisaka mangertos pialanipun Prabu Dewatacengkar (*pahlawan mendapat keterangan tentang penjahat*(ζ^2)), rakyat Medhankamulan ngresula awit pialanipun Prabu Dewatacengkar (*menyatakan penderitaan* (B⁴)), Ajisaka sengaja badhe masrahaken badanipun supados dipundhahar Prabu Dewatacengkar (*penetralan (tindakan) dimulai*(C)), murid Ajisaka

boten sarujuk (*larangan* (γ)), Ajisaka tetep nekad (*pelanggaran* (δ)), balanipun prabu ngoyak-oyak *korban* (*peristiwa penghubung* (B)), Ajisaka tindak pinanggih balanipun prabu (*keberangkatan* (\uparrow)), rakyat Medhangkamulan nggondheli (*larangan* (γ)), mbok randha Dhahapan keranta-ranta manahipun (*menyatakan penderitaan* (B^4)), mbok randha Dhadhapan nglarang Ajisaka (*larangan* (γ)), Ajisaka tetep badhe tindak (*pelanggaran* (δ)), Ajisaka dibekta balanipun prabu (*pahlawan dibawa* (G^2)), Ajisaka badhe dipundhahar dening Prabu Dewatacengkar (*percobaan memakan pahlawan* (Pr^5)), Ajisaka nyuwun sarat inggih menika siti ingkang wiyaripun saiket (*tipu daya* (η)), Prabu Dewatacengkar ngestokaken (*keterlibatan* (θ)), nalika iket dipunjereng, iketipun panjang sanget ngantos ngiteri nagari Medhangkamulan (*alat sakti akan memberikan kesaktian bila diperlukan* (f^9)), Ajisaka nyuwun nagara Medhang-kamulan (*penghapusan penderitaan merata dengan alat sakti* (K^5)), Ajisaka menang janji (*kemenangan dalam perjanjian* (I^7)), Prabu Dewatacengkar dijorogake rakyat Medhangkamulan (*hukuman bagi penjahat* (U)), Prabu Dewatacengkar malih dados baya putih (*sifat fisik yang baru* (T^1)), Ajisaka dipunjumenengaken dados ratu ing Medhangkamulan (*naik tahta* (W)).

Saking rantama *kronologi* menika, dipunpuhnut lambang saking fungsi-fungsipun supados ketingal langkung ringkes saha langkung gampil anggenipun nganalisis jumbuhing *skema struktur* ing panaliten

kaliyan teori *skema* ingkang dipunsamektakaken Propp samangke.

Skema saking dongeng Ajisaka inggih menika:

$$A^{17}\gamma^2\delta^2B B^4\uparrow GE^7\zeta^2B^4C\gamma\delta B \uparrow\gamma B^4\gamma\delta G^2Pr^5\eta\theta f^9K^5I^7U T^1W$$


Propp nggandharaken *skema struktur* umum kaperang dados sekawan. Antawisipun, (1) cariyos ingkang ngewrat unsur *pertarungan, kemenangan, pembunuhan tanpa perlawanan*, (2) cariyos ingkang ngewrattugas berat, (3) cariyos ingkang ngewrat unsur *pertarungan, kemenangan, pembunuhan tanpa perlawanan, saha tugas berat*, (4) cariyos ingkang boten ngewrat unsur *pertarungan*, utawi ugi boten ngewrat unsur *tugas berat*. Adhedhasar saking fungsi ingkang kapanggih ing dongeng Ajisaka, boten wonten unsur *pertarungan, tugas berat saha pembunuhan tanpa perlawanan*. Sinaosa wonten unsur *kemenangan*ipun, fungsi menika boten minangka asil saking *pertarungan*. Pramila fungsi menika boten dipunginakaken kangge nemtokaken *skema* ingkang trep. Saking andharan menika paring teges bilih *skema* cariyos Ajisaka jumbuh kaliyan tetenger angka sekawan inggih cariyos ingkang boten ngewrat unsur *pertarungan*, utawi ugi boten ngewrat unsur *tugas berat*, kanthi *skema struktur* kados mekatan.

$$ABC\uparrow DEFGK \downarrow Pr Rs Q Ex TUW^*$$

Rantaman lambang menika karantam saking fungsi-fungsi kados *kejahatan, peristiwa penghubung, penetralan (tindakan) dimulai*,

keberangkatan, fungsi pertama donor (pemberi), reaksi pahlawan, penerimaan alat sakti, perpindahan tempat, kebutuhan terpenuhi, kepulangan, pengejaran, peyelamatan, pahlawan dikenali, penyingkapan tabir, penjelmaan, hukuman bagi penjahat, perkawinan dan naik tahta.

*Skema struktur Ajisaka menika badhe dipuntandhingaken kaliyan skema ingkang dipunsamektakaken Propp kangge mangertos sami botenipun saha kalebet skema ingkang urut menapa songsang. Ing perangan menika panaliti badhe ngicalaken $\gamma\delta\eta\theta\zeta$ utawi ugi *variasinipun* amargi menika boten kalebet ing pola struktur umum semanten ugi supados langkung gampang anggenipun nandhingaken. Saking menika pikantuk rantaman saha tetandhingan kados mekaten.*



Gambar 1: Tetandhingan Skema Struktur Umum kaliyan Skema Struktur Ajisaka

Tetandhingan menika nedahaken bilih wonten fungsi ingkang kapanggih ing Ajisaka ananging boten wonten ing pola umum. Semanten ugi sawalikipun. Saking tetandhingan ing inggil, ugi pikantuk teges bilih *skema struktur* ing dongeng Ajisaka boten sami kaliyan *skema struktur* kanthi cara umumipun. Bedanipun inggih menika urutanipun. Kathah fungsi ingkang *bersilangan* urutanipun ing tetandhingan menika. Saking menika, pikantuk teges bilih dongeng Ajisaka menika *skema struktur*ipun dipunwastani *songsang*. Sinaosa songsang, wonten perturutan fungsi ingkang sami kaliyan skema umum. Inggih menika cariyos kapuwakan saking *kejahatan* lajeng kapungkasan kanthi *perkawinan dan naik tahtasaha* fungsi *penetralan (tindakan) dimulaidadosaken keberangkatan*.

Tetandhingan menika ugi nedahaken fungsi-fungsi ingkang dipunambali. Kados *peristiwa penghubung* dipunambali kaping gangsal, *keberangkatan* kaping kalih, saha *perpindahan tempat* dipunambali kaping kalih. Wosipun, *skema struktur* dongeng Ajisaka menika botenurut saha wonten fungsi ingkang dipunambali ing lampahaling cariyos.

2. Dongeng Ki Ageng Sela

a. Fungsi-fungsi Pelaku

Pirembagan ing cariyos menika sami kados pirembagan ing dongeng Ajisaka, inggih menika dipunperang saben *paragraf*ipun lajeng dipuntemtokaken *indikator* ingkang jumbuh kaliyan fungsipun.

1) Paragraf 1

(1) Dhek jamane kraton Demak, ing bawah Grobogan ana wong kang jenenge Ki Ageng Sela. Ki Ageng kuwi wis kawentar sekti banget. Dene pegaweyane saben dinane nggarap sawahe, nandur pari, palawija, lan liya-liyane. Kocapa nuju sawijining dina, kaya adat sabene Ki Ageng Sela lagi macul ana sawah. Ing wektu iku mendhunge nggameng lan banjur wiwit grimis riwis-riwis.

Paragraf menika kaperang dados gangsal ukara. Kalih ukara dipunpundhut minangka *indikator* angka 1. Kados ingkang dipunandharaken Propp ing bab kalih, dongeng menika limrahipun kapurwakan kanthi cara nepangaken kulawarga utawi nyebataken nama, nedahaken kalenggahan, utawi ugi nedahaken status. Ing dongeng Ki Ageng Sela menika kapurwakan kanthi ukara ingkang nyebataken papan lajeng namanipun. Papanipun inggih menika wonten ing Grobogan. Salah setunggal tiyang ingkang gesang ing papan menika inggih Ki Ageng Sela. Kanthi semantis, panaliti ugi manggihaken tembung saking ukara ingkang nedahaken *status* mliginipun *status sosial* saha

status pakaryan. Saking tembung *kawentar sekti* ing ukara angka kalih. Menika nedahaken bilih Ki Ageng Sela menika kondhang kaloka. Saking ukara angka tiga menika nedahaken bilih Ki Ageng Sela saben dintenipun minangka *petani*. Ukara kaping sekawan inggih menika *kocapa nuju sawijining dina, kaya adat sabene Ki Ageng Sela lagi macul ana sawah*. Kanthi ukara menika kahanan ing cariyos dipunwiwiti. Menika pikantuk saking tembung *kocapa nuju sawijining dina saha Ki Ageng Sela lagi macul*. Kahanan menika dipunkiataken kanthi swasana ingkang saweg jawah. Inggih menika ukara kaping gangsal ing wektu iku *mendhunge nggameng lan banjur wiwit grimis riwis-riwis*. Saking andharan menika pramila *paragraf* setunggal dipunringkes dados ing *Grobogan ana petani jenenge Ki Ageng Sela. Sawijining dina Ki Ageng Sela lagi macul*. Pramila *paragraf* setunggal menika minangka *situasi awal* ing dongeng Ki Ageng Sela. Ananging dening panaliti, boten sedaya ukara dipunlebetaken ing indikator. Cepak kalih ukara kemawon inggih menika ukara kapisan kaliyan ukara kaping sekawan. Amargi ukara sekawan menika sampun cekap nedahaken bilih Ki Ageng Sela menika minangka petani, mliginipun tetenger saking tembung *macul. Situasi awal* ing cariyos menika dipunparingi lambang α .

2) Paragraf 2

Ki ageng terus wae olehe macul. (2) Ora antara suwe ing kono ana wong kaki-kaki teka, njur arep nyedhaki nggone Ki Ageng mau. (3) Ning Ki Ageng wis waspada, ngerti yen kuwi dudu sabaene uwong, basan wus cedhak, kaki-kaki mau durung nganti bisa apa-apa, weruh-weruh wis dicekel karo Ki Ageng. (4) Lha ngertia cah, bareng wong kaki-kaki mau dicekel, kuwi rak banjur kroncalan, malik rupane dadi nggegirisi. Rupane kuwi njur malik dadi ula, ning gedhe tur untune njrengangah, dawa-dawa nganggo sungut. Wah medeni, lha wong kaki-kaki kok njur malih rupa dadi kaya ngono.

Situasi awal ingkang kapanggih ing *paragraf* setunggal menika dipunkiataken ing setunggal ukara ing *paragraf* kalih. Kahanan ingkang saweg jawah menika boten ndayani Ki Ageng Sela ingkang saweg macul ing sabin. Nalika Ki Ageng Sela macul, wonten tiyang sepuh tindak dhateng Ki Ageng Sela. Saking tembung *kaki-kaki* ing ukara kaping kalih salebeting *paragraf* kalih menika nedahaken bilih tiyang menika boten dipunmangertos namanipun saha sinten sajatosipun tiyang sepuh menika. Pramila pikantuk teges bilih Ki Ageng Sela ugi boten tepang kaliyan tiyang sepuh menika. Semanten ugi panaliti nggatosaken tembung *teka*. Tembung *teka* nedahaken rerigen tindak dhateng Ki Ageng Sela. Saking analisis kados mekaten, pramila ukara angka kalih ing *paragraf* kalih menika minangka *indikator* angka 2 ingkang jumbuh kaliyan fungsi *datang tak terkenal* kanthi lambang O.

Pirembagan salajengipun inggih menika ukara kaping tiga ingkang ugi kalebet ing *indikator* angka 3. *Ning Ki Ageng wis waspada*,

ngerti yen kuwi dudu sabaene uwong, basan wus cedhak, kaki-kaki mau durung nganti bisa apa-apa, weruh-weruh wis dicekel karo Ki Ageng. Saking ukara menika, wonten kalih tembung ingkang kedah dipungatosaken. Inggih menika tembung *ngerti saha dicekel*. Tembung *ngerti menika* kedahipun nedahaken warta. Ananging ing ukara saderengipun boten wonten tembung-tembung ingkang nedahaken paraga minangka *informan*. Pramila menika dereng saged nedahaken *sumber informasibab* sinten kaki-kaki menika. Semanten ugi namung dipunandhahi tembung *dudu sabaene uwong*. Kanthi cara semantis, menika dereng nedahaken teges ingkang gamblang. Mliginipun dereng dipunmangertos teges saking tembung *sabaene*. Saking analisis menika pikantuk teges bilih tembung *ngerti jumbuh kaliyan fungsi informasi* ananging dereng gamblang ukaranipun kangge nemtokaken variasinipun. Pramila rantaman tembung menika dening panaliti dipunsebat *rangsangan saha kalebet catetan sawetawis*. Bilih samangeke manggihaken ukara ingkang jumbuh kaliyan fungsi *informasi*, mila perangan menika dipunginakaken kangge ngiyataken andharan. Salajengipun inggih menika tembung *dicekel*. Miturut ukara, ingkang *dicekel* inggih menika kaki-kaki ingkang *datang tak terkenal*. Tegesipun, Ki Ageng Sela wantun nyekel kaki-kaki menika sinaosa boten tepang. Ki Ageng Sela menika wantun nyekel amargi mangertos bilih kaki-kaki kala wau dudu sabaene uwong. Rerigen

ingkang dipuntindakaken Ki Ageng Sela menika minangka *reaksi* saking tembung *waspada*. Menawi dipungatosaken ing sedaya cariyos, Ki Ageng Sela menika *tipikal* kaliyan *pahlawan*. Pramila rerigen menika dipunwastani *reaksi pahlawan* kanthi lambang E. Ananging analisis menika dereng cekap semanten. Tegesipun dipunpadosi variasi fungsipun, amargi tembung nyekel menika ngiyataken bilih kirang trep menawi dipunlebetaken ing fungsi kanthi umumipun, ananging langkung trep menawi kalebet ing *variasi* fungsi saking fungsi *reaksi pahlawan*. Ananging saking *variasi* fungsi ingkang dipunsamektakaken Propp menika boten wonten variasi ingkang trep, kamangka tembung nyekel menika kiyat sanget menawi kalebet *variasi* saking fungsi *reaksi pahlawan*. Ing salebeting cariyos, kaki-kaki menika *tipikal* kaliyan *penjahat*. Pramila panaliti damel kangge njangkepi *teoripun* Propp inggih menika fungsi *menangkap penjahat* minangka *variasi* saking fungsi *reaksi pahlawan* saha dipunlebetaken ing *variasi* gunggung kalihwelas kanthi lambang E¹¹.

Nalika Ki Ageng Sela nindakaken fungsi *menangkap penjahat*. *Penjahatipun* minangka *objek*, ewah dados *subjek* ing ukara minangka *indikator* kaping 4. Kanthi ukara *lha ngertia cah, bareng wong kaki-kaki mau dicekel, kuwi rak banjur kroncalan, malik rupane dadi nggegirisi*. Kaki-kaki menika *kroncalan* saha *malik rupane*. Rerigen kroncalan menika upiya saking kaki-kaki supados ical saking astanipun

Ki Ageng Sela. Ingang dipungatosaken ing ukara menika inggih *malik rupane*. Kaki-kaki minangka manungsa, amargi dicekel Ki Ageng Sela dados *kroncalan saha malik rupane dadi nggegirisi*. Saking rantaman prastawa menika nedahaken bilih kaki-kaki kasebat ewah raga saha pasuryanipun. Ewahing raga menika nedahaken fungsi *sifat fisik yang barukanthi lambang T¹*.

Sifat fisik yang baru menika dipungamblangaken ing ukara salajengipun. Inggih menika *rupane kuwi njur malik dadi ula, ning gedhe tur untune njrengangah, dawa-dawa nganggo sungut. Wah medeni, lha wong kaki-kaki kok njur malih rupa dadi kaya ngono*. Ukara menika nedahaken wujud raga enggal dados *ula saha pasuryan ingkang untune njrengangah, dawa-dawa nganggo sungut* kados naga. Semanten ugi tembung *nggegirisi* ingkang dipungamblangaken kanthi ukara pungkasan ing *paragraf* kalih inggih menika *wah medeni, lha wong kaki-kaki kok njur malih rupa dadi kaya ngono*. Saking tigang ukara menika, panaliti nglebetaken ukara kaping sekawan kemawon minangka *indikator* angka 4 amargi ukara menika sampun cekap minangka tetenger kangge njumbuhaken fungsi ingkang trep.

3) Paragraf 3

(5) Lha ngertia cah, sejatine sing dicekel Ki Ageng Sela kuwi bledheg. (6) Sok nyamber uwong, nek kena ya bisa mati. Mulane, bocah-bocah yen udan aja sok

dolanan ana njaba. Mengko nek kampirana kyai bledheg...
piye... wedi ora?

Paragraf tiga menika kaperang dados sekawan ukara. Kalih ukara kalebet ing *indikator* angka 5 saha 6. *Indikator* angka 5 inggih menika ukara kapisan saking *paragraf* tiga. Ukara menika kalebet ing *indikator* amargi jumbuh kaliyan fungsi *penyingkapan tabir*. Jumbuhing ukara kaliyan fungsi menika adhedhasar saking tembung *sejatine*. Tembung menika ngudhar bab sinten ingkang dicekel dening Ki Ageng Sela. Menawi dipungatosaken ing prastawa *penangkapan penjahat*, ingkang dicekel dening Ki Ageng Sela inggih kaki-kaki ingkang *datang tak terkenal*. Menawi ukara minangka *indikator* 5 menika dipunewahi dados *lha ngertia cah, sejatine kaki-kaki kuwi bledheg*. Ukara menika boten ngewahi teges, ananging langkung nggambangaken bab sinten ingkang dipuncikel Ki Ageng Sela saha sinten sajatosipun kaki-kaki menika. Sajatosipun kaki-kaki menika inggih bledheg. Pramila saged dipunmangertos bilih ingkang *datang tak terkenal* menika sajatosipun bledheg. Pramila fungsi *penyingkapan tabir* jumbuh kaliyan *indikator* menika saha pikantuk lambang Ex.

Indikator angka 6 inggih menika ukara kaping kalih ing *paragraf* tiga. *Sok nyamber uwong, nek kena ya bisa mati*. Ukara menika saged dipunginakaken kangge ngiyataken *penyingkapan tabir*, semanten ugi kangge nemtokaken *subjek* ingkang *tipikal*. Ukara menika boten prelu

dipunewahi sampun nedahaken kanthi gamblang bilih rerigen menika inggih rerigen *pembunuhan*. *Subjek* ing rerigen menika inggih kaki-kaki utawi bledheg. Pramila bledheg ingkang nindakaken *pembunuhan* menika dipunwastani *tipikal* kaliyan *penjahat*. Analisis menika kangge dhasar pirembagan saderengipun saha salajengipun. Ananging saking analisis kados mekaten, ukara menika boten namung minangka penyengkuyung *indikator* 5 kemawon ananging ugi nedahaken rerigen ingkang jumbuh kaliyan fungsi ingkang dipunsamektakaken Propp. Inggih menika fungsi *kejahatan* kanthi *variasi* fungsi *membunuh*. Pramila dipunlebetaken ing *indikator* 6 kanthi lambang A¹⁴.

Ukara kaping tiga saha sekawan menika kanthi *carasemantis* boten wonten gegayutanipun kaliyan rantaman *kronologi* ing cariyos. Ananging dening panganggit dipunserat kanthi basa ingkang gegayutan kaliyan cariyos. Ngengingi bab dongeng menika dipunanggit kangge waosan lare-lare, pramila *bocah-bocah* ing ukara sekawan menika inggih lare-lare ingkang maos. Dening panaliti, kalih ukara menika dipunsebat amanat saking panganggit dhateng lare-lare ingkang maos cariyos kasebat. Ananging perkawis menika boten dipunrembag kanthi gamblang amargi boten nedahaken rerigen utawi prastawa ingkang gegayutan kaliyan rantaman *kronologi* ing cariyos.

4) Paragraf 4

(7) Nutugake dongenge mau, sing tak kandhakake wong kaki-kaki mau, sing nyedhaki Ki Ageng Sela, kuwi mau sejatine Kyai Bledheg sing memba-memba dadi wong tuwa, karepe ben ora ketara, arep nyamber Ki Ageng Sela. (8) Ning sarehning Ki Ageng mau wong sekti, mula malah wis weruh sadurunge, dadi bledheg durung bisa apa-apa, malah wis dicekel kuwi mau. (9) Bledheg dicekel kuwi wis njur ora duwe daya, wose kalah prebawa karo Ki Ageng. (10) Saiki karepe Ki Ageng Sela bledheg kuwi arep diaturake menyang ratu Demak, iya Kanjeng Sultan Bintara. (11) Tenan bledheg ditampa dening Kanjeng Sultan, lan didhawuhi ndokok ana krangkeng wesi, diseleh ana ngalun-alun.

Paragraf sekawan menika kaperang dados gangsal ukara ingkang sedayanipun jumbuh kaliyan fungsi ingkang dipunsamektakaken Propp. Inkang sepisan inggih ukara minangka *indikator* angka 7. Ing perangan menika wonten kalih tembung minangka tetenger. Inggih menika *sejatine* saha *nyamber*. Tembung *sejatine* ing ukara menika ngandharaken malih sinten sajatosipun kaki-kaki menika ananging kanthi rantaman ukara ingkang beda kaliyan perangan angka 5. Pramila *penyingkapan tabir* ingkang sami dipunambali malih ing ukara menika. Dening panaliti, menika tetep pikantuk lambang Ex amargi perangan menika dipunsebataken sasampunipun fungsi *membunuh*. Tegesipun fungsi *penyingkapan tabir* ing *indikator* 5 saha 7 kapisah dening fungsi ingkang wigati saha boten saged dipunicalaken. Inggih menika fungsi *membunuh* kanthi *indikator* angka 6. Salajengipun inggih menika tembung *nyamber* ing perangan

arep nyamber Ki Ageng Sela. Kados ingkang dipunsebataken ing *teks* saderengipun, *sok nyamber uwong, nek kena ya bisa mati*. Tembung *nyamber* menika nedahaken rerigen *membunuh*. Ananging dereng cekap semanten anggenipun nganalisis. Kedah dipungatosaken *objek* saha tembung *arep*. *Objek* ingkang badhe dipunpejah dening Kyai Bledheg inggih menika Ki Ageng Sela. Ing salebeting cariyos, Ki Ageng Sela menika *tipikal* kaliyan *pahlawan*. Pramila saged dipunsebat *penjahat membunuh pahlawan*. Tembung *arep* menika nedahaken bilih rerigen *membunuh* dereng sios dipuntindakaken, ananging badhe dipuntindakaken. Menawi dipungatosaken *teori* ingkang dipunsamektakaken Propp, perangan ukara menika jumbuh kaliyan fungsi *percobaan melenyapkan pahlawan* minangka *variasi* saking fungsi *pengejaran* kanthi lambang Pr⁶. Pramila setunggal ukara menika minangka *indikator* ingkang nedahaken kalih fungsi ingkang gegayutan.

Pirembagan salajengipun inggih menika *indikator* angka 8. Ing pirembagan menika dipungatosaken malih perangan ukara ingkang nedahaken fungsi *informasi* ananging dereng gamblang. Inggih menika *ning Ki Ageng wis waspada, ngerti yen kuwi dudu sabaene uwong, . . .* Kados ingkang dipunandharaken ing pirembagan saderengipun bilih tembung *ngerti* menika kedahipun wonten paraga sanes minangka *informan*. Ananing dereng manggihaken paraga kasebat. Menawi dipungatosaken ing ukara *ning sarehning Ki Ageng mau wong sekti,*

mula malah wis weruh sadurunge, dadi bledheg durung bisa apa-apa, malah wis dicekel kuwi mau, tetep boten wonten informan ingkang gamblang. Saderengipun ngrembag informan kanthi gamblang. Dipungatosaken rumiyin wosing warta. Dudu sabaene uwong menika miturut penyingkapan tabir inggih menika Kyai bledheg ingkang nindakaken rerigen membunuh. Menawi dipunjumbuhaken kaliyan teorinipun Propp, analisis menika jumbuh kaliyan variasi saking fungsi informasi inggih menika pahlawan mendapat keterangan tentang penjahat. Ananging amargi boten wonten informanipun, pramila dipungatosaken tembung wong sekti. Adhedhasar tembung menika saha boten wontenipun informan, pikantuk teges bilih Ki Ageng Sela pikantuk warta bab Kyai Bledheg menika amargi sekti. Pramila Ki Ageng Sela boten mbetahaken informan kangge paring warta bab Kyai Bledheg. Supados langkung trep, pramila panaliti damel fungsi turunan saking variasi fungsi pahlawan mendapat keterangan tentang penjahat, semanten ugi amargi boten wonten informan ing salebeting cariyos. Fungsi turunanipun inggih menika pahlawan menggunakan kesaktian untuk mendapat keterangan tentang penjahat kanthi lambang ζ^{ii} .

Ukara Bledheg dicekel kuwi wis njur ora duwe daya, wose kalah prebawa karo Ki Agengkalebet ing indikator angka 9 ingkang nedahaken variasi fungsi enggal. Jumbuhing ukara kaliyan fungsi menika adhedhasar saking gegayutaning tembung dicekel kaliyan kalah

prebawa. Menawi dipunewahi miturut paraga *pahlawan* dados mekaten Ki Ageng Sela *nyekel* bledheg saha Ki Ageng Sela *menang prebawa*. Tegesipun fungsi *kemenangan* dipunalami dening *pahlawan*. Ananging amargi boten wonten *perlawanan* saking Kyai Bledheg pramila boten kadadosan prastawa *pertarungan*. Boten wontenipun *perlawanan* menika adhedhasar saking rantaman tembung *ora duwe daya*. Pramila *menangkap penjahat* ingkang dipuntindakaken Ki Ageng Sela nedahaken *kemenangan* ananging boten wonten *pertarungan*. Ananging boten wonten *variasi* fungsi ingkang trep kaliyan *indikator* menika. Pramila panaliti damel *variasi* fungsi *menang tanpa bertarung* mliginipun dipuntingali saking *subjek* ingkang *tipikal* kaliyan *pahlawan*. Fungsi *menang tanpa bertarung* menika pikantuk lambang I⁸. *Variasi* fungsi menika dipunlebetaken minangka *variasi* saking fungsi *kemenangan*.

Saiki karepe Ki Ageng Sela bledheg kuwi arep diaturake menyang ratu Demak, iya Kanjeng Sultan Bintara. Ukara menika minangka *indikator* angka 10. Ingkang dipungatosaken inggih menika tembung *diaturake*. Tembung menika paring teges nalikanipun dipungayutaken kaliyan rantaman tembung ing ukara menika. Kanthi cara semantis, tembung *diaturake* menika nedahaken rerigen dibekta. *Objek* ingkang dipunbekta inggih menika Kyai Bledheg. Saking *teorinipun* Propp, paraga ingkang *dibawa* menika *tipikal* kaliyan

pahlawan. Ananging ingkang dibekta ing cariyos menika *tipikal* kaliyan *penjahat*. Saking *analisis* menika, perangan kasebat kalebet fungsi *perpindahan tempat* saking sabin tumuju ing ngarsanipun Kanjeng Sultan Bintara minangka ratu Demak. Ananging amargi *tipikal* paraga ingkang beda, pramila panaliti damel fungsi turunan saking variasi fungsi *pahlawan dibawa*. Inggih menika fungsi *penjahat dibawa* kanthi lambang G^{ii} .

Paragraf sekawan menika kapungkasan kanthi ukara minangka *indikator* angka 11. *Tenan bledheg ditampa dening Kanjeng Sultan, lan didhawuhi ndokok ana krangkeng wesi, diseleh ana ngalun-alun*. Saking ukara menika wonten tembung ingkang dipunginakaken kangge nemtokaken fungsi ingkang *trep*. Tembungipun inggih menika *didhawuhi*. Tembung *didhawuhi* menika tetenger saking pakon utawi parentah. Inggih menika Kanjeng sultan Bintara. Dhawuh menika dipunaturaken dhateng Ki Ageng Sela kapurih nglebetaken Kyai Bledheg ing krangkeng wesi saha dipunseleh ing alun-alun. Saking tembung ing salebeting ukara menika, pramila ukara kasebat jumbuh kaliyan fungsi *perintah* kanthi lambang γ^2 . Saking wosing dhawuh menika ugi nedahaken fungsi sanes. Menawi dipungatosaken *objekipun*, ingkang dipunkrangkeng inggih menika Kyai Bledheg minangka paraga ingkang *tipikal* kaliyan *penjahat*, pramila pikantuk teges bilih dhawuh menika nedahaken wujud

paukuman dhateng *penjahat*. Pramila jumbuh kaliyan fungsi *hukuman bagi penjahat* kanthi lambang U.

5) Paragraf 5

(12) Wah la kocapa, wong ndelok kuwi rak ora karuwan akehe, ndalidir saka ngendi-endi, saka ndesa-ndesa adoh ya padha teka, perlu ndelok bledheg kuwi mau. (13) Kanggo pangeling-eling Kanjeng Sultan iya dhawuh marang abdi juru sungging (tukang gambar), didhawuhi nggambar bledheg kuwi kanggo rerenggan mesjid Demak. Wah cekake ing ngalun-alun Demak kono banjur rame dadakan kaya nek pinuju ana kramean grebeg Maulud utawa Grebeg Besar.

Pirembagan salajengipun inggih menika ngrembag fungsi-fungsi ingkang kapanggih ing *paragraf* gangsal. Inkang sepisan inggih ukara kapisan minangka *indikator* angka 12 ingkang jumbuh kaliyan fungsi *peristiwa penghubung*. Menika adhedhasar saking paraga ingkang nindakaken rerigen *ndelok*. Paraganipun inggih tiyang ingkang kathah. Tegesipun tiyang kathah menika mirsani Kyai Bledheg ingkang dipunkrangkeng ing alun-alun. Paukuman dhateng Kyai Bledheg menika narik kawigatosanipun rakyat Demak. Saking ramenipun tiyang-tiyang ingkang mirsani, mila wonten nini-nini ingkang ugi badhe mirsani bab sinten ingkang dipunukum dening Kanjeng Sultan Bintara. Nini-nini menika dipunsebataken ing teks salajengipun. Pramila prastawa ingkang nggayutaken paukuman

kaliyan rerigen nini-nini menika dipunsebat *peristiwa penghubung* saha pikantuk lambang B.

Saderengipun nini-nini menika dipunsebataken ing *teks*, wonten ukara minangka *indikator* angka 13 ingkang nedahaken fungsi *perintah*. Fungsi menika kanthi tetenger tembung *dhawuh* ing ukara *kanggo pangeling-eling Kanjeng Sultan iya dhawuh marang abdi juru sungging (tukang gambar), didhawuhi nggambar bledheg kuwi kanggo rerenggan mesjid Demak*. Tembung *dhawuh* menika tetenger saking pakon utawi parentah. Ingkang paring *dhawuh* inggih menika Kanjeng sultan Bintara dipunaturaken dhateng juru sungging. Juru sungging kapurih nggambar pasuryanipun Kyai Bledheg ingkang samangke dipunginakaken kangge rerenggan ing masjid Demak. Saking tembung ing salebeting ukara menika, pramila ukara kasebat jumbuh kaliyan fungsi *perintah* kanthi lambang γ^2 .

Ukara *wah cekake ing ngalun-alun Demak kono banjur rame dadakan kaya nek pinuju ana kramean grebeg Maulud utawa Grebeg Besar* menika ngandhahi *peristiwa penghubung* ing inggil. Sinaosa kapisah dening *indikator* fungsi *perintah*, ukara menika boten nedahaken prastawa enggal, saha boten wonten paraganipun. Semanten ugi saking tembung *kaya*. Saking ramenipun tiyang ingkang mirsani Kyai Bledheg, dening panganggit dipunparibasakaken kados ramening pengetan *grebeg Maulud* utawi *Grebeg Besar*. Pramila ukara

menika namung minangka paribasan saking *indikator* 12. Dening panaliti, ukara menika boten dipunlebetaken ing *indikator* 5 amargi ukara *wah la kocapa, wong ndelok kuwi rak ora karuwan akehe, ndalidir saka ngendi-endi, saka ndesa-ndesa adoh ya padha teka, perlu ndelok bledheg kuwi mausampun cekap nedahaken fungsi ingkang trep.*

6) Paragraf 6

(14) Kocapa ing antarane wong-wong sing padha nonton kono ana siji, wujud wong nini-nini wis tuwa banget. Kuwi rak ya kepengin arep ndelok. Tekane mrono karo nggawa bathok isi banyu. (15) Sarehne sing ndeleng kuwi akeh banget, dadi nini-nini mau ya mesakake, ngesak-esuk pijer kontal, malah diusek uwong pirang-pirang, ora bisa nyedhak, lan ora bisa weruh, ning kok ya nekad wae, kadereng olehe arep weruh bledheg, diesuk wong akeh meksa ora gelem ngalah, pijer bali ndhesel ana ngarep. Saking tlatene, suwening suwe ya bisa klakon tekan ngarep cedhak caket karo krangkeng, dadi bisa weruh nyata. Ning kocapa jebule ora mung kepengin bisa weruh wae. (16) Basan wis cedhak, ora kanyana-nyana, jebul banyu sing ana bathok banjur disiratake neng krangkeng. Gleger, dheeeeer, mengkono suwara sing keprungu seru banget. (17) Wong-wong pirang-pirang ora weruh nalare, weruh-weruh krangkeng wesi banjur mbledhos dadi sawalang-walang. (18) Bledheg sing dikunjara wis ilang bali menyang asale. (19) Sing ndelok kono pating jlerit bingung bilulungan. Akeh uga sing ketaton lan kasangsaran.

Paragraf enem menika karantam saking 12 ukara. Saking ukara-ukara menika, dipunperang dados enem *indikator* ingkang nedahaken fungsi. Ingkang sepisan inggih menika *indikator* angka 14. *Indikator* menika sampun karembag sekedhik ing pirembagan *indikator* 12. Inggih menika pirembagan *peristiwa penghubung*. Nini-nini ingkang wonten ing teks menika sami kaliyan kaki-kaki ingkang boten dipunsebatkaken namanipun saha boten dipunmangertos sinten sajatosipun nini-nini menika. Pramila wontenipun paraga nini-nini menika dipunwastani *datang tak terkenal*. Fungsi menika dipunparingi lambang O. Saking andharan kados menika, saged dipunpundhut pangertosan bilih *peristiwa penghubung* menika nggayutaken kaki-kaki kaliyan nini-nini. Tegesipun nggayutaken *hukuman bagi penjahat* kaliyan *datang tak terkenal*. Nini-nini menika kalebet tiyang ingkang ugi pengin mirsani sinten sajatosipun *penjahat* menika. Anggenipun tindak mirsani menika kaliyan ngasta bathok ingkang isinipun toya. Ngasta bathok isi toya menika dadosaken pandangan kangge menapa toya menika? Saha kening menapa nini-nini menika ngasta toya? Amargi boten dipunwangsuli ing teks, pramila pandangan kados menika ngiyataken bab sinten sajatosipun nini-nini menika. Adhedhasar menika panaliti ugi nglebetaken ukara *tekane mrono karo nggawa bathok isi banyuing indikator* angka 14. Mbok bilih ukara menika

minangka perangan ingkang wigati saha perangan ingkang saged mbiyantu ing pirembagan salajengipun.

Sarehne sing ndeleng kuwi akeh banget, dadi nini-nini mau ya mesakake, ngesak-esuk pijer kontal, malah diusek uwong pirang-pirang, ora bisa nyedhak, lan ora bisa weruh, ning kok ya nekad wae, kadereng olehe arep weruh bledheg, diesuk wong akeh meksa ora gelem ngalah, pijer bali ndhesel ana ngarep. Wosipun saking ukara menika inggih niat nini-nini ingkang kiyat kangge mirsani mirsani Kyai Bledheg ingkang dipunukum. Ananging rerigen *ngesuk pijer kontal* menika nedahaken upiya nini-nini ingkang *mesakake*. Pramila tembung *mesakake* menika sampun paring teges saking rerigen ingkang dipuntindakaken dening nini-nini menika. Pramila adhedhasar tembung menika, ukara kasebat kalebet ing *indikator 15* ingkang jumbuh kaliyan fungsi *menyatakan penderitaan* minangka variasi saking fungsi peristiwa penghubung. Fungsi menyatakan penderitaan dipunparingi lambang B⁴.

Saking kiyatipun niat nini-nini kangge mirsani, kapungkasan nini-nini saged mangertos kanthi cetha bab sinten ingkang dipunukum. Menika dipunsebataken kanthi ukara *saking tlatene, suwening suwe ya bisa klakon tekan ngarep cedhak caket karo krangkeng, dadi bisa weruh nyata.* Ukara *ning kocapa jebule ora mung kepengin bisa weruh*

wae, tansaya damel pandangon bab sinten sajatosipun nini-nini ingkang ngasta toya menika.

Salajengipun inggih menika ngrembag *indikator* angka 16 ingkang jumbuh kaliyan fungsi *menyelamatkan penjahat yang dihukum*.Ukaranipun inggih menika *basan wis cedhak, ora kanyananyana, jebul banyu sing ana bathok banjur disiratake neng krangkeng*. Saking ukara menika pramila rerigen ngasta bathok isi toya menika minangka perangan ingkang wigati ing cariyos.Toya menika dipunasta amargi badhe *disiratake* dhateng Kyai Bledheg.Sasampunipun *disiratake*, kadadosan swanten ingkang seru sanget kanthi ukara *gleger, dheeer, mengkono suwara sing keprungu seru banget*. Nalikanipun dipungayutaken kaliyan ukara salajengipun inggih menika *Bledheg sing dikunjara wis ilang bali menyang asale*, pikantuk teges bilih nini-nini menika nyiram toya dhateng Kyai Bledheg kangge ngicalaken Kyai Bledheg saking paukuman. Pramila upadi dening nini-nini menika kalebet ing fungsi *penyelamatan*.Ananging teori ingkang dipunsamektakaken Propp, limrahipun *subjek* utawi *objek*ipun *tipikal* kaliyan *pahlawan*.Kamangka teks nedahaken bilih ingkang *diselamatkan* menika *tipikal* kaliyan *penjahat*.Pramila panaliti damel *variasi* saking fungsi *penyelamatan* inggih menika *menyelamatkan penjahat yang dihukum*. Fungsi menika pikantuk lambang Rs¹¹.

Indikator angka 17 kanthi ukara *wong-wong pirang-pirang ora weruh nalare, weruh-weruh krangkeng wesi banjur mbledhos dadi sawalang-walang jumbuh kaliyan fungsi peristiwa penghubung*. Jumbuhing ukara kaliyan fungsi menika adhedhasar saking paraga ing ukara menika. Paraga menika sami kaliyan paraga ing *indikator* 12 ingkang nindakaken *peristiwa penghubung*. Tegesipun paraga menika minangka seksi nalikanipun krangkeng menika mbledhos amargi disiram toya dening nini-nini. Prastawa mbledhos menika ugi nggayutaken rerigen nyiram kaliyan icalipun Kyai Bledheg. Adhedhasar menika ukara minangka *indikator* angka 17 trep kaliyan fungsi *peristiwa penghubung* kanthi lambang B.

Icalipun Kyai Bledheg saking paukuman kanthi ukara *Bledheg sing dikunjara wis ilang bali menyang asale* dipunwastani *terlepas dari tawanan* kanthi lambang K¹⁰. Sasampunipun *terlepas dari tawanan*, Kyai Bledheg *bali nyang asale*. Tembung *bali* menika jumbuh kaliyan fungsi *kepulangan* kanthi lambang ↓. Pramila setunggal ukara minangka *indikator* 18 menika ngewrat kalih fungsi ingkang trep amargi wonten kalih rerigen ingkang dipuntindakaken paraga kanthi urut. Inggih menika *ilang lajeng bali*.

Paragraf enem menika kapungkasan kanthi kalih ukara ingkang nedahaken setunggal fungsi. *Sing ndelok kono pating jlerit bingung bilulungan. Akeh uga sing ketaton lan kasangsaran.*

Tembung *sing ndelok* menika minangka sesulih saking *wong-wong*. Menawi dipunrantam mali dados kados mekaten *wong-wongpating jlerit bingung bilulungan*. Dipuntingali saking paraganipun, pramila ukara menika jumbuh kaliyan fungsi *peristiwa penghubung*. Kangge nemtokaken *variasinipun*, dipungatosaken rerigenipun, inggih menika *jlerit bingung bilulungan, ketaton, saha kasangsaran*. Rerigen menika nedahaken paraga ingkang saweg *menderita* amargi gebledhosan krangkeng. Pramila fungsi ingkang trep inggih menika *menyatakan penderitaan* kanthi lambang B⁴. Ananging dening panaliti cekap ukara kapisan kemawon ingkang dipunlebetaken ing *indikator 19* amargi tembung *bilulungan* ing ukara menika sampun cekap nedahaken fungsi ingkang trep.

7) Paragraf 7

(20) Lha ngertia cah, nini-nini sing tak kandhakake arep melu ndelok kuwi mau, sejatine Nyai Bledheg, bojone Kyai Bledheg sing dicekel Ki Ageng Sela. Dadi tekane mrono mau mula arep nulung kyaine supaya bisa luar saka krangkeng. Carane nganggo disirati banyu, sebab bledheg kuwi uripe uga ana ing banyu, ning ora banyu kali utawa segara, banyune banyu ngawang-awang, ya kuwi sing diarani udan. Hara nek ketiga kae sarehne ora ana udan rak ya ora ana bledheg. Bledheg ngalih nyang tanah utawa negara liya sing ana udan.

Paragraf pitu menika ngandharaken kanthi gamblang bab sinten sajatosipun nini-nini ingkang *datang tak terkenal*, saha kenging menapa

nini-nini ngasta toya. Sajatosipun nini-nini menika inggih Nyai Bledheg minangka garwanipun Kyai Bledheg ingkang ngasta toya kangge ngicalaken Kyai Bledheg saking paukuman. Kanthi cara nyiram Kyai Bledheg ngangge toya ingkang dipunbekta dening Nyai Bledheg. Toya menika asalipun saking toya ingkang jawah saking ngawang-awang. Inggih menika *banyu udan*. Kyai Bledheg namung saged ical menawi toyanipun inggih *banyu udan*. Saking *paragraf* menika pramila dipunmangertos sajatosipun nini-nini menika saha cara anggenipun ngicalaken Kyai Bledheg. Pramila *paragraf* menika jumbuh kaliyan *penyingkapan tabir* kanthi lambang Ex. Ananging dening panaliti namung ukara kapisan kemawon ingkang dipunlebetaken ing *indikator* angka 20. Amargi penyingkapan nini-nini sampun gamblang ing ukara menika. Kalih ukara ing pungkasan *paragraf* menika kanthi cara semantis boten kalebet ing rantaman *kronologi* ananging minangka ukara ingkang nedahaken cara panganggit *berkomunikasi* kaliyan pamaos, supados lare-lare ingkang maos menika rumaos cariyos menika ketinggal nalar. Menika pikantuk saka tembung *hara*. Pramila ical botenipun kekalih ukara menika boten ndayani rantamaning *kronologi* ing cariyos. Adhedhasar menika, kekalih ukara kasebat boten dados menapa menawi dipunicalaken ing cariyos.

8) Paragraf 8

Lha mengkono dongenge Ki Ageng Sela olehe nyekel bledheg. Banjur kepriye kahanane ing Demak mau. (21) Aku mau kandha yen Kanjeng sultan dhawuh, supaya bledhege digambar. (22) Ya uga wis ditandangi, nanging durung rampung bledhege wis ucul, dadi gambare ya durung dadi. Sing wis bisa digambar ya lagi endhase karo nggon gulu sethithik. Lha gambar kuwi ya meksa ditemplekke ing gebyoge mesjid Demak. Seprene yen wong kepengin ndeleng ya bisa mbuktekake ana mesjid Demak.

Paragraf wolu menika kapurwakan kanthi ukara ingkang dipunaturaken dening panganggit kangge mungkasaken rantaman *kronologi* ingkang dipuntindakaken Ki Ageng Sela dhateng Kyai Bledheg. Salajengipun panganggit badhe ngrembag paraga sanes inggih menika kanthi tetenger saking ukara *banjur kepriye kahanane ing Demak mau*. Paraga ingkang dipunrembag inggih menika Kanjeng Sultan Bintara minangka ratu ing Demak. Ukara *aku mau kandha yen Kanjeng sultan dhawuh, supaya bledhege digambar* nedahaken bilih panganggit ngemotaken malih bab *perintah* ingkang dipuntindakaken ing *indikator* 13. Sinaosa ngambali saking *indikator* 13, panaliti tetep nglebetaken ing *indikator* 21 amargi antawisipun *indikator* angka 13 kaliyan ukara menika sampun kaseselan fungsi-fungsi ingkang kathah saha wigati. Pramila fungsi ingkang ukaranipun sami, dening panganggit dipunsebataken kanthi kaping kalih. Fungsipun inggih menika *perintah* kanthi lambang γ^2 .

Ukara kaping sekawan menika minangka *indikator* angka 22 ingkang nedahaken asil utawi tanggapan saking fungsi *perintah*. Ukara ya uga wis ditandangi, nanging durung rampung bledhege wis ucul, dadi gambare ya durung dadimenika nedahaken bilih juru sungging ingkang pikantuk dhawuh, nindakaken utawi nggambar pasuryanipun Kyai Bledheg. Ananging gambaripun menika dereng dados amargi Kyai Bledheg sampun *terlepas dari tawanan*. Dhawuh ingkang dipuntindakaken menika jumbuh kaliyan fungsi *perintah dipatuhikanthi* lambang δ^2 . Ukara *sing wis bisa digambar ya lagi endhase karo nggon gulu sethithik* ngandharaken pasuryan ingkang sampun kagambar. Sinaosa dereng jangkep gambaripun, gambar menika tetep dipunginakaken kangge rerenggan masjid Demak. Gambar menika ugi dipunginakaken minangka bukti saking cariyos Ki Ageng Sela nalikanipun nyekel Kyai Bledheg. Pramila pikantuk teges bilih dongeng Ki Ageng Sela menika wonten bukti ingkang nyata.

Saking pirembagan *indikator* angka 22 menika paring teges bilih panganggit ngambali fungsi *perintah* menika ancasipun kangge ngrembag fungsi *perintah dipatuhi* saha asil saking gambaranipun juru sungging.

9) Paragraf 9

Sateruse kepriye lelakone Kyai Bledheg. Nalika semana Bledheg kuwi njur kanji, wedi banget karo Ki

Ageng Sela dalah saturun-turune. (23) Mulane seprene, yen pinuju mendhung utawa grimis, banjur ana cleret mak byar, wong-wong banjur padha nyebut, ngucapake mangkene: “I Gandrik, putrane Ki Ageng Sela.” Nek wong wis bisa ngucapake mengkono kuwi, mesthi slamet ora disamber bledheg, jalaran bledhege wedi, wong sing ngucapake mau diarani anake Ki Ageng Sela.

Sasampunipun panganggit ngrembag kahanan Demak ingkang dipuntingali saking paraga Kanjeng Sultan Bintara saha juru sungging, samenika dipuntingali saking paraga *wong-wong* ingkang gesang ing Demak. Ananging ing ukara kangge murwakani *paragraf* sanga, panganggit nyebataken babagan Kyai Bledheg. Amargi sampun nate kadadosan Kyai Bledheg *dicekel* dening Ki Ageng Sela saha kalah prebawanipun, pramila Kyai Bledheg dados ajrih dhateng Ki Ageng Sela, semanten ugi dhateng putra wayahipun. Amargi *wong-wong* menika mangertos bilih Kyai Bledheg ajrihipun namung dhateng Ki Ageng Sela dalah putra wayahipun, mila supados boten disamber dening Kyai Bledheg, wong-wong ngaku-aku dados putranipun Ki Ageng Sela. Nalikanipun kahanan saweg jawah, wonten pratandha Kyai Bledheg dugi, wong-wong sami mocapaken *I Gandrik, putrane Ki Ageng Sela*. Ukara menika dipunpocapaken supados wilujeng saha boten disamber dening Kyai Bledheg. Amargi samangertosipun Kyai Bledheg, ingkang mocapaken menika putranipun Ki Ageng Sela. Saking andharan kados mekaten, saged dipunmangertos bilih *paragraf* sanga menika nedahaken

fungsi *penyelamatan* mliginipun *terlepas* dari *mangsa penjahat*. Ananging panaliti nggatosaken pocapan kangge *terlepas* dari *mangsa penjahat* kalebet *unsur* ingkang wigati ing cariyos. Dening panaliti, pocapan menika dipunsebat *mantra*. Tegesipun ukara menika dipunwastani sekti amargi Kyai Bledheg dados ajrih saha boten sios nyamber menawi ukara menika dipunpocapaken. Amargi *mantra* menika wigati, pramila panaliti damel *fungsi turunan* saking *fungsi terlepas* dari *mangsa penjahat*. *Fungsi turunan* menika minangka *fungsi* ingkang langkung *spesifik* saking *variasi* *fungsi*. *Fungsipun* inggih menika *mantra* agar *terlepas* dari *mangsa penjahat*. *Fungsi* menika pikantuk lambang *Rs^{viii}*. Saking paragraf sanga menika, boten sedaya ukara dipunlebetaken ing *indikator* 23. Ananging dipunpundhut setunggal ukara kemawon ingkang saged dados sesulih ing *paragraf* sanga. Inggih menika ukara ingkang ngewrat *mantra* kasebat. *Mulane seprene, yen pinuju mendhung utawa grimis, banjur ana cleret mak byar, wong-wong banjur padha nyebut, ngucapake mangkene: "I Gandrik, putrane Ki Ageng Sela."*

Saking *pirembagan fungsi-fungsi pelaku*, panaliti manggihaken *situasi awalsaha* 25 *fungsi* ing dongeng Ki Ageng Sela. *Fungsi-fungsi* menika karantam saking 16 *fungsi*. Panaliti manggihaken 25 *fungsi* amargi wonten saperangan *fungsi* utawi *variasi* *fungsi* ingkang dipunambali ing salebeting cariyos.

Saking 25 fungsi menika, panaliti manggihaken 3 *variasi* fungsi ingkang boten dipunsamektakaken dening Propp.Saha damel 3 *fungsi turunan* saking *variasi* fungsi ingkang dipunsamektakaken Propp.Asil menika paring teges bilih panaliten ingkang dipuntindakaken dening Propp dhateng kirang langkung satus cariyos dongeng Rusia, boten manggihaken *variasi* fungsi kados menika.Propp nyamektakaken fungsi *reaksi pahlawan*, ananging boten nyamektakaken *variasi* ingkang trep kaliyan asiling panaliten.Kamangka teks nedahaken fungsi *reaksi pahlawan* ananging langkung trep dipunwastani *variasi* saking fungsi kasebat.Pramila panaliti damel *variasi* saking fungsi ingkang dipunsamektakaken Propp.Inggih menika fungsi *menangkap penjahat* minangka *variasi* fungsi saking fungsi *reaksi pahlawan*.Semanten ugi fungsi *menang tanpa bertarung* minangka *variasi* saking fungsi *kemenangan, menyelamatkan penjahat yang dihukum* minangka *variasi* saking fungsi *penyelamatan*.

Panaliti ugi damel fungsi ingkang dipunsebat *fungsi turunan* saking *variasi fungsi*.Fungsi menika minangka fungsi ingkang langkung *spesifik* saking *variasi*.Menika adhedhasar teks-teks ingkang wigati saha boten saged ical saking lampahan *kronologi* ing cariyos.Inggih menika *fungsi pahlawan menggunakan kesaktian untuk mendapat keterangan tentang penjahat* minangka *fungsi turunan* saking *variasi* fungsi *pahlawan mendapat keterangan tentang penjahat* ingkang kalebet ing

fungsi *informasi*. Fungsi *penjahat dibawa* saking *variasi* fungsi *pahlawan dibawa* ingkang kalebet ing fungsi *perpindahan tempat*. Saha fungsi *mantra agar terlepas dari mangsa penjahat* minangka fungsi *turunan* saking *variasi* fungsi *terlepas dari mangsa penjahat* salebeting fungsi *penyelamatan*. Pramila panaliten ing dongeng Ki Ageng Sela menika dipunwastani *pengembangan* saking teori fungsi ingkang dipundamel dening Propp.

b. Lingkungan Tindakan

Pirembagan menika badhe ngrembag fungsi-fungsi ingkang kalebet ing *lingkungan tindakan*. Kados ingkang dipunandharaken ing bab kalih bilih saben *lingkungan tindakan* menika ngewrat saperangan fungsi. Perangan fungsi menika dening panaliti dipunginakaken minangka tetenger kangge nemtokaken *lingkungan tindakan*. *Lingkungan tindakan* saha peranganipun sampun dipunandharaken ing bab kalih.

Supados langkung gampang anggenipun madosi fungsi ingkang kalebet ing *lingkungan tindakan*, panaliti badhe merang rantaman fungsi dados saben *paragraf*ipun.

Paragraf setunggal menika boten ngewrat fungsi. *Paragraf* setunggal menika ngandharaken *situasi awal* kemawon. Pramila *paragraf* setunggal boten dipunrembag ing *lingkungan tindakan*.

Paragraf kalih menika wonten fungsi *datang tak terkenal*(O), *menangkap penjahat*(E¹¹), saha *sifat fisik yang baru*(T¹). Fungsi *datang*

tak terkenal menika boten kalebet ing perangan minangka tetenger kangge nemtokaken *lingkungan tindakan*ipun. Fungsi *menangkap penjahat* menika minangka *variasi* saking fungsi *reaksi pahlawan*. Pramila fungsi *menangkap pahlawan* kalebet ing *lingkungan tindakan hero* utawi *lingkungan aksi pahlawan*. Paragraf kalih menika kapungkasan kanthi fungsi *sifat fisik yang baru*. Fungsi menika kalebet perangan *lingkungan aksi pembantu*, ananging Kyai bledheg nindakaken *penjelmaan* amargi dipuncikel dening Ki Ageng Sela, saha boten wonten ancas kangge mbiyantu paraga sanes. Pramila fungsi menika boten kalebet ing *lingkungan tindakan*.

Paragraf tiga menika wonten fungsi *penyingkapan tabir*(Ex) saha fungsi *membunuh*(A¹⁴). *Penyingkapan tabir* ing cariyos menika boten dipuntindakaken dening paraga ananging dening panganggit piyambak, pramila *penyingkapan tabir* menika boten kalebet ing tetenger kangge nemtokake *lingkungan tindakan*ipun. Fungsi *membunuh* menika minangka *variasi* saking fungsi *kejahatan*. Pramila fungsi *membunuh*(A¹⁴) kalebet ing *lingkungan tindakan villain* utawi *lingkungan aksi penjahat*.

Paragraf sekawan menika wonten fungsi *penyingkapan tabir* (Ex), *percobaan melenyapkan pahlawan* (Pr⁶), *pahlawan menggunakan kesaktian untuk mendapat keterangan tentang penjahat*(ζ^{ii}), *menang tanpa bertarung*(I⁸), *penjahat dibawa*(Gⁱⁱ), *perintah*(γ^2), saha fungsi

hukuman bagi penjahat(U). Penyingkapan tabir ing paragraf sekawan menika sami kados *penyingkapan tabir ing paragraf* tiga. Pramila *penyingkapan tabir* menika boten kalebet ing tetenger kangge nemtokake *lingkungan tindakan*ipun.Fungsi *percobaan melenyapkan pahlawan* (Pr⁶) minangka *variasi* saking fungsi *pengejaran*. Menawi dipungatosaken paraga ingkang nindakaken fungsi menika, Kyai Bledheg *tipikal* kaliyan *penjahat* .Pramila fungsi menika kalebet ing *lingkungan tindakan villain* utawi *lingkungan aksi penjahat*.Fungsi *pahlawan menggunakan kesaktian untuk mendapat keterangan tentang penjahat*(ζ^{ii}) boten saged dados wewaton kangge nemtokaken *lingkungan tindakan*.Fungsi *menang tanpa bertarung*(I⁸) menika minangka *variasi* saking fungsi *kemenangan*.Propp boten damel fungsi menika dados tetenger ing *lingkungan tindakan*.Salajengipun inggih menika fungsi *penjahat dibawa*(Gⁱⁱ).Fungsi menika dipungatosaken saking *subjek* ingkang mbekta *penjahat* saha ancas saking rerigen mbekta *penjahat*.Ingkang mbekta Kyai Bledheg inggih menika Ki Ageng Sela.Ancasipun kangge masrahaken penjahat dhateng ratu Demak supados pikantuk paukuman.Sinaosa fungsi menika minangka *variasi* saking fungsi *perpindahan tempat* minangka perangan saking *lingkungan aksi pembantu*, fungsi menika boten dipunlebetaken amargi rerigen Ki Ageng Sela mbekta Kyai Bledheg boten nedahaken wujud iguh pratikel.Fungsi *perintah*(γ^2) boten saged dados wewaton kangge

nemtokaken *lingkungan tindakan*. Dipunlajengaken fungsi *hukuman bagi penjahat*(U). Ing pirembaran menika dipungatosaken paraga ingkang paring paukuman dhateng Kyai Bledheg. Ingkang paring paukuman inggih Kanjeng Sultan Bintara. Pramila boten wonten paraga ingkang *tipikal* minangka tetenger kangge nemtokaken *lingkungan tindakan*. Saking analisis kados mekaten pramila *paragraf* sekawan boten ngewrat *lingkungan tindakan* ingkang trep.

Paragraf gangsal menika wonten fungsi *peristiwa penghubung* (B) saha fungsi *perintah*(γ^2). Saking kekalih fungsi menika namung fungsi *peristiwa penghubung* kemawon ingkang dipundadosaken tetenger kangge nemtokaken *lingkungan tindakan*. Fungsi *peristiwa penghubung* (B) kalebet ing *lingkungan tindakan dispatcher* utawi *lingkungan aksi perantara*.

Paragraf enem menika wonten fungsi *datang tak terkenal*(O), *menyatakan penderitaan*(B^4), *menyelamatkan penjahat yang dihukum* (Rs^{11}), *peristiwa penghubung* (B), *terlepas dari tawanan* (K^{10}), *kepulangan* (\downarrow), saha fungsi *menyatakan penderitaan*(B^4). Kados ing pirembaran *paragraf* kalih bilih fungsi *datang tak terkenal* menika boten kalebet ing perangan minangka tetenger kangge nemtokaken *lingkungan tindakan*ipun. Fungsi *menyatakan penderitaan*(B^4) menika minangka *variasi* fungsi saking fungsi *peristiwa penghubung*. Pramila fungsi menika dipunlebetaken ing *lingkungan tindakan dispatcher* utawi

lingkungan aksi perantara.Salajengipun inggih menika fungsi *menyelamatkan penjahat yang dihukum* (Rs¹¹).Fungsi menika minangka *variasi* saking fungsi *penyelamatan*.Nini-nini menika paring pambiyantu dhateng Kyai Bledheg supados saged ical saking paukuman.Pramila fungsi menika kalebet ing *lingkungan tindakan helper* utawi *lingkungan aksi pembantu*.Peristiwa *penghubung* menika *subjekipun* sami kados *peristiwa penghubung* ing *paragraf* gangsal. Pramila fungsi menika kalebet ing *lingkungan tindakan dispatcher* utawi *lingkungan aksi perantara*.Salajengipun inggih menika fungsi *terlepas dari tawanan* (K¹⁰).Fungsi kasebat minangka *variasi* saking fungsi *kebutuhan terpenuhi*.Analisis ing cariyosipun kados mekaten.Kyai Bledheg menika pikantuk paukuman.Paukumanipun arupi dipunkrangkeng ing alun-alun.Supados saged ical saking paukuman, Kyai Bledheg mbetahaken pambiyantu. Pramila wonten nini-nini ingkang dugi ngasta toya, lajeng dipunsirataken. Amargi Kyai Bledheg menika pikantuk pambiyantu, pramila *kebutuhan terpenuhi*.Salajengipun dipungatosaken paraga ingkang *memenuhi kebutuhan*.Paraganipun inggih menika nini-nini.Pramila saged dipunmangertos bilih fungsi *terlepas dari tawanan* (K¹⁰) dipuntingali saking nini-nini kalebet ing *lingkungan tindakan helper* utawi *lingkungan aksi pembantu*.Fungsi *kepulangan* menika dipungatosaken paraganipun.Fungsi *kepulangan* menika kalebet perangan *lingkungan aksi pahlawan*.Ananging paraga ingkang

nindakaken menika *tipikal* kaliyan *penjahat*, pramila fungsi menika boten dipunginakaken kangge nemtokaken *lingkungan tindakan* ingkang trep. Paragraf enem menika kapungkasan kanthi fungsi *menyatakan penderitaan*(B^4). Fungsi *menyatakan penderitaan*(B^4) menika minangka *variasi* fungsi saking fungsi *peristiwa penghubung*. Pramila fungsi menika dipunlebetaken ing *lingkungan tindakan dispatcher* utawi *lingkungan aksi perantara*.

Paragraf pitu menika wonten fungsi *penyingkapan tabir* (Ex) kemawon. Fungsi menika sami kados ing *pirembagan saderengipun*. Inggih menika dipuntindakaken dening *panganggit*. Pramila *penyingkapan tabir* menika boten kalebet ing *tetenger kangge nemtokake lingkungan tindakanipun*.

Paragraf wolu menika wonten kalih fungsi antawisipun fungsi *perintah*(γ^2) kaliyan fungsi *perintah dipatuhi* (δ^2). Kados ingkang dipunandharaken Propp bilih γ saha δ boten dipunlebetaken ing *lingkungan tindakan*. Pramila *paragraf* wolu menika boten ngewrat *lingkungan tindakan* ingkang trep.

Paragraf sanga menika minangka pungkasaning cariyos. Ing *paragraf* sanga menika wonten setunggal fungsi inggih menika *mantra agar terlepas dari mangsa penjahat*(Rs^{viii}). Fungsi menika minangka fungsi turunan saking *variasi* fungsi *terlepas dari mangsa penjahat* ingkang kalebet ing fungsi *penyelamatan*. Wong-wong

mocapaken *mantra* supados boten kesamber Kyai Bledheg. Kanthi cara semantis, unsur ingkang paring keslametan inggih menika *mantranipun*. *Mantra* menika mbiyantu supados wong-wong boten disamber dening Kyai Bledheg. Ananging *mantra* menika boten kalebet paraga ing cariyos. Pramil boten saged dipunginakaken kangge nemtokaken *lingkungan tindakan*.

Ringkesanipun andharan ing inggil inggih menika wonten sekawan *lingkungan tindakan* ing cariyos dongeng Ki Ageng Sela. Peranganipun kados mekaten.

- 1) *Lingkungan aksi penjahat*. Rantaman perangan: *membunuh*(A¹⁴), *percobaan melenyapkan pahlawan* (Pr⁶).
- 2) *Lingkungan aksi pembantu*. Rantaman perangan: *menyelamatkan penjahat yang dihukum* (Rs¹¹), *terlepas dari tawanan* (K¹⁰).
- 3) *Lingkungan aksi perantara*. Rantaman perangan: *peristiwa penghubung* (B), *menyatakan penderitaan* (B⁴), *peristiwa penghubung* (B), *menyatakan penderitaan* (B⁴).
- 4) *Lingkungan aksi pahlawan*. Rantaman perangan: *menangkap penjahat* (E¹¹).

c. Cara Nepangaken Paraga ing Cariyos

Wonten ing pirembagan menika, panaliti nemtokaken paraga-paraga ingkang wonten ing cariyos Ki Ageng Sela. Panaliti manggihaken Ki Ageng Sela, kaki-kaki (Kyai Bledheg), Kanjeng Sultan

Bintara, wong-wong Demak, juru sungging, saha nini-nini (Nyai Bledheg). Paraga-paraga menika dipunpadosi fungsi ingkang dipuntindakaken. Lajeng fungsi-fungsi menika dipunjumbuhaken kaliyan *lingkungan tindakan* saha dipungatosaken fungsi sepisan ingkang dipuntindakaken supados saged mangertos caranipun nepangaken paraga ing cariyos.

Ki Ageng Sela menika dipunsebatake ing *situasi awal* ingkang salajengipun nindakaken fungsi-fungsi kados *objek saking datang tak terkenal, menangkap menjahat, objek saking percobaan melenyapkan pahlawan, pahlawan menggunakan kesaktian untuk mendapat keterangan tentang penjahat, menang tanpa bertarung*, saha nindakaken fungsi *penjahat dibawa*. Tegesipun, Ki Ageng Sela menika dipunsebataken nama saha statusipun lajeng dipuntekani dening kaki-kaki, nyekel kaki-kaki, badhe dipunpateni dening Kyai Bledheg, ananging amargi Ki Ageng Sela menika sekti, pramila sampun mangertos bilih Kyai Bledheg wonten niat ingkang awon dhateng Ki Ageng Sela, Ki Ageng Sela sampun menang prebawa pramila boten prelu wonten *pertarungan* kaliyan Kyai Bledheg, mbekta Kyai Bledheg dhateng ngarsanipun Kanjeng Sultan Bintara. Saking fungsi-fungsi menika, Ki Ageng Sela kalebet ing *lingkungan aksi pahlawan*. Semanten ugi fungsi sepisan ingkang dipuntindakaken menika *menangkap penjahat* minangka nedahaken *reaksi pahlawan*. Pramila

dipunmangertos bilih Ki Ageng Sela *tipikal* kaliyan *pahlawan* dipuntepangaken ing *situasi awal* kanthi cara nyebataken nama saha status pakaryanipun.

Kaki-kaki (Kyai Bledheg) menika nindakaken saha nedahaken fungsi *datang tak terkenal*, *objek saking menangkap penjahat*, *sifat fisik yang baru*, *penyingkapan tabir*, *membunuh*, *penyingkapan tabir*, *percobaan melenyapkan pahlawan*, *objek saking pahlawan menggunakan kesaktian untuk mendapat keterangan tentang penjahat*, *objek saking menang tanpa bertarung*, *objek saking penjahat dibawa*, *objek saking hukuman bagi penjahat*, *objek saking menyelamatkan penjahat yang dihukum*, *terlepas dari tawanan*, saha *fungsi kepulangan*. Tegesipun, wonten kaki-kaki ingkang boten dipunmangertos sinten sajatosipun, dicekel dening Ki Ageng Sela, gantos raga dados *ula*, sajatosipun kaki-kaki menika bledheg, bledheg ingkang pakaryanipun nyamber tiyang-tiyang ngantos *mati*, kaki-kaki menika sajatosipun Kyai Bledheg, ingkang badhe nyamber Ki Ageng Sela, ananging malah sampun konangan langkung rumiyin niat awon kasebat, amargi kalah prebawa, Kyai Bledheg boten saged nglawan satemah boten kadadosan *pertarungan*, dipunbekta dening Ki Ageng Sela dhateng ngarsanipun Kanjeng Sultan Bintara, Kyai Bledheg dipunkrangkeng saha dipunseleh ing alun-alun, dipunsiram toya dening nini-nini, Kyai Bledheg ical saking krangkeng, kondur dhateng asalipun. Saking fungsi-fungsi

menika, kaki-kaki (Kyai Bledheg) kalebet ing *lingkungan aksi penjahat*. Semanten ugi fungsi sepisan ingkang dipuntindakaken menika *datang tak terkenal*. Pramila dipunmangertos bilih kaki-kaki (Kyai Bledheg) tipikal kaliyan *penjahat* dipuntepangaken kanthi nindakaken fungsi *datang tak terkenal*.

Kanjeng Sultan Bintara menika minangka ancas saking fungsi *penjahat dibawa*, nindakaken fungsi *perintah, hukuman bagi penjahat, perintah, saha perintah*. Tegesipun, Kanjeng Sultan Bintara menika nampi Kyai Bledheg ingkang dipunaturaken dening Ki Ageng Sela, paring dhawuh kangge ngrangkeng Kyai Bledheg minangka paukuman, paring dhawuh supados Kyai Bledheg dipungambar, ngambali dhawuh supados Kyai Bledheg dipungambar. Saking fungsi-fungsi menika, Kanjeng Sultan boten kalebet ing *lingkungan tindakan*, pramila panaliti nggatosaken fungsi ingkang asring dipuntindakaken, inggih menika fungsi *perintah*. Fungsi menika nedahaken paraga ingkang ngutus saha paraga minangka utusan. Adhedhasar menika pramila langkung trep bilih Kanjeng Sultan Bintara menika *tipikal* kaliyan *perantara*. Semanten ugi fungsi sepisan ingkang dipuntindakaken menika *perintah*. Pramila dipunmangertos bilih Kanjeng Sultan Bintara *tipikal* kaliyan *perantara* dipuntepangaken kanthi nindakaken fungsi *perintah*.

Wong-wong Demak menika nindakaken saha nedahaken fungsi *peristiwa penghubung, peristiwa penghubung, menyatakan penderitaan,*

mantra agar terlepas dari mangsa penjahat. Tegesipun wong-wong ing Demak menika pengin mirsani Kyai Bledheg ingkang dipunkrangkeng ing alun-alun, pirsu bilih krangkengipun mbledhos, lajeng bingung bilulungan amargi wonten ingkang gebledhosan. Saking fungsi-fungsi menika, wong-wong ing Demak kalebet ing *lingkungan aksi perantara*. Semanten ugi fungsi sepisan ingkang dipuntindakaken menika *peristiwa penghubung*. Pramila dipunmangertos bilih wong-wong ing Demak *tipikal* kaliyan *perantaradipuntepangaken* kanthi nindakaken fungsi *peristiwa penghubung*.

Juru sungging ing salebeting cariyos inggih minangka *utusan* saking fungsi *perintah* saha nindakaken fungsi *perintah dipatuhi*. Tegesipun, juru sungging pikantuk dhawuh kapurih nggambar Kyai Bledheg, juru sungging nggambar ananging dereng sampurna amargi Kyai Bledheg sampun ical. Amargi juru sungging menika minangka *utusan*, pramila dipunwastani *tipikal* kaliyan *perantara*. Semanten ugi juru sungging namung nindakaken setunggal fungsi inggih menika *perintah dipatuhi*. Pramila dipunmangertos bilih juru sungging *tipikal* kaliyan *perantaradipuntepangaken* kanthi nindakaken fungsi *perintah dipatuhi*.

Nini-nini (Nyai Bledheg) menika nindakaken saha nedahaken *datang tak terkenal, menyatakan penderitaan, menyelamatkan penjahat yang dihukum, saha penyingkapan tabir*. Tegesipun, ing antawisipun

tiyang-tiyang ingkang mirsani Kyai Bledheg, wonten nini-nini ingkang boten dipunmangertos bab sinten sajatosipun, nini-nini menika dipunesuk dening tiyang kathah ngantos kepontal-pontal, lajeng nyiram toya dhateng Kyai Bledheg, nini-nini menika sajatosipun Nyai Bledheg minangka garwanipun Kyai Bledheg. Saking fungsi menika, nini-nini (Nyai Bledheg) kalebet ing kalih *lingkungan tindakan*. Inggih menika *lingkungan aksi perantara* kaliyan *lingkungan aksi pembantu*. Amargi menika ngrembag cara nepangaken paraga, pramila dipunpundhut fungsi kapisan ingkang kalebet ing *lingkungan tindakan*. Kamangka fungsipun inggih menika *menyatakan penderitaan* ingkang kalebet ing *lingkungan aksi perantara*. Pramila saged dipunmangertos bilih cara nepangaken nini-nini menika kanthi paraga ingkang *tipikal* kaliyan *perantara*. Semanten ugi fungsi sepisan ingkang dipuntindakaken menika *datang tak terkenal*. Pramila dipunmangertos bilih nini-nini (Nyai Bledheg) *tipikal* kaliyan *perantaradipun* tepangaken kanthi nindakaken fungsi *datang tak terkenal*.

Saking pirembagan ing inggil, dudutanipun inggih menika wonten gangsal cara nepangaken paraga ing cariyos dongeng Ki Ageng Sela. Menawi dipuntingali saking nama-nama paraga, kados mekaten. Ki Ageng Sela dipuntepangaken ing *situasi awal*, kaki-kaki (Kyai Bledheg) saha nini-nini (Nyai Bledheg) dipuntepangaken kanthi cara nindakaken fungsi *datang tak terkenal*, Kanjeng Sultan Bintara nindakaken fungsi

perintah, juru sungging nindakaken fungsi *perintah dipatuhi*, saha nepangaken wong-wong Demak kanthi cara nindakaken fungsi *peristiwa penghubung*. Menawi dipuntingali saking *tipikal* paraga, kados mekaten. *Pahlawan* dipuntepangaken ing *situasi awal*, *penjahat* dipuntepangaken kanthi nindakaken fungsi *datang tak terkenal*, *perantara* dipuntepangaken kanthi nindakaken fungsi *perintah*, *peristiwa penghubung*, *perintah dipatuhi*, saha *datang tak terkenal*.

d. Skema Struktur

Skema struktur menika minangka asiling rantaman saking fungsi-fungsi ingkang kapanggih ing dongeng Ajisaka. Fungsi-fungsi ingkang dipunparingi lambang menika dipunsusun miturut *garis sintagmatis* saha miturut *paradigmatis* jumbuhing *kronologi* kaliyan *fungsi*.

1) Skema struktur miturut *garis sintagmatis*

Skema struktur miturut *garis sintagmatis* menika tegesipun miturut rantaman *kronologi* ingkang wonten ing teks. Rantaman *kronologi* ing teks Ki Ageng Sela adhedhasar cariyos kados mekaten.

Dhek jamane kraton Demak, ing bawah Grobogan ana wong kang jenenge Ki Ageng Sela. Kocapa nuju sawijining dina, kaya adat sabene Ki Ageng Sela lagi macul ana sawah.

Ora antara suwe ing kono ana wong kaki-kaki teka, njur arep nyedhaki nggone Ki Ageng mau. Ning Ki Ageng wis waspada, ngerti yen kuwi dudu sabaene uwong, basan wus cedhak, kaki-kaki mau durung nganti bisa apa-apa, weruh-weruh wis dicekel karo Ki Ageng. Lha ngertia cah, bareng wong kaki-kaki mau dicekel, kuwi rak banjur kroncalan, malik rupane dadi nggegirisi.

Lha ngertia cah, sejatine sing dicekel Ki Ageng Sela kuwi bledheg. Sok nyamber uwong, nek kena ya bisa mati.

Nutugake dongenge mau, sing tak kandhakake wong kaki-kaki mau, sing nyedhaki Ki Ageng Sela, kuwi mau sejatine Kyai Bledheg sing memba-memba dadi wong tuwa, karepe ben ora ketara, arep nyamber Ki Ageng Sela. Ning sarehning Ki Ageng mau wong sekti, mula malah wis weruh sadurunge, dadi bledheg durung bisa apa-apa, malah wis dicekel kuwi mau. Bledheg dicekel kuwi wis njur ora duwe daya, wose kalah prebawa karo Ki Ageng. Saiki karepe Ki Ageng Sela bledheg kuwi arep diaturake menyang ratu Demak, iya Kanjeng Sultan Bintara. Tenan bledheg ditampa dening Kanjeng Sultan, lan didhawuhi ndokok ana krangkeng wesi, diseleh ana ngalun-alun.

Wah la kocapa, wong ndelok kuwi rak ora karuwan akehe, ndalidir saka ngendi-endi, saka ndesa-ndesa adoh ya padha teka, perlu ndelok bledheg kuwi mau. Kanggo pangeling-eling Kanjeng Sultan iya dhawuh marang abdi juru sungging (tukang gambar), didhawuhi nggambar bledheg kuwi kanggo rerenggan mesjid Demak.

Kocapa ing antarane wong-wong sing padha nonton kono ana siji, wujud wong nini-nini wis tuwa banget. Tekane mrono karo nggawa bathok isi banyu. Sarehne sing ndeleng kuwi akeh banget, dadi nini-nini mau ya mesakake, ngesak-esuk pijer kontal, malah diusek uwong pirang-pirang, ora bisa nyedhak, lan ora bisa weruh, ning kok ya nekad wae, kadereng olehe arep weruh bledheg, diesuk wong akeh meksa ora gelem ngalah, pijer bali ndhesel ana ngarep. Basan wis cedhak, ora kanyana-nyana, jebul banyu sing ana bathok banjur disiratake neng krangkeng. Gleger, dheeer, mengkono suwara sing keprungu seru banget. Wong-wong pirang-pirang ora weruh nalare, weruh-weruh krangkeng wesi banjur mbledhos dadi sawalang-walang. Bledheg sing dikunjara wis ilang bali menyang asale. Sing ndelok kono pating jlerit bingung bilulungan.

Lha ngertia cah, nini-nini sing tak kandhakake arep melu ndelok kuwi mau, sejatine Nyai Bledheg, bojone Kyai Bledheg sing dicekel Ki Ageng Sela.

Aku mau kandha yen Kanjeng sultan dhawuh, supaya bledhege digambar. Ya uga wis ditandangi, nanging durung rampung bledhege wis ucul, dadi gambare ya durung dadi.

Mulane seprene, yen pinuju mendhung utawa grimis, banjur ana cleret mak byar, wong-wong banjur padha nyebut, ngucapake mangkene: “I Gandrik, putrane Ki Ageng Sela.”

2) Skema strukturmiturut *paradigmatis* jumbuhing *kronologi* kaliyan fungsi

Saking cariyos kanthi sintagmatis ing inggil, dipunpundhut wosing prastawa lajeng dipunjumbuhaken kaliyan teori fungsi satemah pikantuk patradigmatis kados mekaten.

Kapurwakan kanthi *situasi awal* ingkang nyebataken Ki Ageng Sela ingkang saweg macul ing sabin. Dipunlajengaken prastawa utawi rerigen ingkang nedahaken fungsi. Wonten kaki-kaki tindak dhateng Ki Ageng Sela (*datang tak terkenal*(O)), Ki Ageng Sela nyekel kaki-kaki (*menangkap penjahat*(E^{11})), kaki-kaki gantos raga dados ula (*sifat fisik yang baru*(T^1)), kaki-kaki menika sajatosipun bledheg (*penyingkapan tabir*(Ex)), bledheg menika pakaryanipun nyamber tiyang ngantos mati (*membunuh*(A^{14})), kaki-kaki menika sajatosipun Kyai Bledheg (*penyingkapan tabir* (Ex)), ingkang badhe nyamber Ki Ageng Sela (*percobaan melenyapkan pahlawan* (Pr^6)), ananging amargi Ki Ageng Sela menika sekti, mila sampun mangertos saderengipun kasamber (*pahlawan menggunakan kesaktian untuk mendapat keterangan tentang penjahat*(ζ^{ii})), Ki Ageng Sela sampun menang prebawa, mila boten wonten pertarungan (*menang tanpa bertarung*(I^8)), Kyai Bledheg dibekta dhateng ngarsanipun Kanjeng

Sultan Bintara(*penjahat dibawa*(G^{ii})), Kanjeng Sultan paring dhawuh(*perintah*(γ^2)), supados Kyai Bledheg dipnkrangkeng ing alun-alun(*hukuman bagi penjahat*(U)), wong-wong sami mirsani (*peristiwa penghubung* (B)), Kanjeng Sultan dhawuh supados Kyai Bledheg dipungambar (*perintah*(γ^2)), wonten nini-nini tumut mirsani kaliyan ngasta toya (*datang tak terkenal*(O)), nini-nini ngesuk-esuk pijer kotal (*menyatakan penderitaan*(B^4)), toya disiram dhateng Kyai Bledheg (*menyelamatkan penjahat yang dihukum* (Rs^{11})), wong-wong weruh krangkeng mbledhos (*peristiwa penghubung* (B)), Kyai Bledheg ical saking krangkeng (*terlepas dari tawanan* (K^{10})), Kyai Bledheg kondur dhateng asalipun (*kepulangan* (\downarrow)), wong-wong bingung-bilulungan amargi wonten ingkang gebledhosan (*menyatakan penderitaan*(B^4)), nini-nini menika sajatosipun Nyai Bledheg minangka garwanipun Kyai Bledheg (*penyingkapan tabir* (Ex)), dhawuh Kanjeng Sultan supados Kyai Bledheg dipungambar (*perintah*(γ^2)), dipuntindakaken dening juru sungging ananging dereng sampurna (*perintah dipatuhi* (δ^2)), nalikanipun kahanan saweg jawah, wonten pratandha Kyai Bledheg dugi, wong-wong sami mocapaken *I Gandrik, putrane Ki Ageng Sela* supados boten disamber dening Kyai Bledheg (*mantra agar terlepas dari mangsa penjahat*(Rs^{viii})).

Saking rantama *kronologi* menika, dipunpudhut lambang saking fungsi-fungsipun supados ketingal langkung ringkes saha

langkung gampil anggenipun nganalisis jumbuhing *skema struktur* ing panaliten kaliyan teori *skema* ingkang dipunsamektakaken Propp samangke. *Skema* saking dongeng Ki Ageng Sela inggih menika:

O E¹¹T¹ExA¹⁴Ex Pr⁶ζⁱⁱ1⁸Gⁱⁱγ²U Bγ²OB⁴ Rs¹¹BK¹⁰ ↓ B⁴Ex γ²δ²Rs^{viii}


Propp nggandharaken skema struktur kanthi umum kaperang dados sekawan. Antawisipun, (1) cariyos ingkang ngewrat unsur *pertarungan, kemenangan, pembunuhan tanpa perlawanan*, (2) cariyos ingkang ngewrat *tugas berat*, (3) cariyos ingkang ngewrat unsur *pertarungan, kemenangan, pembunuhan tanpa perlawanan, saha tugas berat*, (4) cariyos ingkang boten ngewrat unsur *pertarungan*, utawi ugi boten ngewrat unsur *tugas berat*. Saking sekawan *skema* menika, panaliti migunakaken *skema* ingkang kaping sekawan kangge nandhingaken. Panaliti migunakaken *skema* angka sekawan amargi adhedhasar saking fungsi ingkang kapanggih ing dongeng Ajisaka, boten wonten unsur *pertarungan, tugas berat saha pembunuhan tanpa perlawanan*. Sinaosa wonten unsur *kemenangan*ipun, fungsi menika boten minangka asil saking *pertarungan*. Pramila fungsi menika boten dipunginakaken kangge nemtokaken *skema* ingkang trep. Saking andharan menika paring teges bilih *skema* cariyos Ki Ageng Sela jumbuh kaliyan tetenger angka sekawan inggih cariyos ingkang boten ngewrat unsur *pertarungan*, utawi ugi boten ngewrat unsur *tugas berat*.

Pramila skema umum ingkang dipunginakaken ing cariyos Ki Ageng Sela sami kaliyan pola umum ingkang dipunginakaken ing cariyos Ajisaka. Saminipun pola umum ingkang dipunginakaken menika samangke saged nggampilaken nalikanipun nandhingaken cariyos Ajisaka kaliyan cariyos Ki Ageng Sela. *Skema struktur* umum ingkang dipunginakaken kados mekaten.

ABC↑DEFGK ↓Pr Rs Q Ex TUW*

Rantaman lambang menika karantam saking fungsi-fungsi kados *kejahatan, peristiwa penghubung, penetralan (tindakan) dimulai, keberangkatan, fungsi pertama donor (pemberi), reaksi pahlawan, penerimaan alat sakti, perpindahan tempat, kebutuhan terpenuhi, kepulangan, pengejaran, peyelamatan, pahlawan dikenali, penyingkapan tabir, penjelmaan, hukuman bagi penjahat, perkawinan dan naik tahta.*

Skema struktur Ki Ageng Sela menika badhe dipuntandhingaken kaliyan *skema* ingkang dipunsamektakaken Propp kangge mangertos sami botenipun saha kalebet *skema* ingkang urut menapa *songsang*. Ing perangan menika panaliti badhe ngicalaken $\gamma\delta\eta\theta\zeta$ utawi ugi *variasinipun* amargi menika boten kalebet ing pola struktur umum semanten ugi supados langkung gampil anggenipun nandhingaken. Saking menika pikantuk rantaman saha tetandhingan kados mekaten.



Gambar 2: Tetandhingan Skema Struktur Umum kaliyan Skema Struktur Ki Ageng Sela

Tetandhingan menika nedahaken bilih wonten fungsi ingkang kapanggih ing cariyos Ki Ageng Sela ananging boten wonten ing pola umum. Semanten ugi sawalikipun. Saking tetandhingan ing inggil, ugi pikantuk teges bilih *skema struktur* ing dongeng Ki Ageng Sela boten sami kaliyan *skema struktur* kanthi cara umumipun. Bedanipun inggih menika urutanipun. Kathah fungsi ingkang *bersilangan* urutanipun ing tetandhingan menika. Saking menika, pikantuk teges bilih dongeng Ki Ageng Sela menika *skema struktur*ipun dipunwastani *songsang*. Dongeng

Ki Ageng Sela menika beda sanget kaliyan skema ingkang dipun samektakaken Propp. *Peristiwa penghubung* saking teori menika kalebet rantaman ing inggil ananging ing cariyos malah karantam ing ngandhap. Semanten ugi *penjelmaan* saking teori menika kalebet rantaman ing ngandhap ananging ing cariyos malah karantam ing inggil. Sinaosa songsang, wonten perturutan fungsi ingkang sami kaliyan skema umum. Inggih menikakebutuhan terpenuhidipunlajengakenkepulangan.

Tetandhingan menika ugi nedahaken fungsi-fungsi ingkang dipunambali. Kados *peristiwa penghubung* dipunambali kaping sekawan, *penyelamatan* kaping kalih, saha *penyingkapan tabir* dipunambali kaping tiga. Wosipun, *skema struktur* dongeng Ajisaka menika boten urut saha wonten fungsi ingkang dipunambali ing lampahaning cariyos.

3. Tetandhingan Dongeng Ajisaka kaliyan Dongeng Ki Ageng Sela

Ing pirembagan menika, panaliti badhe nandingaken sekawan perkawis ingkang sampun dipunrembag ing kekalih cariyos. Wosipun kangge mangertos perangan ingkang sami saha perangan ingkang beda.

a. Fungsi-fungsi Pelaku

Saking pirembagan fungsi ing cariyos Ajisaka panaliti manggihaken *situasi awal* ingkang dipunlajengaken 27 fungsi. 27 fungsi menika karantam saking 18 fungsi. 18 fungsi-fungsi menika antawisipun *menggugat untuk melakukannibalism* (A^{17}), *perintah* (γ^2), *perintah*

dipatuhi (δ^2), peristiwa penghubung (B), keberangkatan (\uparrow), perpindahan tempat (G), melakukan perbuatan murni (E^7), pahlawan mendapat keterangan tentang penjahat (ζ^2), penetralan (tindakan) dimulai (C), percobaan memakan pahlawan (Pr^5), tipu daya (η), keterlibatan (θ), alat sakti akan memberikan kesaktian bila diperlukan (f^9), penghapusan penderitaan merata dengan alat sakti (K^5), kemenangan dalam perjanjian (I^7), hukuman bagi penjahat (U), sifat fisik yang baru (T^1), naik tahta (W).

Salajengipun pirembaran fungsi ing cariyos Ki Ageng Sela panaliti manggihaken *situasi awal* ingkang dipunlajengaken 25 fungsi. 25 fungsi menika karantam saking 16 fungsi. 16 fungsi-fungsi menika antawisipun *datang tak terkenal* (O), *menangkap penjahat* (E^{11}), *sifat fisik yang baru* (T^1), *penyingkapan tabir* (Ex), *fungsi membunuh* (A^{14}), *percobaan melenyapkan pahlawan* (Pr^6), *pahlawan menggunakan kesaktian untuk mendapat keterangan tentang penjahat* (ζ^{ii}), *menang tanpa bertarung* (I^8), *penjahat dibawa* (G^{ii}), *perintah* (γ^2), *fungsi hukuman bagi penjahat* (U), *peristiwa penghubung* (B), *menyelamatkan penjahat yang dihukum* (Rs^{11}), *terlepas dari tawanan* (K^{10}), *kepulangan* (\downarrow), *saha perintah dipatuhi* (δ^2).

Saking fungsi-fungsi ing kekalih menika dipungatosaken fungsi kanthi umumipun supados saged dipunmangertos fungsi ingkang sami. Kanthi cara kasebat pramila kapanggih fungsi-fungsi ingkang sami

antawisipun *kejahatan* (A), *perintah/larangan* (γ), *pelanggaran/perintah dipatuhi* (δ), *peristiwa penghubung* (B), *perpindahan tempat* (G), *reaksi pahlawan* (E), *informasi* (ζ), *pengejaran* (Pr), *kebutuhan terpenuhi* (K), *kemenangan* (I), *hukuman bagi penjahat* (U), *penjelmaan* (T). Pramila wonten 12 fungsi ingkang sami ing salebeting kekalih cariyos menika. Supados langkung gamblang, samangke badhe dipuntandhingaken lambangipun ing skema struktur.

Salajengipun inggih menika variasi fungsi enggal ingkang kapanggih ing kekalih cariyos. Ing cariyos Ajisaka, panaliti manggihaken setunggal variasi fungsi inggih menika fungsi *kemenangan dalam perjanjian* minangka *variasi* saking fungsi *kemenangan*. Wondene variasi enggal ing cariyos Ki Ageng Sela wonten enem kalebet fungsi turunanipun. Antawisipun fungsi *menangkap penjahat* minangka *variasi* fungsi saking fungsi *reaksi pahlawan*, fungsi *menang tanpa bertarung* minangka *variasi* saking fungsi *kemenangan*, *menyelamatkan penjahat yang dihukum* minangka *variasi* saking fungsi *penyelamatan*, fungsi *pahlawan menggunakan kesaktian untuk mendapat keterangan tentang penjahat* minangka *fungsi turunan* saking *variasi* fungsi *pahlawan mendapat keterangan tentang penjahat* ingkang kalebet ing fungsi *informasi*, fungsi *penjahat dibawa* saking *variasi* fungsi *pahlawan dibawa* ingkang kalebet ing fungsi *perpindahan tempat*, saha fungsi *mantra agar terlepas dari mangsa penjahat* minangka *fungsi*

turunansaking variasi fungsi terlepas dari mangsa penjahat salebeting fungsi penyelamatan.

Saking sedaya *variasi* fungsi menika, wonten *variasi* fungsi ingkang sami ing cariyos Ki Ageng Sela kaliyan fungsi *kemenangan dalam perjanjianing* cariyos Ajisaka. Inggih menika fungsi *menang tanpa bertarung*. Saminipun menika boten namung dipuntingali saking fungsi kanthi umum. Ananging ugi dipuntingali saking prastawa ingkang ndadosaken *kemenangan* kasebat. Ajisaka menang amargi *tipu daya* ingkang awujud *janji* menika kasil. Saged ngrebut nagari Medhangkamulan saking Prabu Dewatacengkar. Pramila pikantuk teges bilih *kemenangan* minangka asil saking tutur wicara, boten saking *perjudian, perbandingan, utawi ugi pertarungan*. Menawi ing cariyos Ki Ageng Sela, Ki Ageng Sela menang amargi langkung sekti tinimbang Kyai Bledheg. Menika katingal saking prastawa Ki Ageng Sela nyekel Kyai Bledheg, ananging Kyai Bledheg *ora duwe daya*. Pramila pikantuk teges bilih Kyai Bledheg boten kiyat menawi nglawan Ki Ageng Sela. Pramila Ki Ageng Sela sampun menang saderengipun tarung kaliyan Kyai Bledheg. Saking kekalih analisis menika, pikantuk dudutan bilih kekalih fungsi kasebat sami-sami nedahaken *kemenangan* ananging boten saking *pertarungan*. Pramila menika saged dados salah setunggaling tetenger ingkang mbedakaken dongeng abasa jawi kaliyan cariyos ingkang dipuntliti Propp ing Rusia.

b. Lingkungan Tindakan

Wonten ing cariyos Ajisaka, wonten sekawan lingkungan tindakan antawisipun antawisipun *lingkungan aksi penjahat, aksi pembantu, aksi perantara, saha lingkungan aksi pahlawan*. Salajengipun ing cariyos Ki Ageng Sela wonten *lingkungan aksi penjahat, aksi pembantu, aksi perantara, saha lingkungan aksi pahlawan*.

Asil analisis menika paring teges bilih fungsi-fungsi ingkang wonten ing kekalih cariyos, sumebar ing sekawan *lingkungan tindakan* ingkang sami. Sami-sami ngewrat paraga ingkang *tipikal* kaliyan *pahlawan, penjahat, pembantu, saha perantara*.

c. Cara Nepangaken Paraga ing Cariyos

Ing pirembagan menika panaliti boten nggatosaken nama paraga, ananging langkung nggatosaken tipikal paraga amargi ing kekalih cariyos menika namanipun beda-beda. Kados penjahat ing cariyos Ajisaka inggih Prabu Dewatacengkar, ananging penjahat ing cariyos Ki Ageng Sela inggih Kyai Bledheg. Langkung nggatosaken tipikal paraga menika subados langkung gampil anggenipun mbandhingaken cara nepangaken paraga antawis kekalih cariyos menika.

Asil ingkang kapanggih ing cariyos Ajisaka inggih menika *penjahat* dipuntepangaken ing *situasi awal, perantara* kanthi nindakaken fungsi *perintah* *dipatuhi* saha *peristiwa* *penghubung, pembantu* nyamektakaken fungsi *perpindahan* *tempat,*

sahanepangaken *pahlawan* kanthi nindakaken fungsi *keberangkatan*. Salajengipun asil ingkang kapanggih ing cariyos Ki Ageng Sela inggih menika *pahlawan* dipuntepangaken ing *situasi awal*, *penjahat* dipuntepangaken kanthi nindakaken fungsi *datang tak terkenal*, *perantaradipuntepangaken* kanthi nindakaken fungsi *perintah*, *peristiwa penghubung*, *perintah dipatuhi*, saha *datang tak terkenal*.

Saking kekalih asil menika, saged dipunmangertos bedanipun. Inggih menika *situasi awal* ing cariyos Ajisaka nepangaken *penjahat*, ananging ing cariyos Ki Ageng Sela nepangaken *pahlawan*. *Pahlawan* ing cariyos Ajisaka dipuntepangaken kanthi nindakaken fungsi *keberangkatan*, *penjahat* ing cariyos Ki Ageng Sela kanthi nindakaken fungsi *datang tak terkenal*. Wonten setunggal paraga perantara ingkang ugi dipuntepangaken kanthi nindakaken fungsi *datang tak terkenal* saha *perintah* ing cariyos Ki Ageng Sela. Ananging wonten paraga ingkang cara nepangaken menika sami ing kekalih cariyos, inggih menika *perantara* kanthi nindakaken fungsi *perintah dipatuhi* saha *peristiwa penghubung*.


Dipuntingali saking gambaran umumipun, dipundamel dudutan bilih cara nepangaken paraga ing kekalih cariyos menika beda-beda.

d. Skema Struktur

Skema struktur ing pirembagan menika badhe mundhut saking skema struktur miturut *paradigmatis* jumbuhing *kronologi*

kaliyan fungsi ingkang sampun karembag ing saben cariyos. Ing piremangan menika dipunpundhut lambang saking fungsi ingkang jumbuh kaliyan kronologi ing teks saha dipunsusun miturut urutanipun.

Ing perangan menika panaliti badhe ngicalaken $\gamma\delta\eta\theta\zeta$ utawi ugi *variasinipun* amargi menika boten kalebet ing pola struktur umum semanten ugi supados langkung gampang anggenipun nandhingaken. Salajengipun dipuntandhingaken kados gambar 1 saha 2. Saking lambang-lambang menika, pikantuk tetandhingan kados mekaten.



Gambar 3: Tetandhingan Skema Struktur Ajisaka kaliyan Skema Struktur Ki Ageng Sela

Ing tetandhingan menika panaliti boten nandhingaken fungsi-fungsi ingkang dipunambali. Ing tetandhingan menika panaliti nandhingaken fungsi ingkang sami saha ingkang paling inggil ing cariyos Ajisaka saha fungsi ingkang paling inggil ing cariyos Ki Ageng Sela. Cara kasebat sampun cekap nedahaken sami menapa boten skema struktur ing kekalih cariyos menika.

Tetandhingan menika nedahaken bilih wonten fungsi ingkang kapanggih ing cariyos Ki Ageng Sela ananging boten wonten ing cariyos Ajisaka. Semanten ugi sawalikipun. Saking tetandhingan ing inggil, ugi pikantuk teges bilih *skema struktur* ing dongeng Ki Ageng Sela boten sami kaliyan *skema struktur* cariyos Ajisaka. Bedanipun inggih menika urutanipun. Kathah fungsi ing cariyos Ajisaka karantam ing inggil ananging ing cariyos Ki Ageng Sela malah karantam ing ngandhap. Semanten ugi fungsi *penjelmaan* ingkang ing cariyos Ajisaka saha ing pola umum karantam ing ngandhap, ing cariyos Ki Ageng Sela malah karantam ing nginggil. Menawi dipuntingali saking fungsi-fungsi ingkang dipunambali, temtu kathah sanget fungsi ingkang *bersilangan*. Saking analisis kados mekaten, tetandhingan kekalih cariyos menika boten namung dipunwastani *songsang*. Ananging *terbalik*. Sinaosa terbalik, menika boten nyalahi wewaton kados ingkang dipunandharaken Propp saderengipun.

Saking panaliten menika, pikantuk dudutan bilih dongeng *Ajisaka* saha *Ki Ageng Sela* ngewrat *variasi* fungsi ingkang boten dipunsamektakaken Propp, kekalih cariyos ngewrat sekawan *lingkungan tindakan* saha cara nepangaken paraga ingkang beda-beda, *skema struktur* ingkang *songsang*, saha wonten fungsi ingkang dipunambali. Pramila pikantuk teges bilih *struktur* dongeng *Ajisaka* menika beda kaliyan *struktur* dongeng Rusia ingkang dipuntliti dening Propp. Asil panaliten ing dongeng *Ajisaka* menika asipat njangkepi *teori* saking Propp. Kados *variasi* fungsi enggal inggih menika *kemenangan dalam perjanjian* dipunlebetaken ing fungsi *kemenangansaha* variasi fungsi sanesipun menika samangke dipunlebetaken ing daftar fungsi enggal. Andharan menika jumbuh kaliyan ingkang dipunandharaken Propp ing bab kalih bilih Morfologi Propp tuwuh pangira-ira bakal dipungatosaken dening para generasi salajengipun sahaminangka salah satunggaling *terobosan teoritis utama* babagan cariyos rakyat ing abad kaping kalihdasa.

Mekaten asiling panaliten saha pirembagan babagan *fungsi, lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema struktur* ingkang wonten ing cariyos *Ajisaka* saha *Ki Ageng Sela* salebeting *Kumpulan Dongeng Ajisaka* anggitanipun Ki Hadisukatno.

BAB V PANUTUP

C. Dudutan

Adhedhasar gambaran asiling panaliten babagan *fungsi, lingkungan tindakan*, cara nepangaken paraga, saha *skema strukturingkang wonten ing cariyos Ajisaka saha Ki Ageng Sela* anggitanipun Ki Hadisukatno ing ngingil, saged dipundamel dudutan. Dudutanipun kados mekatan.

1. Fungsi-fungsi Pelaku

Saking pirembagan *fungsi-fungsi pelaku* ing dongeng Ajisaka, panaliti manggihaken *situasi awal* saha 27 fungsi ingkang karantam saking 18 fungsi. Menawi ing dongeng Ki Ageng Sela, panaliti manggihaken *situasi awal* saha 25 fungsi ingkang karantam saking 16 fungsi. Panaliti manggihaken 27 saha 25 fungsi amargi wonten saperangan fungsi utawi *variasi* fungsi ingkang dipunambali ing salebeting cariyos.

Saking kekalih dongeng menika, panaliti manggihaken sekawan *variasi* fungsi ingkang boten dipunsamektakaken dening Propp. Inggih menika fungsi *kemenangan dalam perjanjian* minangka *variasi* saking fungsi *kemenangan, menangkap penjahat* minangka *variasi* saking fungsi *reaksi pahlawan, fungsi menang tanpa bertarung* minangka *variasi*

saking fungsi kemenangan, menyelamatkan penjahat yang dihukum minangka variasi saking fungsi penyelamatan.

Panaliti ugi damel tigang fungsi turunan saking variasi fungsi ingkang dipunsamektakaken Propp. Inggih menika fungsi pahlawan menggunakan kesaktian untuk mendapat keterangan tentang penjahat minangka fungsi turunan saking variasi fungsi pahlawan mendapat keterangan tentang penjahat ingkang kalebet ing fungsi informasi. Fungsi penjahat dibawa saking variasi fungsi pahlawan dibawa ingkang kalebet ing fungsi perpindahan tempat. Saha fungsi mantra agar terlepas dari mangsa penjahat minangka fungsi turunan saking variasi fungsi terlepas dari mangsa penjahat salebeting fungsi penyelamatan.

2. Lingkungan Tindakan

Lingkungan tindakan ingkang wonten ing dongeng Ajisaka saha Ki Ageng Sela menika sami. Sekawan lingkungan tindakan ing kekalih cariyos antawisipun lingkungan aksi penjahat, aksi pembantu, aksi perantara, saha aksi pahlawan.

3. Cara Nepangaken Paraga

Cara nepangaken paraga ing dongeng Ajisaka wonten sekawan. Dipuntingali saking tipikal paraga, sekawan cara menika kados mekatèn. Penjahat dipuntepangaken ing situasi awal, perantara kanthi nindakaken fungsi perintah dipatuhi saha peristiwa penghubung, pembantu

nyamektakaken fungsi *perpindahan tempat*, saha nepangaken *pahlawan* kanthi nindakaken fungsi *keberangkatan*.

Cara nepangaken paraga ing dongeng Ki Ageng Sela inggih menika *pahlawan* dipuntepangaken ing *situas iawal*, *penjahat* dipuntepangaken kanthi nindakaken fungsi *datang tak terkenal*, *perantara* dipuntepangaken kanthi nindakaken fungsi *perintah*, *peristiwa penghubung*, *perintah dipatuhi*, saha *dating tak terkenal*.

Saking kekalih cariyos menika pikantuk teges bilih cara nepangaken paraga ing cariyos menika beda-beda.

4. Skema Struktur

Skema struktur ing dongeng Ajisaka saha Ki Ageng Sela boten sami kaliyan *skema struktur* umum ingkang dipunsamektakaken Propp. Kathah fungsi ingkang *bersilangan* urutanipun ing tetandhingan menika. Saking menika, pikantuk teges bilih dongeng Ajisaka saha Ki Ageng Sela menika *skema struktur*ipun dipunwastani *songsang*.

Asil panaliten ing dongeng Ajisaka saha Ki Ageng Sela menika asipat njangkepi *teori* saking Propp. Kados *variasi* fungsi saha fungsi turunan enggal ingkang sampun dipunsebataken, samangke dipunlebetaken ing daftar fungsi ingkang dipunsamektakaken ing lampiran. Andharan menika jumbuh kaliyan ingkang dipunandharaken Propp ing bab kalih bilih *Morfologi* Propp tuwuh pangira-ira bakal dipungatosaken dening para generasi salajengipun

saha minangka salah satunggaling *terobosan teoritis utama* babagan cariyos rakyat ing abad kaping kalihdasa.

D. Implikasi

Panaliten menika saged dados salah setunggal referensi kangge panaliti salajengipun nalika nлити struktur naratif cariyos. Semanten ugi saged dipunginakaken kangge *bahan pengembangan teorinipun* Propp. Panaliten menika ugi saged dipunginakaken kangge referensi dhateng guru babagan cara damel sinopsis adhedhasar rerigen ingkang dipuntindakaken paraga.

E. Pamrayogi

Panaliten menika namung nлити kalih cariyos kemawon ingkang arupi dongeng-cerkak. Prayoginipun, dhateng panaliti salajengipun ngrembag dongeng-dongeng sanes ingkang wonten ing tanah Jawi, ancasipun supados saged dipunmangertos pola umum saking dongeng-dongeng ing tanah Jawi. Pamrayogi sanesipun inggih supados nлити cariyos-cariyos sanes ingkang awujud prosa utawi awujud drama ingkang ancasipun saged ngembangaken teori Propp supados pikantuk *teori utama* babagan struktural.

KAPUSTAKAN

- Ahimsa-Putra, Heddy Shri. 2006. *Strukturalisme Lévi-Strauss: Mitos dan Karya Sastra*. Yogyakarta: Kepel Press
- Aminuddin. 1995. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Danandjaja, James. 1994. *Folklor Indonesia-Ilmu gosip, dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Departemen Pendidikan Nasional. 2002. *Kamus Besar Bahasa Indonesia: Edisi Ketiga*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Eimermacher. K. 1972. *Morphologie des Märchens*. München: - saking <http://www.uni-due.de/literaturwissenschaftaktiv/Vorlesungen/epik/propp.htm>. Diunduh tanggal 12 Oktober 2013.
- Endraswara, Suwardi. 2004. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama
- Hadisukatno. (E. Suharjendra (Ed.)). 1994. *Kumpulan Dongeng Ajisaka*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusatama
- Hartoko, Dick Ian B. Rahmanto. 1986. *Pemandu di Dunia Sastra*. Yogyakarta: Kanisius
- Juliyati, Sri. 2012. *Analisis Fungsi Vladimir Propp Dalam Dongeng Der Singende Knochen dan Der Froschkönig Oder Der Eiserne Heinrich Oleh Brüder Grimm*. Skripsi S1. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jerman, FBS UNY.
- Keraf, Gorys. 2004. *Komposisi: Sebuah Pengantar Kemahiran Bahasa*. NTT: Nusa Indah
- Luxemburg, Jan Van, dkk. 1986. *Pengantar Ilmu Sastra*. Terjemahan Dick Hartoko. Jakarta: Gramedia.

- Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Padmopuspito, Asia. 1980. *Analisis Struktural Novel-novel Jawa*. Yogyakarta: Fakultas Keguruan Sastra Seni IKIP Yogyakarta
- Pradopo, Rahmat Djoko. 1991. *Panduan Pembaca Teori Sastra Masa Kini*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____. dkk. 2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Hanindita.
- Propp, V. 1987. *Morfologi Cerita Rakyat*. Terjemahan Noriah Taslim. Kuala Lumpur: Dewan Bahasa dan Pustaka.
- Purbo-Hadiwidjoyo, M. M. 1993. *Menyusun Laporan Teknik*. Bandung: ITB.
- Purwadi. 2012. *Sejarah Sastra Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sayuti, Suminto A. 2000. *Berkenalan dengan Prosa Fiksi*. Yogyakarta: Gama Media.
- Scott, Laurence. 1968. Excerpts from: Vladímir Propp *Morphology of the Folktale* 1928 Translation ©1968, The American Folklore Society and Indiana University – saking <http://homes.di.unimi.it/~alberti/Mm10/doc/propp.pdf>. Diunduh tanggal 12 Oktober 2013.
- Semi, M. Atar. 1988. *Anatomi Sastra*. Padang: Angkasa Raya.
- Sugiyono. 2009. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R & D*. Bandung: Alfabeta.
- Silalahi, Ulber. (2006). *Metode Penelitian Sosial*. Bandung: Unpar Press. - saking http://putrinyaperwira-fisip09.web.unair.ac.id/artikel_detail64796Analisis%20Hubungan%20Internasional-Teknik%20Pengumpulan%20Data.html. Diunduh tanggal 28 Oktober 2013.
- <http://ridwanaz.com/umum/bahasa/pengertian-penelitian-deskriptif/>. Diunduh tanggal 28 Oktober 2013.

<http://surieyorei.wordpress.com/skripsi-sastra/refleksi-religiusitas-dalam-novelco-gito-allah-sum-karya-lalu-mohammad-zainuddin/bab-iii-metode-penelitian/>. Diunduh tanggal 28 Oktober 2013.

<http://tugasakhiramik.blogspot.com/2013/03/pengertian-pendekatan-objektif.html>.
Diunduh tanggal 28 Oktober 2013.

<http://p4mristkipppgrisa.wordpress.com/2011/05/10/uji-validitas-dan-reliabilitas/>.
Diunduh tanggal 28 Oktober 2013.

LAMPIRAN

Tabel Lampiran 1: Analisis *fungsi, lingkungan tindakan* saha cara nepangaken paraga ing cariyos Ajisaka.

| No | | Data | F | L | LT | CNP | Katrangan |
|-----|-----|---|---|------------|-----------------------|---------------------|--|
| P | D | | | | | | |
| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) | (7) | (8) |
| 1. | 1 | Dhek jaman biyen ana ratu, jenenge Prabu Dewatacengkar. | - | α | | Prabu Dewatacengkar | <i>Situasi awal</i> |
| | 2 | Negarane jenenge Medhangkamulan. | | | | | Ukara andhahan <i>situasi awal</i> |
| | 3 | Ratu mau duwe pekareman sing nganeh-anehi, yakuwi doyane iwak uwong. | <i>Menggugat untuk melakukan cannibalism</i> | A^{17} | <i>aksi penjahat</i> | | |
| | 4 | Angger sedina ora mangan iwak uwong, njur ketagihan. | | | | | Sipating paraga |
| | 5 | Lha uwonge njupuk ngendi? | | | | | Ukara andhahan |
| | 6 | Ora wurung ya njupuk saka kawulane, dipilih sing lemu-lemu tur isih enom, jarene iwake enak. | | | | | Asal <i>korban</i> saha <i>fisikalipun</i> |
| | 7 | Dadi sang prabu duwe bala, sing gawene mung dikon golek uwong, kanggo dhahare sang prabu mau. | <i>perintah</i> | γ^2 | | | |
| | 8 | Bala sing dipatah golek uwong kuwi saben-saben mblasak ing kampung-kampung. | <i>Perintah dipatuhi</i> | δ^2 | | | Balanipun Prabu Dewatacengkar |
| | 9 | Saben ana uwong lemu tur isih enom banjur dioyak-oyak, dadi kaya ngala njiret asu bae. | <i>Pengejaran minangka peristiwa penghubung</i> | Pr = B | <i>aksi perantara</i> | | Rakyat Medhangkamulan |

Tabel salajengipun

| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) | (7) | (8) |
|-----|-----|--|--|----------------|-----------------------|-----------------------|---|
| 2. | 10 | Mesthi wae wong-wong rakyat ing negara Medhangkamulan kuwi njur kekes, wedi miris, wong-wonge saya suwe saya entek, lha wong pijer dicekeli diladekake sang prabu. | <i>Menyatakan penderitaan</i> | B ⁴ | <i>aksi perantara</i> | | |
| 3. | 11 | Lha kocapa ana satriya saka sabrang jenenge Ajisaka. | <i>Keberangkatan</i> | ↑ | <i>aksi pahlawan</i> | Ajisaka | |
| | 12 | Satriya kuwi teka ing Medhangkamulan, banjur mondhok nggone mbok Randha Dhadhapan. | <i>Perpindahan (tempat)</i> | G | <i>aksi pembantu</i> | Mbok randha Dhadhapan | LT dipuntingali saking paraga Mbok randha Dhadhapan |
| | 13 | Ajisaka kuwi wong pinter, bagus isih enom, tur sekti. | | | | | Fisikal paraga |
| | 14 | Gawene sok mulang marang wong-wong ing Medhangkamulan. | | | | | Rangsangan E ⁷ |
| | 15 | Ya maca, nulis, karo ngelmu-ngelmu liyane. | | | | | Rangsangan E ⁷ |
| | 16 | Dadi cekake Ajisaka kuwi ya dadi gurune wong Medhangkamulan. | <i>Melakukan perbuatan murni</i> | E ⁷ | <i>aksi pahlawan</i> | | |
| | 17 | Ajisaka kuwi ya ngerti yen sang prabu Dewatacengkar gawene mangan iwak uwong. | <i>Pahlawan mendapat keterangan penjahat</i> | ζ ² | | | |

Tabel salajengipun

| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) | (7) | (8) |
|-----|-----|--|---|----------------------|-----------------------|-----|-------------------------------|
| | 18 | Mesthi wae wong-wong ing Medhankamulan kuwi ya ora seneng marang ratune, uwong kok mangan iwak uwong, suwe-suwe wonge rak entek. | <i>Menyatakan penderitaan</i> | B ⁴ | <i>aksi perantara</i> | | |
| | 19 | Nanging arep brontak ora wani, lha wong arep mungsuh ratune. | | | | | Ukara andhahan B ⁴ |
| 4. | 20 | Ajisaka kuwi ngrasa mesakake banget karo wong-wong Medhankamulan, mulane banjur niat arep njarag supaya diladekake nyang nggone sang prabu supaya didhahar. | <i>Penetralan (tindakan) dimulai</i> | C | <i>aksi pahlawan</i> | | |
| | 21 | Karepe Ajisaka sing kaya mangkono mau digondheli dening wong-wong sing dadi muride, ning Ajisaka nekad wae, karepe wis kenceng tenan. | <i>Larangan dipundherekaken pelanggaran</i> | γ δ | | | |
| | 22 | Kapinujon sacedhakeomahe mbok randha Dhadhapan kuwi ana rame-rame, ya kuwi solahé wong-wong sing dioyak-oyak dening balane sang prabu kang lagi golek uwong. | <i>Pengejaran minangka peristiwa penghubung</i> | Pr = B | <i>aksi perantara</i> | | |
| | 23 | Ajisaka malah banjur methukake balane sang prabu mau, njur njaluk supaya diladekake. | <i>Keberangkatan</i> | ↑ | <i>aksi pahlawan</i> | | |
| 5. | 24 | Wong-wong akeh sing padha nggondheli karo nangis. | <i>Larangan</i> | γ | | | |
| | 25 | Mbok randha Dhadhapan banget kerantara atine, sebab Ajisaka kuwi wis dianggep kaya anake. | <i>Menyatakan penderitaan</i> | B ⁴ | <i>aksi perantara</i> | | |

Tabel salajengipun

| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) | (7) | (8) |
|-----|-----|--|---|------------------|----------------------|-----|----------------------|
| | 26 | Olehe nangis mbok randha mau ngeres-eresi banget mangkene tembung: “Dhuh anakku Ajisaka, mbok aja kok bacutake karepmu, aku aja kok tinggal mati.” | <i>Larangan</i> | γ | | | |
| | 27 | Ajisaka mangsuli: “Wis ta biyung, wis ta biyung, tegakna awakku, ora-orane aku mati.” | <i>Pelanggaran</i> | δ | | | |
| 6. | 28 | Cekake carita, Ajisaka wis tekan ngarsane sang prabu Dewatacengkar. | <i>Pahlawan dibawa</i> | G^2 | <i>aksi pembantu</i> | | |
| | 29 | Ajisaka matur yen gelem dadi dhaharane, nanging duwe panyuwun, yakuwi mung nyuwun lemah kang ambane saiket, ya iket kang dianggo Ajisaka dhewe kuwi. | <i>Percobaan memakan pahlawan ananging wonten sarat minangka penipuan (tipu daya)</i> | Pr^5 η | <i>aksi penjahat</i> | | |
| | 30 | Sang prabu nuruti penjaluke. | <i>Keterlibatan</i> | θ | | | |
| | 31 | Nanging kocapa, bareng iket dijereng, jebul dawa banget, dijereng digelar ora entek-entek. | <i>Alat sakti akan memberikan kesaktian bila diperlukan</i> | f^9 | | | |
| | 32 | Nganti ngebaki alun-alun isih durung entek. | | | | | Ukara andhahan f^9 |
| | 33 | Nganti mlantrang tekan ngendi-endi. | | | | | Ukara andhahan f^9 |
| | 34 | Suwe-suwe tekan njaba kutha, nganti adoh, tekan ndesa-ndesa barang. | | | | | Ukara andhahan f^9 |

Tabel salajengipun

| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) | (7) | (8) |
|-----|-----|--|---|----------------|----------------------|-----|-------------------------------|
| | 35 | Terus pantog tekan segara kidul. | | | | | Ukara andhahan f ⁹ |
| | 36 | Wong-wong Medhangkamulan padha pating grubyug ngetutake Ajisaka. | | | | | Kahanan |
| 7. | 37 | Sajrone Ajisaka njereng iket mau, sang prabu uga melu ngetutake karo nunggang gajah. | | | | | Kahanan |
| | 38 | Sang prabu Dewatacengkar nggumun dene ana iket dawane ora jamak. | | | | | Ukara pangiyat keterlibatan |
| | 39 | Bareng iket wis pantog tekan segara kidul, Ajisaka banjur matur marang sang prabu, njaluk negara Medhangkamulan kabeh, jalaran negarane wis dikebaki iket. | <i>Penghapusan penderitaan merata dengan alat sakti</i> | K ⁵ | <i>aksi pembantu</i> | | |
| | 40 | Sang prabu kaget, weruh-weruh jebul negarane wis dikebaki iket, dadi kalah janji. | <i>Kemenangan dalam perjanjian</i> | I ⁷ | | | |
| 8. | 41 | Cekake, wong-wong rakyat Medhangkamulan kabeh wis mbalik ngeloni Ajisaka, njur padha nglawan ratune. | | | | | Kahanan |
| | 42 | Prabu Dewatacengkar disuraki, diolok-olok njur dijorog-jorogake. | <i>Hukuman (bagi penjahat)</i> | U | | | |
| | 43 | Sang prabu wis ora bisa nanggulangi maneh, banjur mundur-mundur kecemplung segara, salah kedadèn dadi baya putih. | <i>Sifat fisik yang baru</i> | T ¹ | | | |

Tabel salajengipun

| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) | (7) | (8) |
|-----|-----|--|-------------------|-----|----------------------|-----|----------------|
| | 44 | Swarane broang-braung nganti kaya guntur, saking gedhene, nek ngambang nganti kaya pulo ing tengah segara. | | | | | Fisikal paraga |
| 9. | 45 | Ajisaka disubya-subya rakyat Medhankamulan, banjur dijumenengake dadi ratu. | <i>Naik tahta</i> | W | <i>aksi pahlawan</i> | | |

Katrangan:

P : *Paragraf*

D : *Data*

F : *Fungsi*

L : *Lambang*

LT : *Lingkungan Tindakan*

CNP : *Cara Nepangaken Paraga*

Tabel Lampiran 2: Analisis *fungsi, lingkungan tindakan* saha cara nepangaken paraga ing cariyos Ki Ageng Sela.

| No | | Data | F | L | LT | CNP | Katrangan |
|-----|-----|--|----------------------------|-----------------|----------------------|--------------------------|---------------------------------------|
| P | D | | | | | | |
| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) | (7) | (8) |
| 1. | 1 | Dhek jamane kraton Demak, ing bawah Grobogan ana wong kang jenenge Ki Ageng Sela. | - | α | | Ki Ageng Sela | <i>Situasi awal</i> |
| | 2 | Ki Ageng kuwi wis kawentar sekti banget. | | | | | Ukara andhahan <i>Situasi awal</i> |
| | 3 | Dene pegaweyane saben dinane nggarap sawahe, nandur pari, palawija, lan liya-liyane. | | | | | Pakaryan paraga |
| | 4 | Kocapa nuju sawijining dina, kaya adat sabene Ki Ageng Sela lagi macul ana sawah. | - | α | | | <i>Situasi awal</i> |
| | 5 | Ing wektu iku mendhunge nggameng lan banjur wiwit grimis riwis-riwis. | | | | | Kahanan |
| 2. | 6 | Ki ageng terus wae olehe macul. | | | | | Ukara andhahan kahanan |
| | 7 | Ora antara suwe ing kono ana wong kaki-kaki teka, njur arep nyedhaki nggone Ki Ageng mau. | <i>Datang tak terkenal</i> | O | | Kaki-kaki (Kyai Bledheg) | |
| | 8 | Ning Ki Ageng wis waspada, ngerti yen kuwi dudu sabaene uwong, basan wus cedhak, kaki-kaki mau durung nganti bisa apa-apa, weruh-weruh wis dicekel Ki Ageng. | <i>Menangkap penjahat</i> | E ¹¹ | <i>aksi pahlawan</i> | | Boten dipunsamek-takaken Propp |

Tabel salajengipun

| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) | (7) | (8) |
|-----|-----|--|--|---------------------------|----------------------|-----|-----------------------------|
| | 9 | Lha ngertia cah, bareng wong kaki-kaki mau dicekel, kuwi rak banjur kroncalan, malik rupane dadi nggegirisi. | <i>Sifat fisik yang baru</i> | T ¹ | | | |
| | 10 | Rupane kuwi njur malik dadi ula, ning gedhe tur untune njrengangah, dawa-dawa nganggo sungut. | | | | | <i>Fisikal paraga</i> |
| | 11 | Wah medeni, lha wong kaki-kaki kok njur malih rupa dadi kaya ngono. | | | | | Ukara andhahan fisik paraga |
| 3. | 12 | Lha ngertia cah, sejatine sing dicekel Ki Ageng Sela kuwi bledheg. | <i>Penyingkapan (tabir)</i> | Ex | | | |
| | 13 | Sok nyamber uwong, nek kena ya bisa mati. | <i>Membunuh</i> | A ¹⁴ | <i>aksi penjahat</i> | | |
| | 14 | Mulane, bocah-bocah yen udan aja sok dolanan ana njaba. | | | | | Amanat |
| | 15 | Mengko nek kampilan kyai bledheg... piye... wedi ora? | | | | | Ukara panggayut |
| 4. | 16 | Nutugake dongenge mau, sing tak kandhakake wong kaki-kaki mau, sing nyedhaki Ki Ageng Sela, kuwi mau sejatine Kyai Bledheg sing memba-memba dadi wong tuwa, karepe ben ora ketara, arep nyamber Ki Ageng Sela. | <i>Penyingkapan (tabir)</i> <i>Percobaan melenyapkan pahlawan</i> | Ex Pr ⁶ | <i>aksi penjahat</i> | | |

Tabel salajengipun

| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) | (7) | (8) |
|-----|-----|--|--|-----------------|-----------------------|------------------------|---|
| | 17 | Ning sarehning Ki Ageng mau wong sekti, mula malah wis weruh sadurunge, dadi bledheg durung bisa apa-apa, malah wis dicekel kuwi mau. | <i>Pahlawan menggunakan kesaktian untuk mendapat keterangan tentang penjahat</i> | ζ^{ii} | | | <i>Fungsi turunan Pahlawan mendapat keterangan tentang penjahat</i> |
| | 18 | Bledheg dicekel kuwi wis njur ora duwe daya, wose kalah prebawa karo Ki Ageng. | <i>Menang tanpa bertarung</i> | I^8 | | | Boten dipunsamek-takaken Propp |
| | 19 | Saiki karepe Ki Ageng Sela bledheg kuwi arep diaturake menyang ratu Demak, iya Kanjeng Sultan Bintara. | <i>Penjahat dibawa</i> | G^{ii} | | | <i>Fungsi turunan pahlawan dibawa</i> |
| | 20 | Tenan bledheg ditampa dening Kanjeng Sultan, lan didhawuhi ndokok ana krangkeng wesi, diseleh ana ngalun-alun. | <i>Perintah Hukuman bagi penjahat</i> | γ^2 U | | Kanjeng Sultan Bintara | |
| 5. | 21 | Wah la kocapa, wong ndelok kuwi rak ora karuwan akehe, ndalidir saka ngendi-endi, saka ndesa-ndesa adoh ya padha teka, perlu ndelok bledheg kuwi mau. | <i>Peristiwa penghubung</i> | B | <i>aksi perantara</i> | Wong-wong Demak | |
| | 22 | Kanggo pangeling-eling Kanjeng Sultan iya dhawuh marang abdi juru sungging (tukang gambar), didhawuhi nggambar bledheg kuwi kanggo rerenggan mesjid Demak. | <i>Perintah</i> | γ^2 | | | |

Tabel salajengipun

| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) | (7) | (8) |
|-----|-----|--|--|------------------|-----------------------|--------------------------|--------------------------------|
| | 23 | Wah cekake ing ngalun-alun Demak kono banjur rame dadakan kaya nek pinuju ana kramean grebeg Maulud utawa Grebeg Besar. | | | | | Ukara andhahan B |
| 6. | 24 | Kocapa ing antarane wong-wong sing padha nonton kono ana siji, wujud wong nini-nini wis tuwa banget. | <i>Datang tak terkenal</i> | O | | Nini-nini (Nyai Bledheg) | |
| | 25 | Kuwi rak ya kepengin arep ndelok. | | | | | Andhahan O |
| | 26 | Tekane mrono karo nggawa bathok isi banyu. | | | | | Rangsangan Rs ¹¹ |
| | 27 | Sarehne sing ndeleng kuwi akeh banget, dadi nini-nini mau ya mesakake, ngesak-esuk pijer kontal, malah diusek uwong pirang-pirang, ora bisa nyedhak, lan ora bisa weruh, ning kok ya nekad wae, kadereng olehe arep weruh bledheg, diesuk wong akeh meksa ora gelem ngalah, pijer bali ndhesel ana ngarep. | <i>Menyatakan penderitaan</i> | B ⁴ | <i>aksi perantara</i> | | |
| | 28 | Saking tlatene, suwening suwe ya bisa klakon tekan ngarep cedhak caket karo krangkeng, dadi bisa weruh nyata. | | | | | Asil saking B ⁴ |
| | 29 | Ning kocapa jebule ora mung kepengin bisa weruh wae. | | | | | Rangsangan Rs ¹¹ |
| | 30 | Basan wis cedhak, ora kanyana-nyana, jebul banyu sing ana bathok banjur disiratake neng krangkeng. Gleger, dheeer, mengkono suwara sing keprungu seru banget. | <i>Menyelamatkan penjahat yang dihukum</i> | Rs ¹¹ | <i>aksi pembantu</i> | | Boten dipunsamek-takaken Propp |

Tabel salajengipun

| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) | (7) | (8) |
|-----|-----|--|---|----------------------|-----------------------|-----|-------------------------------------|
| | 31 | Wong-wong pirang-pirang ora weruh nalare, weruh-weruh krangkeng wesi banjur mbledhos dadi sawalang-walang. | <i>Peristiwa penghubung</i> | B | <i>aksi perantara</i> | | |
| | 32 | Bledheg sing dikunjara wis ilang bali menyang asale. | <i>Terlepas dari tawanan</i> <i>Kepulangan</i> | K ¹⁰ ↓ | <i>aksi pembantu</i> | | |
| | 33 | Sing ndelok kono pating jlerit bingung bilulungan. | <i>Menyatakan penderitaan</i> | B ⁴ | <i>aksi perantara</i> | | |
| | 34 | Akeh uga sing ketaton lan kasangsaran. | | | | | Ukara pangiyat B ⁴ |
| 7. | 35 | Lha ngertia cah, nini-nini sing tak kandhakake arep melu ndelok kuwi mau, sejatine Nyai Bledheg, bojone Kyai Bledheg sing dicekel Ki Ageng Sela. | <i>Penyingkapan (tabir)</i> | Ex | | | |
| | 36 | Dadi tekane mrono mau mula arep nulung kyaine supaya bisa luar saka krangkeng. | | | | | Ukara andhahan Ex |
| | 37 | Carane nganggo disirati banyu, sebab bledheg kuwi uripe uga ana ing banyu, ning ora banyu kali utawa segara, banyune banyu ngawang-awang, ya kuwi sing diarani udan. | | | | | Ukara andhahan Ex |
| | 38 | Hara nek ketiga kae sarehne ora ana udan rak ya ora ana bledheg. | | | | | <i>Komunikasi dening panganggit</i> |
| | 39 | Bledheg ngalih nyang tanah utawa negara liya sing ana udan. | | | | | <i>Komunikasi dening panganggit</i> |

Tabel salajengipun

| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) | (7) | (8) |
|-----|-----|---|--------------------------|------------|-----|---------------|---------------------------------------|
| 8. | 40 | Lha mengkonono dongenge Ki Ageng Sela olehe nyekel bledheg. | | | | | Panutup paraga Ki Ageng Sela |
| | 41 | Banjur kepriye kahanane ing Demak mau. | | | | | Kahanan |
| | 42 | Aku mau kandha yen Kanjeng sultan dhawuh, supaya bledhege digambar. | <i>Perintah</i> | γ^2 | | | |
| | 43 | Ya uga wis ditandangi, nanging durung rampung bledhege wis ucul, dadi gambare ya durung dadi. | <i>Perintah dipatuhi</i> | δ^2 | | Juru sungging | |
| | 44 | Sing wis bisa digambar ya lagi endhase karo nggon gulu sethithik. | | | | | Asil saking δ^2 |
| | 45 | Lha gambar kuwi ya meksa ditemplekke ing gebyoge mesjid Demak. | | | | | Ukara andhahan asil saking δ^2 |
| | 46 | Seprene yen wong kepingin ndeleng ya bisa mbuktekake ana mesjid Demak. | | | | | Bukti ingkang nyata saking cariyos |
| 9. | 47 | Sateruse kepriye lelakone Kyai Bledheg. | | | | | Ukara panggayut |
| | 48 | Nalika semana Bledheg kuwi njur kanji, wedi banget karo Ki Ageng Sela dalah saturun-turune. | | | | | Asil saking E |

Tabel salajengipun

| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) | (6) | (7) | (8) |
|-----|-----|--|--|--------------------|-----|-----|---|
| | 49 | Mulane seprene, yen pinuju mendhung utawa grimis, banjur ana cleret mak byar, wong-wong banjur padha nyebut, ngucapake mangkene: “I Gandrik, putrane Ki Ageng Sela.” | <i>Mantra agar terlepas dari mangsa penjahat</i> | Rs ^{viii} | | | <i>Fungsi turunan terlepas dari mangsa penjahat</i> |
| | 50 | Nek wong wis bisa ngucapake mengkono kuwi, mesthi slamet ora disamber bledheg, jalaran bledhege wedi, wong sing ngucapake mau diarani anake Ki Ageng Sela. | | | | | Ukara pangi-yat Rs ^{viii} |

Katrangan:

P : *Paragraf*

D : *Data*

F : *Fungsi*

L : *Lambang*

LT : *Lingkungan Tindakan*

CNP : *Cara Nepangaken Paraga*

DAFTAR FUNGSI PELAKU ENGGAL

| No. | Istilah | Indonesia | Lambang |
|-----|----------------|---|-----------------|
| 1. | Absentation | Ketiadaan | β |
| | | Kepergian saudara yang lebih tua | β^1 |
| | | Kematian orangtua | β^2 |
| | | Kepergian saudara yang lebih muda | β^3 |
| 2. | Interdiction | Larangan | γ |
| | | Pesan | γ^1 |
| | | Perintah/titah | γ^2 |
| 3. | Violation | Pelanggaran | δ |
| | | Pesan diingkari | δ^1 |
| | | Perintah dipatuhi | δ^2 |
| 4. | Reconnaissance | Pengintaian | ε |
| | | Penjahat mengintai pahlawan | ε^1 |
| | | Pahlawan mengintai penjahat | ε^2 |
| | | Pengintaian oleh orang lain | ε^3 |
| 5. | Delivery | Penyampaian (informasi) | ζ |
| | | Penjahat mendapat keterangan tentang pahlawan | ζ^1 |
| | | Pahlawan mendapat keterangan tentang penjahat | ζ^2 |
| | | <i>Pahlawan menggunakan kesaktian untuk mendapat keterangan tentang penjahat</i> | ζ^{ii} |
| | | Paksaan penjahat | ζ^3 |

| | | | |
|--|------------------|---|-----------------|
| 6. | Fraud | Penipuan (tipu daya) | η |
| | | Muslihat penjahat | η^1 |
| | | Penggunaan alat sakti oleh penjahat | η^2 |
| | | Bentuk penipuan yang lain | η^3 |
| 7. | Complicity | Keterlibatan | θ |
| | | Reaksi pahlawan terhadap muslihat penjahat | θ^1 |
| | | Pahlawan terkena sihir | θ^2 |
| | | Pahlawan terpengaruh tipu muslihat penjahat | θ^3 |
| 8. | Villainy | Kejahatan | A |
| | | Kejahatan diikuti perselisihan | A* |
| | | Menculik | A ¹ |
| | | Merampas alat sakti | A ² |
| | | Menangkap pembantu sihir secara paksa | A ⁱⁱ |
| | | Memusnahkan tanaman | A ³ |
| | | Mencuri cahaya siang | A ⁴ |
| | | Merompak dalam berbagai bentuk | A ⁵ |
| | | Mencatitkan anggota | A ⁶ |
| | | Menyebabkan pelenyapan | A ⁷ |
| Pengantin perempuan dilupakan | A ^{vii} | | |
| Menuntut supaya sesuatu diberi/curi/rampas/culik | A ⁸ | | |
| Membuang daerah | A ⁹ | | |
| Membuang pahlawan/orang lain ke laut | A ¹⁰ | | |

| | | | |
|-----|---|--|-------------------|
| | | Menyumpahi seseorang agar berubah sifat | A ¹¹ |
| | | Menukarkan suatu benda dengan yang palsu | A ¹² |
| | | Memerintahkan pembunuhan | A ¹³ |
| | | Membunuh | A ¹⁴ |
| | | Memenjarakan/menawan | A ¹⁵ |
| | | Menggugat kawin paksa | A ¹⁶ |
| | | Menggugat kawin paksa dengan saudara sendiri | A ^{xvi} |
| | | Menggugat untuk melakukan <i>cannibalism</i> | A ¹⁷ |
| | | Menggugat untuk melakukan <i>cannibalism</i> kepada saudara-tiri | A ^{xvii} |
| | | Mengganggu diwaktu malam (<i>vampirism</i>) | A ¹⁸ |
| | | Memancing peperangan | A ¹⁹ |
| 8a. | Lack | Kekurangan (kebutuhan) | a |
| | | Ketiadaan istri/seorang individu | a ¹ |
| | | Ketiadaan pembantu/alat sakti | a ² |
| | | Ketiadaan objek-objek ajaib | a ³ |
| | | Ketiadaan cinta | a ⁴ |
| | | Ketiadaan uang/sumber kehidupan | a ⁵ |
| | | Kekurangan lainnya | a ⁶ |
| 9. | Mediation, the connective Incident | Perantaraan, peristiwa penghubung | B |
| | | Meminta tolong | B ¹ |
| | | Meminta pahlawan mencari/mengambil sesuatu | B ² |

| | | | |
|-----|---------------------------------|---|-----------------|
| | | Melepaskan | B ³ |
| | | Menyatakan penderitaan | B ⁴ |
| | | Membawa pahlawan yang dibuang | B ⁵ |
| | | Menyelamatkan pahlawan yang dihukum | B ⁶ |
| | | Menyanyi/merayu | B ⁷ |
| 10. | Begining counteraction | Penetralan (tindakan) dimulai | C |
| 11. | Departure | Keberangkatan (kepergian) | ↑ |
| 12. | The first function of the donor | Fungsi pertama donor (pemberi) | D |
| | | Ujian kepada pahlawan | D ¹ |
| | | Ucapan salam/pertanyaan/sapaan | D ² |
| | | Memohon mengerjakan sesuatu setelah pemohon meninggal | D* |
| | | Tawanan meminta dilepaskan | *D ⁴ |
| | | Memohon belas kasih | D ⁵ |
| | | Memohon pembagian | D ⁶ |
| | | Pertengkaran tanpa menyatakan permohonan pembagian | d ⁶ |
| | | Permintaan lain | D ⁷ |
| | | Permintaan lain, peminta dalam keadaan tak berdaya | *D ⁷ |
| | | Percobaan membunuh | D ⁸ |
| | | Pertarungan dengan donor | D ⁹ |
| | | Penawaran alat sakti sebagai ganti | D ¹⁰ |
| 13. | The hero's reaction | Reaksi pahlawan | E |
| | | Mengalami penderitaan | E ¹ |

| | | | |
|-----|---|--|-----------------------------|
| | | Tanggapan baik | E ² |
| | | Membuat jasa bagi orang yang telah mati | E ³ |
| | | Membebaskan tawanan | E ⁴ |
| | | Memberi belas kasih kepada pemohon | E ⁵ |
| | | Meleraikan orang-orang yang bertengkar | E ⁶ |
| | | Penipuan orang yang bertengkar | E ^{vi} |
| | | Melakukan suatu penghormatan, memenuhi permintaan, melakukan perbuatan murni | E ⁷ |
| | | Mengatasi percobaan pembunuhan | E ⁸ |
| | | Menang dalam pertarungan | E ⁹ |
| | | Menipu saat melakukan penukaran barang | E ¹⁰ |
| | | <i>Menangkap penjahat</i> | E¹¹ |
| 14. | Provision or receipt of a magical agent | Penerimaan unsur magis (alat sakti) | F |
| | | Alat sakti bertukar pemilik | F ¹ |
| | | Pemberian dalam bentuk barang | f ¹ |
| | | Alat sakti tidak bertukar pemilik | F neg (F-) |
| | | Reaksi pahlawan negatif menimbulkan hukuman | F contr. (F=) |
| | | Letak alat sakti diberitahu | F ² |
| | | Alat sakti disediakan | F ³ |
| | | Alat sakti dijual/beli | F ⁴ |
| | | Alat sakti telah dipesan | F ₄ ³ |
| | | Alat sakti dijumpai | F ⁵ |

| | | | |
|-----|-----------------------|---|-----------------------|
| | | Alat sakti muncul sendiri | F ⁶ |
| | | Alat sakti keluar dari bumi | F ^{vi} |
| | | Pertemuan dengan seseorang yang menawarkan kesaktiannya | F ⁶ |
| | | Alat sakti dimakan/diminum | F ⁷ |
| | | Alat sakti dirampas | F ⁸ |
| | | Alat sakti menawarkan kesaktiannya | F ⁹ |
| | | Alat sakti akan memberikan kesaktian bila diperlukan | f ⁹ |
| 15. | Spatial translocation | Perpindahan (tempat) | G |
| | | Pahlawan terbang diangkasa | G ¹ |
| | | Pahlawan menunggang, dibawa | G ² |
| | | <i>Penjahat dibawa</i> | Gⁱⁱ |
| | | Pahlawan dipandu | G ³ |
| | | Pahlawan ditunjukkan jalan | G ⁴ |
| | | Pahlawan menggunakan alat penghubung | G ⁵ |
| | | Pahlawan mengikuti jejak berdarah | G ⁶ |
| 16. | Struggle | Berjuang, bertarung | H |
| | | Pertarungan di padang | H ¹ |
| | | Sayembara | H ² |
| | | Permainan kartu | H ³ |
| | | Perbandingan (neraca timbang) | H ⁴ |
| 17. | Victory | Kemenangan | I |
| | | Kemenangan dalam pertarungan di medan perang | I ¹ |

| | | | |
|-----|--|---|----------------------|
| | | Pahlawan menang dan yang lain bersembunyi | *I ¹ |
| | | Kemenangan dalam peraduan | I ² |
| | | Kemenangan dalam perjudian | I ³ |
| | | Kemenangan dalam perbandingan | I ⁴ |
| | | Membunuh penjahat tanpa bertarung | I ⁵ |
| | | Penjahat dibuang | I ⁶ |
| | | <i>Kemenangan dalam perjanjian</i> | I⁷ |
| | | <i>Menang tanpa bertarung</i> | I⁸ |
| 18. | Marking | Penandaan | J |
| | | Tanda diletakkan pada anggota | J ¹ |
| | | Pemberian cincin atau sapu tangan | J ² |
| 19. | The initial misfortune or lack is liquidated | Kekurangan (kebutuhan) terpenuhi | K |
| | | Pemilik alat sakti mengabaikan muslihat atau paksaan | K ¹ |
| | | Pemilik alat sakti berjaya dengan bantuan beberapa pembantu | K ² |
| | | Pemilik alat sakti berjaya menggunakan umpan | K ³ |
| | | Penghapusan penderitaan akibat tindakan masa lalu | K ⁴ |
| | | Penghapusan penderitaan merata dengan alat sakti | K ⁵ |
| | | Kemiskinan diatasi dengan alat sakti | K ⁶ |
| | | Objek yang dicari telah didapat | K ⁷ |
| | | Sumpah dihapuskan | K ⁸ |
| | | Yang pingsan/mati dipulihkan | K ⁹ |
| | | Menghidupkan kembali dengan air suci | K ^{ix} |

| | | | |
|-----|----------------|---|--------------------------|
| | | Terlepas dari tawanan | K ¹⁰ |
| | | Penghapusan dalam bentuk F ¹ , F ² | KF |
| 20. | Return | Kepulangan (kembali) | ↓ |
| 21. | Pursuit, chase | Pengejaran, penyelidikan | Pr |
| | | Terbang di angkasa | Pr ¹ |
| | | Menuntut supaya yang bersalah diserahkan | Pr ² |
| | | Mengejar dengan menjelma menjadi binatang | Pr ³ |
| | | Mengejar dengan menjelma menjadi objek yang menggairahkan | Pr ⁴ |
| | | Percobaan memakan pahlawan | Pr ⁵ |
| | | Percobaan melenyapkan pahlawan | Pr ⁶ |
| | | Usaha mengukir pohon | Pr ⁷ |
| 22. | Rescue | Penyelamatan | Rs |
| | | Pahlawan dibawa terbang, dilarikan | Rs ¹ |
| | | Pahlawan membuang sikat, dll, di tengah jalan | Rs ² |
| | | Lari dengan menjelma menjadi bangunan | Rs ³ |
| | | Lari dengan menyembunyikan pahlawan | Rs ⁴ |
| | | Pahlawan disembunyikan tukang besi | Rs ⁵ |
| | | Pertahanan menjelma menjadi binatang, tumbuhan dan batu | Rs ⁶ |
| | | Mengatasi godaan objek yang menggairahkan | Rs ⁷ |
| | | Terlepas dari mangsa penjahat | Rs ⁸ |
| | | <i>Mantra agar terlepas dari mangsa penjahat</i> | Rs^{viii} |

| | | | |
|-----|----------------------|---|------------------------|
| | | Terlepas dari upaya pelenyapan oleh penjahat | Rs ⁹ |
| | | Melompat ke pohon lain | Rs ¹⁰ |
| | | <i>Menyelamatkan penjahat yang dihukum</i> | Rs¹¹ |
| 23. | Unrecognised arrival | Datang tak terkenal | O |
| 24. | Unfounded claims | Tuntutan yang tak mendasar | L |
| 25. | The difficult task | Tugas sulit (berat) | M |
| 26. | Solution | Penyelesaian (tugas) | N |
| | | Penyelesaian tugas sebelum masa yang ditetapkan | *N |
| 27. | Recognition | Pahlawan dikenali | Q |
| 28. | Exposure | Penyingkapan (tabir) | Ex |
| 29. | Transfigurati on | Penjelmaan | T |
| | | Sifat fisik yang baru | T ¹ |
| | | Pembinaan sebuah istana | T ² |
| | | Pakaian baru | T ³ |
| | | Menjelma menjadi bentuk yang menggelikan | T ⁴ |
| 30. | Punishment | Hukuman (bagi penjahat) | U |
| | | Penjahat atau pahlawan palsu diampuni | U- |
| 31. | Wedding | Perkawinan dan naik tahta | W* |
| | | Perkawinan | W* |
| | | Naik tahta | W |
| | | Bentuk perkawinan yang awal | W ⁺ |
| | | Janji untuk kawin | w ¹ |

Janji ditepati

w^2

Ganjaran uang atau lain-lain di akhir
cerita

w^0